# United Methodist Hymns

353 hymns · numbers 1–353

*nziyo.com*

# M'tsvene, M'tsvene, M'tsvene,

Mwari Samasimba
Tinomukumbira pamangwanani ese
M'tsvene, M'tsvene, M'tsvene,
Mune nyasha huru
Umwe vatatu pamwechetezve

M'tsvene, M'tsvene, M'tsvene
Vese vanodaro,
Vakahwararira pamberi penyu Mwari;
M'tsvene, M'tsvene, M'tsvene!
Vanomunamata,
Makange muri, munozova zve!

M'tsvene, M'tsvene, M'tsvene
Tichazomuona
Mbiri yenyu huru panyika nekudenga;
M'tsvene, M'tsvene, M'tsvene!
Muri M'tsvene chete,
Makanakisa, makachena zve!

M'tsvene, M'tsvene, M'tsvene!
Zvese zvakasikwa
Zvinokudza imi mukuru kune vese,
M'tsvene, M'tsvene, M'tsvene!
Makaruramisa,
Mwari mupenyu neMusiki zve!

# Tenzi ari muno , mumba yake tsvene

Isu vanhu tese, ngatinyararise
Tenzi tava muno mumba yenyu tsvene
Takagaririra, takanyararisa

Apo tichi muno, ngainzwiwe zvino
Mikumbiro yedu, takanyararisa;
Apo tichi muno, tinomukumbira,
Tigadziririreyi kunzwa izwi renyu.

Muparidzi wedu, ngaapiwe zvino
Mazwi anogutsa mwoyo yedu nhasi,
Apo tichi muno, tikomborereyi
Tifarisiseyi, tikwadzaniseyi.

# Zvino Tenzi taungana, ivai nesu tese

Mwoyo yedu inofara kuva pano, Tenzi
Mutinyararidze tese, muchibvisa kutya
Kuti tizosvika denga nekukudza imwi

Mutikomborerere, Mwari, muchienda nesu,
Tichifunga izwi renyu nekuridisisa;
Rudo rwaM'ponesi wedu, nyashazve dza Baba,
Rukwadzanozve rweMweya, zvive nesu zvino.

# Tenzi taungana muno mumba yenyu,

Uyanyiwo zvotapinda, Tenzi mberi kwenyu.
Iyo mwoyo yedu inomuchemera,
Neyi mweya yedu, Tenzi, inomutarira

Baba ngatizive kuti muri pano,
Ngatirizwe izwi renyu, razarurwa ndimwi.
Tigadzirirenyi, isu vanhu venyu
Kuti tafa mutipinze mune musha wenyu

# Tenzi taungana muno

Tine nyasha dzenyu nhasi
Tinouya konamata
Kudzidziswa nzira dzenyu
Tiri kuzwa zvakanaka
Tiri kuzwa zvino pano
Mwoyo yedu tazarura
Kutambira izwi renyu

Tinotanga kutsvakisa
Sezvo Biblerinotaura
Tinotenda izwi renyu
Tinokomborerwa zvino
Tinotenda zvirokwazvo
Kuti munotida kwazvo
Munotitumira zvese
Izvo zvakatinakira

Zvino tiri mumba yenyu
Nyasha dzenyu dziri dzedu
Kuipa kwedu ngakupiswe
Mwoyo yedu icheneswe

# Tauya nhasi Tenzi wedu

Tinomukumbira
Tipeyi simba kunamata
Nekufunga ndimi

Ivayi nesu Mponesi
Nguva dzese nhasi
Tinoda mwoyo yakanaka
Yakadai ngewenyu

Tipeyiwo rufaro rwenyu
Kuti tisatadze
Hatina kuda kwedu Baba
Toda kumufadza

# Baba mukuru tasongana nhasi

Kumukumbira izvo tinoshaya
Tipenyi zviro zvakatinakira
Kutisimbisa muupenyu hwedu

Ngeruchengeto tinotenda kwazvo
Tisina imwi hatingaponiba
Asi tinemwi tinopona, hunde
Tine upenyu nekusingaperi

Hatifaniri kutambirwa ndimwi
Tinomusiya nguva zhinji kwazvo
Asi ngeizwi renyu tinouya
Sevanyangadzi kuna Baba wavo

Tinozvibvuma zvakaipa zvedu
Tinozvisiya, tichimutevera
Muri Musiki wedu wakanaka
Muri Jehovha, muri Mwari wedu

# Tenzi uyai zvino pano

Tiri muno mumba yenyu
Tinobvuma zvinyangadzo
Tisunungurei Jesu

CHORUS:
Tenzi uyai zvino pano
Takamumirirai isu

Denga riri kwese kwese
Vamwe vedu vadaidzwa
Isu tachengetwa ndimwi
Ndizvo tinomuwombera

Pausiku muri pano
Munowona nzvimbo dzedu
Dima harimufukidzi
Muri Mponesi kwaye

Kuti rufo ruchiuya
Mweya yedu inotorwa
Ngatimuke nemwi Tenzi
Tichigara nemwi iyo

# Tauranyi nesu Tenzi

Mutizwise izwi renyu
Iwoneyi mwoyo yedu
Mutizwise rudo rwenyu

Tiri pano mberi kwenyu
Chitidzidzisanyi Jesu
Mutidzotse Baba Mwari
Mutibvise Pakaipa

Izwai miteuro yedu
Chitipinduranyi imwi
Dzokesanyi mwoyo yedu
Tiridise izwi renyu

Femeranyi pane avo
Vanoparidzira izwi
Kuti vazotaura mazwi
Anofadza imwi Baba

# Ishe wemasimba

Mambo wekudenga
Nhasi uyai
Timuimbire
Nekumukudza
Mambo wemwoyo
Garai nesu

Torai, Murumbwana
Chigaro cheumambo
Nhasi tongai
Mune masimba
Mumwoyo yedu
M'ponesi uyai
Garai nesu

Uyai Mweya M'tsvene
Uya Mubatsiri
Tichenesei
Isu vatadzi
Kuti timude
Sukai mumwoyo
Muchenesei

Tenzi Baba Mweya
Muri chiro chimwe
Mese erai
Tinomukudza
Makarurama
Tomunamata
Pasi pose

# Ishe woutsvene

Tinzwei isu
Zvatinopfugama
Tiropafadzwe

Nyange muri M'tsvene,
Ishe wedenga,
Munotiterera
Pakunamata.

Tichiri vaduku,
Hatina simba;
Titungamirei
Munzira yenyu.

Tidzivei pamhosva
Mazuva ose;
Yamurai isu
Tide 'mi moga.

Zvatinoshevedzwa
Nemi kudenga,
Tichazodaira:
Tauya Ishe.

# Baba zvino tinokudza

Imwi neumambo hwenyu
Muri buwe remakore
Munogara nekugara
Ruponeso rwenyu Baba
Runogara rwakadaro
Vanhu venyu vese Baba
Vanogara nemasimba

Wonai ruponeso rwenyu
Runofanza ngekukasa
Rune zvese zvakanaka
Nechitsidzo cheupenyu
Hatichazotambudziki
Hatichazoshayi chiro
Tina Mwari wakanaka
Muchengeti Mumiriri

Tinokomborerwa ndiye
Masikati neusiku
Nguva dzese ari patyo
Kuwonesa nzira yedi
Nhasi tiinomukumbira
Mazwi akanaka kwazvo
Tinomupa rukudziso
Uyo ane simba rese

# Baba wedu tinoimba

Mwakasika denga
Zviro zvese zviri pasi
Zvakasikwa ndimwi
Zviro zvese zviri pasi
Zvakasikwa ndimwi

Imwi mune nyasha huru
Mwakatipa Jesu
Kuti atisunungure
Pane zvakaipa
Kuti atisunungure
Pane zvakaipa

Mwari muri zvirokwazvo
Mwakakunda mhandu
Ngavaimbe kune imwi
Vanhu vari pasi
Ngavaimbe kune imwi
Vanhu vari pasi

Ingirosi dzinoimba
Rukudziso rwenyu
Nesu tinomuimbira
Ndwiyo nguva dzese
Nesu tinomuimbira
Ndwiyo nguva dzese

# Baba wedu tinofara

Kuva pano nyamusi
Mumba yenyu nzvimbo tsvene
Kumukudza Mambo wedu
Zviro zvese zvakanaka
Zvinopiwa kunesu
Kuti tese timudise
Nekufara zvikuru

Mangwanani neusiku
Tinomupa zvitendo
Ngezvekudya nezvekunwa
Nemachira akanaka
Misi yese tinotenda
Ngekudzidza zvizhinji
Neupandu hwakupera
Tese takomborerwa

Tinokoya ndimwi Jesu
Hamusakambotadza
Hamusakatitadzira
Nguva dzese munotendwa
Muri idi muri nzira
Munovakomborera
Vese avo vanomuda
Nekumuteerera

Ndizvo tinomukumbira
Kuti tisandurenyi
Tide zviro zvakanaka
Nekuvenga zvakaipa
Baba M'tsvene tinodisa
Mwoyo yakafanira
Rudo rwenyu rwakanaka
Urwo rwakatifira

# Isu vanhu tiri pasi, toimbira Mwari

Tochimbidza ngerutendo, to'ya nerufaro
Ngatikudze ngatikudze ngatikudzeMwari
Tochimbidza ngerutendo to'ya nerufaro

Tinoziva kuti Mwari ndiyewo mufudzi
Isu tiri hwai dzake, anotipa kudya
Ngatikudze ngatikudze ngatikudze
Mwari Isu tiri hwai dzake, anotipa kudya

Ngatipinde mune danga, tiswendere patyo
Tosimudza mazwi ayo anokudza Mwari
Ngatikudze ngatikudze ngatikudze Mwari
Tosimudza mazwi ayo anokudza Mwari

Mwari ndiye wakanaka, tsitsi dzake huru
Rudo nechokwadi zvake, zvinotishamisa
Ngatikudze ngatikudze ngatikudze Mwari
Rudo nechokwadi zvake, zvinotishamisa

# Uyai Mweya wangu nhasi

Uimbire kuna Mwari
Ndiye Mponesi wako
Wakanaka kuimbirwa

Anogara kumusoro
Akashonga mbiri basi
Nenyeredzi dzinopenya
Kujekesa mbiri yake

Mwari ane zano rese
Nemasimba ese ese
Ekuita zviro zvese
Basa rake guru kwazvo

Imba, mweya wangu zvino
Rutunhidzo rwaJehovha
Nerurimi rwangu ita
Rukudziso kuna Mwari

# Uyai ngatiimbe rwiyo

Ngatiimbire Jehova
Nevatsvene vekudenga
Pamwe nevepasi
Imbaivo zvikomborero
KuMusiki wedu tese

Mwoyo yedu inopisa
Ngerufaro kunai ye
Tina Baba wakadai
Ane tsitsi nesimba
Ane rudo nechisepe
Nzira dzake dzakanaka

Wakasika mweya yedu
Nemiviri yedu tese
Takapihwa ndiye Mwari
Tiri mbiri yake pano
Mwari ngaakudzwe kwazvo
Basa rake rakanaka

# Ngatiimbe nengirosi

Dziri mberi kwake
Ndimi dzadzo dziri zhinji
Ngatifare pamwe

Wakanaka ndiJehovha
Wakatuma Jesu
Kuponesa vanhu vese
Vari pasi pano

Wakanaka Mponesi
Kugashira vese
Rudo nerukomborero
Zviri zvake iye

Zviro zvakasikwa ndiye
Zvinokudza iye
Pamwe nemarudzi ese
Ari nyika dzese

## Tizwe mbira dzekudenga

Mazwi neminanzi zvese
Zviri zana remazana
Zvinokudza Mwari wedu
Hunde, ndiye Mambo wevamambo
Hunde, Tenzi wevatenzi vese
Iye haasakasikwa
Haachazogumiba

Rukudziso kuna Mwari
Ngatimuremedze Baba
Ngatiimbe, Haleluya
Ndiye wakasika vanhu
Hunde, vadzimambo mukudzenyi
Hunde, pasi pese mugashirei
Vese, pasi nekudenga
Womberanyi Mwari zve

Haleluya, Haleluya!
Ngazvizike kure kure,
Zviro zvesezvakasikwa
Ngazvikudze Mwari wazvo
Hunde, neumambo ngahufanze,
Hunde, kune nzvimbo dzese dzese
Vanhu vese pasi pano
Ngavamuremedze zve

Pfuma dzedu tinodzipa
Kuna Mwari Baba wedu,
Uyo anowona zvese
Ndiye anotichengeta
Hunde, tinotenda Kristu Tenzi
Hunde, tinomubatira basa
Hunde, tinomusandira
Nekusingaperi zve

# Kudzai Jehovha Mwari ane simba

Anofarisa mwoyo yedu yese
Anosimbisa vese vanorwara,
Anoponesa vakativa vese

Kudzai Jehovha, Tenzi ane nyasha
Wakaitira tsitsi kune vese
Wakatisunungura kuipa kwedu
Wakatumira Murumbwana wake

Kudzai Jehovha, tinokomborerwa
Tinotambira zvipo zvakanaka
Tinozorora pamavoko ake,
Tine rufaro nerukudzo rwake

Kudzai Jehovha, Mwari Tenzi wedu
Wakatipira mwana wake, Jesu,
Kudzai Mponesi wakafira wese,
NeMweya M'tvene ngaakudzwe naye

# Ipayi zvitendo kuna Tenzi

Ane nyasha dzinogara narini
Ipayi zvitendo kuna Mwari
Ane nyasha dzinogara narini

Ipanyi zvitendo kuna Tenzi wevatenzi
Ane nyasha dzinogara narini
Ndiye ega anoita zvishamiso zvikuru
Ane nyasha dzinogara narini

Uyo wakasika denga nezano
Ane nyasha dzinogara narini
Ndiye wakasika pasi nezvese zviripo
Ane nyasha dzinogara narini

Uyo wakaticherechedza
Ane nyasha dzinogara narini
Ndiye wasika zuva nemwedzi nenyeredzi
Ane nyasha dzinogara narini

Uyo wakaticherechedza
Ane nyasha dzinogara narini
Ipayi zvitendo kuna Mwari wedenga
Ane nyasha dzinogara narini. Amen

# Toimba nyamusi ngezvikomborero

Kumupi wezvese, Musiki wevese
Nyamusi tatenda kunemwi kunemwi,
O Baba Mutongi wevese, Musiki wevese

Todisa Jehovha, mukuru wevese
Mutongi wenyanza, Musiki wezvese
Tomuda zvikuru Muunzi wemvura
Muiti wemheni Musiki wezvese

Tinoda kuwona kudenga kutsvene
Mubati wezuva Musiki wezvese
Kudenga kutsvene kumusha kwaMwari
Kunzvimbo yeMweya, kunyika yaJesu

# Jesu Kristu anotida

Ngatimukudzei Kristu
Ishe zvivi zvedu zvakabviswa
Ngatimukudzei Kristu Ishe

Zita rake rine simba
Ngatimukudzei Kristu Ishe
Rokukunda nokunatsa
Ngatimukudzei Kristu Ishe

Anotipa upenyu hwake
Ngatimukudzei Kristu Ishe
Tizadzwe nesimba rake
Ngatimukudzei Kristu She.

# Mbiri kuna Baba neMurumbwana

NekuMweya M'tsvene
Zvakadaro pakutanga
Nazvino zvakadaro
Narini Amen, Amen

# Baba, munopiwa mbiri ngemabasa enyu

Zuva pasi nenyeredzi zvinomupa mbiri
Nemakomo nemikana zvinomutunhidza
Shiri dzese dzemudenga dzinomuimbira

Zvinhu zvese zvakanaka zvinokudza imi,
Nemaruva emusango anomuwonesa;
Minda, miti, zviyo, zvese zvinomupa mbiri,
Vanhu vese vakanaka vanomutunhidza.

Asi munhu ndiye m'kuru kune zvakasikwa
Wakakomborerwa kwazvo anotonga zvese;
Ndizvo zvakatifanira kuremedza Baba,
Uyo wakatisikira zvinhu zvakanaka.

M'tsvene imi wekudenga, M'tsvene Mweya M'tsvene,
Ruremedzo ruri rwenyu nekusingaperi;
Rukudziso kune imi. O Mukuru kwazvo,
Tinofara kumukudza Mwari M'tsvene wedi.

Mwoyo yedu inozadzwa nemi Mweya M'tsvene
Tinotenda imi, Baba, kuti munotida
Imi mune kuda kwenyu kunopinda kwedu
Nekuziva izvo zvinhu zvakatinakira

# Ndinoshamiswa kwazvo

Namabasa makuru
Akaitiwa nemi
Ose anorumbidza
Ukuru hwenyu Mwari
Hunoshamisa kwazvo

Kana ndarangarira
Mabasa okudenga
Kana ndarangarira
Mabasa epanyika
Inobuda misodzi
Kana ndafunga imi

Mwari vatatumumwe
Itai tikudei Nokuti makatida
Makazotipa Jesu
Matipa Mweya wenyu
Wokutisimbaradza

Rumbidza iwe denga
Rumbidza iwe nyika
Rumbidza iwe gungwa
Nesu ngatirumbidze
Uyu Musiki wedu
Ane rudo rukuru

# Mbiri kuna'She, Tokudza

Wakatuma Jesu, Tokudza
Kuzotiponesa, Tokudza
Mbiri kuna'She, Tokudza

Ngatimurumbidze, Tokudza
Imwi vanhu mose, Tokudza
Mbiri kuna'She, Tokudza

Uyai tinamate, Tokudza
Mwari wakanaka, Tokudza
Mbiri kuna'She, Tokudza

Anotipa zvose, Tokudza
Zvakatinakira, Tokudza
Mbiri kuna'She, Tokudza

Ipai zvikudzo, Tokudza
Kuna Mwari wedu, Tokudza
Mbiri kuna'She, Tokudza

Vakomana woye, Tokudza
Vasikana woye, Tokudza
Mbiri kuna'She, Tokudza

Vanamai woye, Tokudza
Vanababa woye, Tokudza
Mbiri kuna'She, Tokudza
Mbiri kuna'She, Tokudza

# Mbiri kuna Mwari nezva'kaita

Wakada pasi, wakapa Murumbwana
Wakafira izvo zvitema zvedu
Wazarura m'suwo tipinde tese

CHORUS:
Kudzayi M'ponesi, pasi ngarinzwe
Kudzayi M'ponesi vanhu ngavafare
Uyai kuna Baba neMurumbwana
Mupeyi mbiri nezvaakaita

Ruponesso rwatengwa neropa
Chitsidzo chaMwari kuvadaviri
M'nyangadzi mukuru anodaira
Jesu anosunungura ipapo

Zvikuru waita wazvidzikisira
Tofara zvikuru naye M'rumbwana
Asi kushama nekufamba kwedu
Kunokura apo taona Jesu

# Mbiri kunemwi, Musiki wedenga nepasi

Ngatimukudze zvamuri upenyu kwatiri
Mwese inzwai, Musiki wedu mukoki
Ndiye rufaro rwevese

Mbiri kunemi Mutongi, O Mambo wezvese,
Mufukatiri kwamuri mumadambudziko.
Mese ziwai; ndiye mukotsveri wenyu,
Hakuna umwe saiye.

Mbiri kunemi, O Musimbaradzi kuvanhu,
Tsitsi nerudo ndezvake mazuva nemazuva.
Fungaizve nesimba guru raMwari.
Nerudo rwake kunesu.

Mbiri kunemi, O tese ngatipfugamire,
Hwese hupenyu huyai mupe Mwari rukudzo.
Haleluya; ngatiruimbe narini,
Tiwirikidze weMbiri.

# Pasi pese nematenga

Zvakasikwa ndiJehova
Anoda kuti vana vose
Tive vanofara
Ndichiri pasi pano
Ndinofara zvirokwazvo
Kuona zvose zvakasikwa
Ndi'She samasimba

Pasi pese nematenga
Zvakasikwa naJehova
Neshiri dzose dzinoimba
Zvishamiso zvake.
Ndichiri pasi pano
Ndinofara zvirokwazvo
Kuona zvose zvakasikwa
Na'She samasimba.

Pasi pese nematenga
Zvakasikwa naJehova.
Ini handichazomukangwanwi
Muchengeti wangu,
Ndichiri pasi pano
Ndinofara zvirokwazvo;
Jehova akasika vanhu
Na'She wekudenga.

# Jesu Tenzi weSabata

Nhasi musi wenyu
Inzwai kukumbira kwedu
Tiri mberi kwenyu

Tinokudza, tinotenda,
Iri basa renyu,
Rakanaka basa renyu,
Tenzi, Mwari wedu.

Asi teererai, Tenzi,
Kukumbira kwedu,
Ngaigadzirirwe nhasi,
Iyi mwoyo yedu.

Timutsei, tinamate,
Isu vanhu venyu,
Timutsvake, Mwari wedu,
Pachigaro chenyu.

# Mangwanani ese ese

Tinomutswa ndi'She
Tichipiwa zvipo zvitsva
Simba, pfungwa, rudo.

Tinopiwa nyasha itsva
Naiye Samasimba
Tichisunungurwa kubva
Muzvitadzo zvedu.

Zuva idzva rinobuda
Neshamwari itsva,
Nemaziso edu aya
Anoona zvitsva.

Basa redu nguva dzose
Ndere kunamata
Rinotiswededza padyo
NaJehova Mambo.

Mwari Baba mune rudo,
Tipei pfungwa itsva
Tive vatsva muzviito,
Tive padyo nemi.

# Zuva raakudoka zvino

Mwari wati, 'Zororai.'
Ngatiimbei dzamarara
Mwedzi unovhenekera
Pausiku

CHORUS:
M'tsvene M'tsvene M'tsvene,
Mwari Musiki
Denga rakazara ndimwi
Pasi riri kumukudza

Denga rakanaka kwazvo,
Nenyeredzi dzinojeka,
Dzinotaura mbiri yenyu
Zvese zvinomuremedza,
Samasimba.

Tenzi wehupenyu hwedu,
Unganidzai isu tese
Kune rudo rwenyu, Mwari,
Kune musha wenyu, Baba,
Pakudenga.

Zvinhu zvese zvichapera,
Zuva, mwedzi nenyeredzi,
Asi ngatimuke nemi,
Musi wekumutswa kwedu,
Tiponeswe

# Mbiri kuna Mwari zvino

Nezvikomborerero nhasi
Ndikotseyi Mambo wangu
Pausiku hwese uhwu

Ndidzidziseiwo kugara
Kuti ndisazotya rufo.
Ndidzidziseiwo kuedza
Kubatsira vese vanhu.

Mundisunungure kuipa
Kwandaita kwamuri,
Zvino kuti ndikarara
Ndipeyiwo ruzororo.

Mwari, ndipeyiwo hope
Dzakanaka kwazvo zvino,
Mundimutse mangwanani
Ndiine simba kwazvo.

# Zvino kwakuparadzana

Chisarai imi mese
Mwari amukotse mese
Nekumupa nyasha dzake

Zvino, Tenzi, tinotenda
Matikomborera muno,
Tinoenda tine simba,
Tinofara nemi zvino.

Zvino taakubuda muno,
Fambai nesu kwese kwese,
Garai nesu nguva dzese,
Simbisayi vanhu venyu.

Ngatifambe mukunaka,
Ngatiite vanhu kwavo,
Tiri umwe kuna Kristu,
Mwari ndiye Baba wedu.

Izwi renyu raparidzwa
Ratigutsa zvakakwana,
Idi renyu tagashira,
Tinoedza zvorarewa.

Tinokudza imi, Tenzi,
Nzeve dzedu dzanzwa, Baba
Taburirwa izwi renyu,
Toda mwoyo inokotsa.

Tinotenda, Mwari Baba,
Muri Mudzidzisi wedu,
Tinomutewera nhasi
Nemazuva anouya.

# 'She wedenga ave nemiwo

Amuperekedze kwose
Agomuchengeta pose
Ave nemi tiwonanezve

She wedenga ave nemi wo
Muchengetwe zvakanaka
Muchiwana zvakakwana
Ave nemi tiwonanezve

She wedenga ave nemi wo
Kana rima ratiwira
Tifukidzwe nerutendo
Ave nemi tiwonanezve

She wedenga ave nemi wo
Amumbundikire chose
Amukundise murufu
Ave nemi tiwonanezve.

## Baba muri rudo, munotida tese

Muri mwakaruramisa kune vanhu vese
Munotipa zuva nerutonhorero
Neusiku hunouya kuti tizorore

Munotichengeta kuti takarara,
Muchinatsa kutimutsa mangwanani ese;
Nedzi pfuma dzedu tinopiwa nemi,
Hatingadziwani, kwete, tisapiwa nemi.

Makatuma Jesu, murumbwana wenyu,
Kuti atisunungure pakusungwa kwedu;
Baba mune rudo, muri kwese kwese,
Muri muchengeti wedu, munokotsa tese.

# Kumutondera Baba Mwari

Nebasa rake rese
Rakaitiwa pasi pano
Rinoshamisa vanhu

Asi vatendi vanofara
Kuva nemazwi ake,
Nekutaura kuna iye
Neizvo zvavanoda.

Jesu rufaro rwedu tese,
Neruponeso rwedu;
Tinozodini tisinaye,
Tingaponeswe seyi?

Mwari mukuru kune vese,
Pasi nedenga rese,
Tiri vaduku kuna iye,
Tiri zvisikwa zvake.

# O Mwari muri zuva rangu

Munodziisa mwoyo yese
Munonakisa vanhu venyu
Munokurisa mweya yavo

Takafanira kumukudza
Nekutisika makaita
Mukakohomedzesa kuti,
"Mokomborerwa zvirokwazvo."

Kunemi dima hakuchina,
Kune kupenya chete, Baba,
Isu toganza nemi chete,
Kutiponesa misi yese.

Wonai varombo kwese kwese,
Ngavapfumiswe nemi, Baba,
Ne vanorwara ngavarapwe
Ne mwoyo yese inoneta.

Ivai Jehova wangu, Baba
Fambai panzira dzangu dzese,
Nepausiku garai neni
Kuti ndisatye kufa kwangu.

## Jehovha anotipa chisepe misi yese

Ngekutisunungura mutsembwe dzasatani
Zvotanga takasungwa ndizvozvo tinotenda
Chisepe chenyu Baba ndiJesu Kristu Tenzi

Jehova ndimufudzi wevanhu vakanaka;
Mufudzi waDavidi, muimbi wakanaka;
Davidi, mwoyo wake, waida Mwari wake,
Sehwai inofudzwa, nemuchengeti wayo.

Chisepe chenyu, Baba, kuvanhu pasi pese,
O Mwari, ngachiwande mumwoyo yaponeswa
Dakara vanhu vese vazive muri M'fudzi
Weavo vanodisa kogara nemi iyo.

# Jehova ngaakudzwe ngevanhu vese kwese

Ngekuti wakanaka ngekuti anotida
Jehova anotonga kufamba kwenyeredzi
Nezvese zvekudenga ngekuti ane simba

Jehova anodisa zvisikwa zvese,
Anoda kuti vanhu vamude zvirokwazvo;
Jehova anodisa vatendi kwese kwese,
Nekuvakomborera muzvinhu zvakanaka.

Jehova haafare kuwona vanhu vake
Vagere mune rima, kupinda chiedza
Jehova ane mwoyo wetsitsi kune vese,
Haadi kuti umwe araswe kune rufo.

Ndizvozvo wakatuma M'ponesi pasi pano,
Kusunungura avo vanoda kupinduka;
Ndizvozvo ngatimude, tikudze zita rake,
Jehova Baba wedu, neMuchengeti wedu.

# Jehova wedu wakanaka, ari kwese kwese

Chisepe chake chakanaka, chiri kune vese

Jehova ndiye Mwari wedu, kunayisa mvura,
Nekuchengeta zvinhu zvese, pasi nekudenga.

Jehova wedu Samasimba anoziva zvese,
Chigaro chake pakudenga, anotonga zvese.

Jehova wedu tinomuda, tinomushandira;
Hukuru hwake hunopinda kutondera kwedu.

Jehova wedu wakanaka, wakatitondera;
Akapa murumbwana wake kuva Muponesi.

Humambo hwake hwemumwoyo hune simba rese,
Kurapa vese vane hosha dzekutadza kwavo.

Jehova ari kudaidza vanyangadzi vese,
Vatendi vanokomborerwa, vanomutevera.

## Kare vanhu venyu, Mwari vakatambudziwa

Asi makavaponesa ngemasimba enyu

CHORUS:
Mwari mukuru, Mwari mukuru
Baba wedu tese

Vakayiswa mutirongo, vamwe mumajoti,
Makavaburitsa imi makavachengeta.

Vakadzingwa nemumisha, vakatukwa ivo,
Asi makavafadzisa, vakamuda imi.

Vamwe vakarohwa kwazvo, vakasekwa ivo,
Asi imi, Mwari Baba, makavasimbisa.

# Jehovha mufudzi wangu

Handichazoshayiba
Ndiye anondiradzika
Pane mafuro ake

Ndiye anondinyaradza
Nekunditungamira
Munzira dzakarurama
Muzita rake, Tenzi.

Handichatyi chinyangadzo;
Nhambwe* dzose aneni,
Ndiye achandinyaradza
Nemudondoro wake.

Anogadzira tafura
Mberi kwemhandu dzangu.
Ndizvozvo mukombe wangu
Wazara nemafuta.

Idi, runako nenyasha
Zvichazonditevera.
Ndichazogara mudenga
Nekusingazoperi.

# Mwari Ishe zvandinofungidzira

Panyika dzose dzamakasika
Ndonzwa dutu ndinowona nyenyedzi
Simba renyu raratidzwa kwose

CHORUS:
Ndichaimba M'ponesi 'She wangu
Muri m'kuru muri m'kuru
Ndichaimba M'ponesi 'She wangu
Muri m'kuru muri Mmkuru

Zvondofamba mudondo ramapani,
Ndonzwa shiri dzoimba mumiti;
Ndichiona kubva pagomo refu,
Ndonzwa mvura nokutonhorera.

Zvandofunga zvatakapirwa naye,
Nokufa kwake, ndinozadziswa;
Pam'chinjikwa wanzwa kurema kwangu;
Neropa wafira zvivi zvangu.

Kristu, achidzokera nokukunda,
Wanditora ndichafadzwa sei;
Ndichakudza nokukotama hangu,
Ndoparidza Ishe uri mukuru.

# Jehovha M'ponesi Mwari mutsvene

Musiki wevanhu, tinomukudza
Muri Samasimba, Mambo wedenga
Tinohwararira pamberi penyu

Jehova, M'ponesi, Mwari Mutsvene,
Munopa hupenyu kune zvisikwa,
Munotifemera Mweya Mutsvene;
Ndizvozvo, Jehova, tinomunamata.

Jehova, M'ponesi, Mwari Mutsvene,
Muri Mununuri wevakasungwa.
Munosunungura vose vabatwa.
Mabasa aMwari anoshamisa.

Jehova, M'ponesi, Mwari Mutsvene,
Mugari narini, tinomukudza.
Mubati webasa rinoshamisa.
Marudzi epasi, O Kurumbidzai.

# Mwari mubatsiri wedu

Dakara nazvino
Mudziwiriri munhamo
Nebanza narini

Pasi pechigaro chenyu
Vanhu vakakotswa,
Mawoko enyu esimba
Anotidziwirira.

Zvese zvisati zvasikwa
Makomo nepasi;
Imi makange muripo
Mugari narini.

Kunemi misi mizhinji
Inonga kanguva,
Senguva yemangwanani
Kusati kwayedza.

Nhambwe dzinomburumbuka,
Nemisi yese zve;
Zvinokanganika zvese
Sekurota hope.

Mwari, Mubatsiri wedu,
Dakara na zvino,
Mudziwiriri munhamo
Nebanza narini.

# Boka ravanana vaShe

Rinogara zvakanaka ,
Kune shiri mudendere,
Nenyeredzi pakudenga.

Ishe anovaisa
Pamafuro ebumhudza
Vanobatwa nohunyoro
Vari mumawoko ake.

Kana nhamo nerufaro
Zvichigona kuvabvisa
Mumawoko eMufudzi
Anoziva madzingiro.

Asingadzirase nzvidya
Anotiwanira tose
Zvokufuka nezvokudya,
Anofadza vanochema.

Vanoramba vari Baba
Vanotipa nokutora.
Bva vanoda pana zvose
Kuvanatsa vana vavo.

# Totenda Baba

Nemwoyo yedu yose
Ngavakazvi'ta
Zvikatyamadzo zvose
Vakatinatsa
Mu'penyu hwose
Vanotifadza
Nenyasha dzose

Wedenga uyo
Agere nesu tose,
Achingotipa
Rugare misi yose;
Parwendo rwedu
Atifambise;
Pamadambudzo
Atichengete!

Tinorumbidza
Wedenga, Baba vedu!
Muzvare, uye
Muperekedzi wedu;
Mwari mumwe chete
Watinokudza;
Ushe ndohwake
Nokusingagumi!

# Takamumirira Jesu

Mupi weruzororo
Tisunungureiwo tese
Kubva muchinyangadzo
Ndimi simba, runyararo
Rukariro rwepasi
Vose vanhu vanomuda
Munounza rufaro

Muri mununuri wedu,
Jesu, Mwana waMambo.
Ndimi Tenzi muchatonga;
Vakai hwenyu humambo,
Tipei mweya wenyu M'tsvene,
Samasimba, Mutongi.
Nyasha dzenyu dzinokwana
Kutisvitsa kudenga.

CHORUS:
Endai kumakomo paridzayi kwose kwose
Endai kumakomo kuti Jesu wazvarwa

Vafudzi vachifudza hwayi pahusiku
Kwakajeka nyeredzi tsvene inoyera

Vafudzi vakadedera nokutyiswa
Asi kwakayimbwa nengirozi dzekudenga

Mundiro yemombe Kristu aberekwa
Mwari atipa ruponeso ngatifareyi

# Pausiku hweutsvene

Kune nyika iri kure
Yakajeka nyeredzi yaTenzi
Chiwoneso chaMwari chediko
Iyo Tenzi wabarwa
Iyo kwabarwa Mesiya

Baba wake wakashama,
Mai wake wakafara,
Mwana wavo M'ponesi wevanhu
Wakakudzwa zvikuru naMwari,
Pasi pese chifarayi,
Mwari wazotishanyira.

Mune danga radzo mombe,
Wakabarwa mwana mutsva,
Ndiye Mwana waMwari mupenyu,
Ndiye rudo rwaBaba kunesu,
Ndiye mudi wevanhu,
Nemudikani wevese.

# Tanzwa rwiyo rwengirozi

Mbiri huru kuna Jesu
Runyararo pasi pano
Rudo kune vanhu vese
Farirayi ndudzi dzese
Ruponeso rwazosvika
Ngatiimbe rwiyo rwedu
Mbiri kuna Mambo Jesu
Ngatiimbe rwiyo rwedu
"Mbiri kuna Mambo Jesu!"

Wazobarwa mune danga,
Beterehema musha wake,
Mai wake ndiMaria,
Mwari ndiye Baba wake;
Womberayi, imi vanhu,
Mwari wakatuma mwana,
Kuzodzika pasi pano
Kuponesa vanotadza,
Mukudzeyi muchiimba,
"Mbiri kuna Mambo wedu!"

Jesu, Tenzi, Muponesi,
Mununuri, Mudikani,
Tinomuda zvirokwazvo,
Nero basa rakanaka;
Tinoita mwoyo chena,
Tese tinomushandira,
Tinofara nekufara,
Wazvarirwa isu Kristu,
Mukudzeyi, muchiimba
"Mbiri kuna Mambo wedu!"

Nhasi tinofarisana,
Tinokarakadza naye,
Wazobarwa kuponesa
Vanhu vese pasi pano;
Farirayi ndudzi dzese,
Mukudzeyi vanhu mese,
Pururudzai madzimai,
Mambo wedu, Mambo kwaye,
Mukudzeyi, muchiimba
"Mbiri kuna Mambo wedu!"

# Uyayi, Makristu uyayi nerufaro

Uyayi muwone mupwere ndiMambo,
Uyayi, tiende kuBet'rehema musha
Uyayi tiimbe kuna Mambo
Uyayi nesu nhasi, tikudze M'ponesi

Wabarwa nyamusi mumusha waDavidi,
Mupwere Mutsvene, M'ponesi wevanhu,
Maria ndimai wake, Mwari ndiye Baba,
Uyayi nesu nhasi tiimbe kuna Mambo
Uyayi nesu nhasi tikudze M'ponesi.

Fambayi vacheche, fambayiwo vapwere,
Fambayi vakuru, kokudza M'ponesi,
Tinoda kuwona wabarwa nechitsidzo,
Uyayi, timukudze, wabarwa Mambo wedu.
Uyayi nesu nhasi, tikudze M'ponesi.

# Inzwai chiyi ayo mazwi

Anoimba kumusoro?
Ingirozi dzinofara
Dziri kuimbira Jesu

Inzwai! Zvino mazwi adzo
Dzinoimba zvakanaka
Rutunhidzo kunaJesu
Nerufaro pasi pano.

Pasi pese nekudenga
Ngazvikudze Jesu Kristu,
Ngatimutambire Mambo,
Muprofiti naM'ponesi.

Chimbidzayi kuwombera,
Remedzayi zita rake,
Taurayi kune vese
Kuti ari Mambo wavo.

# Vafudzi vaifudza hwai

Pakati peusiku
Ngirozi ikadzikapo
Nesoko rake Baba
Nembiri ikapenya

Vafudzi vakashama apo
Nekutya Ngirozi,
'Yo yakaunza shoko'ro
Rekuberekwa kwake,
Rakange riri redi.

"MuBeterehema, musha `mo,
Wabarwa Mambo wedu,
NdiKristu naM'ponesizve,
Wabarwa mambo wedu
Werudzi rwaDavidi."

Nehondo dzekudengawo
Dzakabva kuna Baba
Dzichiti, "Mbiri huruwo
Kudenga kunaMwari
Nerunyararo pasi."

Vazivi vakawonawo
Nyeredzi yakapenya
Ikavatungamira `yo
Kowona Mambo Jesu
Wakange aberekwa.

Nyamusi pasi panozve
Tofara zvirokwazvo
Nekuberekwa kwake `She
SaMuponesi wedu,
Mukuru wehupenyu.

# Kare kwakamira danga

Mumusha waDavidi
Umo mai vakaisa
Kamwana mune mombe
Maria ndiye mai
Jesu Kristu kamwana

Wakasiya mbiri yake,
Mwari wedu, naTenzi,
Wakabarwa pasi pano
Mudanga rezvipfuyo.
Wona; M'ponesi wedu
Wakagara muurombo

Pahuduku hwake hwese
Wakadisa Maria;
Misi yese wakamunzwa
Uyo wakamurera.
Imi vana yedzayi
Kufanana naye.

Wakapa muyenzaniso
Werugaro kunesu,
Waichema, waiseka
Wayiyita sesuwo
Anosangana nesu
Munhamo nekufara.

Pakuguma tichaona
Iye Mambo werudo;
Uyo Mwana wakatiwa
Ari Mwari mukuru.
Kuti tichitewera
Tichasvika Kudenga.

# M'ponesi abarwa mudanga remombe

Onayi arere pam'soro peuswa
Tapiwa chitambo chemwanakomana
Nyeredzi mudenga dzinomunamata

Mwana amutswa nemombe dzakuma
Asi Tenzi wedu haana kuchema.
Ndinoda kugara nemi Muponesi
Dakara rujeko rusvike mangwana.

# Nyeredzi, iwe wopfuura dzose

Tivhenekere murima redu
Wounza zuva chiedza chavose
Tiperekedze kumwana Jesu

Vamuradzika pakati pedanga,
Kwanga kusina ugaro nesu;
Zvino vatumwa vakabva kudenga,
Vakazokudza 'She wavo Jesu.

Isu tichandomukudzawo neiko?
Angafadzwa nepfuma yeiko?
Ko tingaunze zvinofadza vanhu,
Zvose zvangova zvinokoshesa!

Izvozvo zvose hazvina mubato,
Ha`ngafadzwi nezvipo zvakadai
Chinofadza pameso aJesu,
Ndokumukudza nomwoyo kudai.

# Tine rufaro nyamusi

Mambo waberekwa
Tomugashira
Mumoyo yedu
Imbai imi vanhu
Nziyo dzerukudzo
Imbai, imbai nekumukudza

Tine rufaro nyamusi,
Toridza mimhanzi,
Totora shoko,
Torifanzisa.
Vanhu kwese kwese
Tambirai M'ponesi,
Imbai, imbai nekumukudza.

Tazokunda chinyangadzo,
Tazosunungurwa;
M'ponesi wedu
Watishanyira.
Mese maponeswa,
Imi vanyangadzi,
Imbai, imbai nekumukudza.

Ndiye M'ponesi werudo,
Mutongi wezvese,
Anopa tese
Runako rwese.
Imi madzimambo
Mugere panyika,
Imbai, imbai nekumukudza.

# Pururudzayi hama

Muchiimbira pamwe
Torai iri soko
Rekuberekwa kwa'She
Abarwa mudanga
Mundiro yezvipfuyo
Jesu aberekwa
Tenzi abarwa

Pururudzayi hama
Muchiimbira pamwe
Shoko remwana
Rufaro kune vose
Denga razarurwa
Takomborerwa tose
Jesu aberekwa
Tenzi abarwa

Pururudzayi hama
Muchiimbira pamwe
Hatichatya rufo
Tapiwa Muponesi
Achakoka tose
Kumusha kuna
Baba Jesu aberekwa
Tenzi abarwa

## Mumusha werunyararo

Musha weBetrehema
Tapiwa chikomborero
Rujeko rwepanyika
Waberekwa M'ponesi
Waberekwa M'ponesi
Tine rufaro rukuru
Vatadzi taponeswa

Mwanakomana wabarwa
Nemhandara Maria
Ari Kristu, Muponesi,
Mupi werunyararo.
Ngirozi nenyeredzi
Dzaunza iri shoko
Dzinokudza Mwari, Baba,
Nechipo chinokosha.

Tinogowerwa naBaba
Zvipo zvakawandika;
Hapana akanyewerwa
Nechipo chinoera,
Hapana anoziwa
Nekuuyazve kwake,
Asi tinoziva tese
M'ponesi achauya.

Mwana M'tsvene, Mwanakomana,
Dzika kunesu nhasi;
Dzinga chinyangadzo pasi,
Gara mumwoyo yedu.
Tine rufaro nhasi
Rufaro rwemwana
Mumusha weBeterehema
M'ponesi waberekwa.

# Mumwe ariko pamsoro, anotida

Rudo rwake rwakakomba, anotida
Hama dzedu dzinotiza, dzimwe dzinotitambudza
Haana kutinyengedza, anotida

Kumuziva ndoupenyu, anotida;
Wakatipa zvinhu zvose, anotida;
Tanga tiri kure naye, wakatitenga neropa
Wakatiisa padenga, anotida

Jesu ndishamwari wedu, anotida;
Anoda kutifadzisa, anotida;
Mwoyo yedu inomuda, yoda kushevedzwa naye
Zvirokwazvo nechokwadi, anotida

Anoregerera zvivi, anotida
Hondo dzedu dzinokundwa, anotida
Anotipa zvipo zvese, wopa namakomborero
Aachatipa noutsvene, anotida

# Jesu wakadzika pasi kuwonesa Mwari

Wakateerera Baba, wakazvirereka

Kushandira vamwe kunotisimudza,
Hakudukupisi vanhu, kunotikudzisa.

Jesu wakapinda vese nekushanda kwake;
Wakapinda vanhu vese nehukuru hwake.

Jesu wakavashandira vaienda naye,
Kudzidzisa kuti isu tizoshandirane.

Ndizvo isu ngatiite saM'ponesi wedu,
Kuti tidise vamwe, nekuvabatsira.

# Inzwai iyi nyaya yedu

Nyaya yaMponesi wedu
Yekuti wakadzika pasi
Kuzotiponesa isu

CHORUS:
NdiJesu wakatiponesa
NdiJesu wakatiponesa
Aripi zvino, arikudenga
Mukumbiriri wedu tese

Hakuna mumwe wakadisa
Kuzvipira kune pasi,
Kuita basa rakawoma,
Asi Jesu Kristu chete.

Mukumbiriri wevatadzi,
Uyo wakasiya denga
Kutora nzvimbo yangu pasi,
Ini ndisakafanira.

Zvipire kuna Jesu Kristu,
Nhasi anokuponesa,
Tacheneswa zvakaipa
Nero ropa renyu.

# Pamuchinjiko paKalvari

Ndinowona m'chinda uyu wekudenga
Wakazvipira pam'sana pangu
Mwari wakandiwonesa rudo rwake

Musandirege, Mufiri wangu,
Kuti ndizvikudze, asi ndimukudze;
Zvinhu zvepasi nepfuma yazvo,
Ndinoshora izvo zvinorwadza imi.

Wonai musoro waTenzi wangu
Nemawoko nemakumbo nerutivi,
Anowerera maropa ake,
Rudo runondishamisa, ndinotenda.

Ndinomupeyi nerudo rwenyu?
Kana ndine pfuma dzese hadzikwani;
Torai hupenyu, M'ponesi wangu,
Torai mwoyo wangu torai zvese zvangu.

# Jesu muri rudo diko

Makadzika pasi pano
Nekukungurira isu
Tanga tiri varasiki
Takadiwa zvirokwazvo
Muumambo hwenyu , Jesu
Zvino basa redu pano
Nderekuwonesa rudo

Mwari, mune mwoyo chena,
Munodisa vanhu vese,
Hamutsari vekudisa,
Asi munovada vese;
Zvino tinomukumbira,
Bvisai zvese zvakaipa,
Nharo, shungu, kuba, nhema
Kuti tifanane nemi.

Tinomukumbira, Baba,
Mweya Wakachena, dzikai,
Pindai mune mwoyo yedu.
Taizarurira imi;
Pindai, garai umo nhasi
Nekusingachazoperi,
Toda kuva vanhu venyu,
Kumufadza misi yese.

Makashanda basa, Jesu,
Mukapedza zvakanaka,
Ndizvo nesu tinorida
Kuriita basa renyu;
Nyika yedu ine rima,
Tigadzirireyi, Jesu,
Tichafamba naro izwi
Kune hama dzedu kwese.

# Ndiudze nyaya yaJesu

Yezvinhu zvekudenga
Yembiri yake Jesu
Nekunakisa kwake
Ndiudze nyaya kwadi
Sekunga mwana wako
Nekuti ndiri mwana
Muzvinhu zvekudenga

CHORUS:
Ndiudze nyaya yaJesu
Ndiudze nyaya yaJesu
Ndiudze nyaya yaJesu
Yerudo kune vese

Ndiudze nyaya yaJesu,
Yemazwi akanaka,
Nekuti ndinoida
Nemwoyo wangu wese;
Inondifadza kwazvo
Kuziva kuti Kristu,
Zvowakadzika pasi,
Nekuti wakatida.

Ndiudze nyaya yaJesu,
YaMuponesi wangu,
Waradzikira pasi
Hupenyu hwake ndini;
Ndinoshamiswa kwazvo
Nerudo rwakadaro,
RwaMwari, Baba wedu,
Kutipa mwana wake.

# Ishe wedenga

Makaruramisa
O Jesu Muponesi
Ndinomudisa
Ndinomukudza
Muchinda anondifadza

Minda yaIshe
Mitunhu mikuru
Zvinofadzawo vanhu
Asi M'ponesi, Mwana waMwari
Ndiye anopinda zvese.

Zuva nemwedzi
Nenyeredzi zvose
Zvinojekesa denga
Asiwo Tenzi anozvikunda
Ndiye anopinda zvese.

## Kupinda kwaJesu mumusha

Kwakanaka kwazvo
Mudungwe mukuru kukudza
Jesu Mambo wedu

CHORUS:
Hozana Hozana Hozana,
Kuna Jesu Kristu
Hozana Hozana Hozana
Kuna Mambo wedu

Kufara kwevese kukuru,
Vakamuwarira,
Nhavani dzemiti michindwi
Vakadzifunhira.

Zvipfeko zvizhinji zvevanhu
Zvakawarwa pasi
Kumuwirikidza* Mesiya
Nekumuimbira.

Zvakawarwa pasi
Kumuwirikidza* Mesiya
Nekumuimbira.

# Kana ndawona muchinjiko

Paakafa Jesu Kristu
Zvose zvangu ndazvizvidza
Nokuzvidzora ndega

Ndirambidzei kuzvikudza
Kunze kwekufa kwa 'She
Zvose zvinondinyangadza
Zvibvisiswe neropa renyu

Ona maropa anobva
Musoro, diti, mawoko
Hakuna rudo rumweba
Neurombo hwakadaro

Dai zvinhu zvose zvangu
Ne izvi hazvidzokere;
Rudo urwu rwakadai,
Runodisa ndizvipire.

# Hozana Hozana Hozana mwana waMwari

Wopinda muJerusarema musha waMwari
Hozana Hozana Hozana mwana waMwari

Machira akawaridzwa
Kupangidza rukudzo.
Hosana Hosana Hosana mwana waMwari.

Michindwi yakawaridzwa
Kupangidzwa rukudzo.
Hosana Hosana Hosana mwana waMwari.

Vamwe Vanhu:
Ha… Huyai muone, Ha…. Jesu ari kupfuura.

# Hosanawe hosana vapwere vanoimba

Nevanhu kwese kwese vomukudza M'ponesi
Vakuru vanoimba vachimupa zvitendo
Nekuti anovapa zvikomborero zvake

Nerufaro rukuru chita chamutewera
Murumbwana wemunhu, Muponesi wepasi
Nemazana evana vari kumutewera,
Muchinda wekudenga anofara zvikuru.

"Hosana wekudenga," tinoimba nyamusi
Tinoimbira Tenzi, Mutongi, wekudenga.
Tinomupa rukudzo nemazwi nemichindwi
Nekuti tichafara naye, Tenzi, narini.

# Tinomuwirikidza

Mutongi wedu, Jesu
Vapwere vanoimba
Hosana 'She, Hosana Mutongi
Mambo wedu
Muchinda waDavidi
Watishanyira isu
Muzita raJehovha

Ngirozi dzomukudza
Kudenga kumusoro,
Nevanhu pasi pose
Toimba pamwe chete nadzo
Tichisimudza m'chindwi
Pamberi paM'ponesi,
Tinomunamata tose
Nenziyo dzerukudzo.

Vekare vakaimba
Rukudzo murufaro;
Isuwo tochiimba
Kukudza Muponesi.
Jehova wakanaka,
Tirikumukumbira,
Tambirayiwo, Baba,
Mupiro wedu nhasi.

# Mwatakura kuipa Jesu

Kusi kuipa kwenyu
Makaripa mhosva Jesu
Isi mhosva yenyu

Muri Jesu, mune tsitsi,
Hamutadzi, imi,
Raparara ropa renyu,
Makanaka imi.

Kushaisha kwedu kwese
Kunozihwa nemi,
Nezvitadzo zvedu zvese
Zvakanyorwa nemi.

Taponeswa zvakaipa
Nezvirwadzo zvenyu,
Tacheneswa zvakaipa
Nero ropa renyu.

# Padyo nem'chinjiko, ndipo ndinogara

Kuwombera imi, Muponesi wangu

CHORUS:
Padyo padyo neM'chinjiko wenyu
Kunobuda pano mvura yeupenyu

Padyo nem'chinjiko, ndinogara hangu,
Mvura nemaropa zvinobuda pano.

Padyo nem'chinjiko kune simba rangu,
Pano ndinopiwa mweya weupenyu.

Padyo nem'chinjiko, pakanaka pano,
Kusimbiswa nemi, Jesu Tenzi wangu.

# Wonai Jesu Kristu pamuchinjiko wake

Fungai rufo rwake basa rakanaka

CHORUS:
Jesu wakakufira Jesu wakandifira
Ruponeso rukuru rwevanhu kwese kwese

Tsvakayi ruponeso nekuti rwakanaka
Musina Muponesi hamuchazoponeswi

Tendayi kuna Jesu saMuponesi wenyu
Hakuna rukariro musina Muponesi

Siyayi vese avo vanoda zvakaipa
Sarudzai vashamwari vanoda zvakanaka

M'ponesi ane simba nerudo kune vese
Wamumirira zvino, huyayi muteere

# Wakafa muponesi wangu

Muchengeti kwaye
Nekuda ini mushaishi
Kuti ndiponeswe

CHORUS:
Chindiwonai Muponesi
Ndiwe anotendwa
Pamusi anotonga vese
Muzonditorera

Wakafa nekuipa kwangu
Uko ndakaita,
Hakuna nyasha dzakadaro
Pasi pano pese.

Nekuti muchinjiko wake
Unojeka kwazvo,
Ndizvozvo ndinosvisa usu
Nekunyara kwangu.

Tinonzwa kuti iyo nguva
Zuva rakadzima,
Nekuti Kristu wakafira
Vanhu vese pasi.

Misodzi yangu haikwani
Kuwonesa rudo,
Ndomupa Tenzi mweya wangu
Nemuviri zvese.

# Vabari vedu vekutanga vakatadza kwazvo

Kutadza kwavo kwakagara nhaka kune vese

CHORUS:
Jesu wakakufira
Jesu wakakufira
M'ponesi wakafira tese, tinokomborerwa

Ndizvozvo tese takaraswa kune rufu rwedu.
Hakuna umwe wakanaka, tese takatadza.

Musiki wedu wakaita tsitsi kune vese,
Wakava Kristu, kuponesa vese vanomuda.

M'ponesi wakafira vese, wakatida kwazvo,
Hupenyu hwake hwakapirwa kuponesa vese.

Kutenda kuna M'ponesi kunotiponesa,
Kusaitenda M'ponesi kunounza rufo.

# Jesu Muponesi muri bako rangu

Mvura nemaropa ngazvindiponese
Jesu bako rangu ngandihwande umo

Handingaponeswi nekuchema kwangu
Nemasimba angu, hazviiti chinhu:
Jesu, bako rangu, ngandihwande umo.

Handiunzi zvipo, simba handinaba,
Asi ndinotenda, mune simba rose,
Jesu, bako rangu, ngandihwande umo.

Kuti ndaberekwa, rufo rwava padyo,
Ndinobururuka kuenda kune denga,
Jesu, bako rangu, ngandihwande umo.

# Tsitsi hedzi dzamira dzoga

Zvirwadzo zvakamira zvoga
Kusuwa kwakamira koga
Pamuchinjikwa

Ishe waburuka kudenga,
Akazova munhu kuvanhu,
Nediramhamba kuvatadzi,
Pamuchinjikwa.

Rutendo rwedu rwomirepi?
Ruvimbo rwedu rwomirepi?
Norudo rwedu rwomirepi?
Pamuchinjikwa.

Nengozi dzingapere dzose,
Nemhaka dzingaripwe dzose,
Zvoregererwa zvivi zvose,
Pamuchinjikwa.

Ngirozi dzakaona pasi,
Dzakati gwanangwana pasi,
Dzichiona mashura ayo!
Pamuchinjikwa.

# Kristu Tenzi wakamuka Haleluya!

Ingirozi dzinoimba Haleluya!
Vanhu vanopinduravo Haleluya!
Vese vachiimba pamwe Haleluya!

Jesu wakamuka Mambo, Haleluya!
Wakapedza basa rake, Haleluya!
Wakakunda guva rake, Haleluya!
Wakatikundira rufo, Haleluya!

Guva harichina simba, Haleluya!
Dombo rakamburumbudzwa, Haleluya!
Kristu wakabuda umo, Haleluya!
Wakakwira denga rake, Haleluya!

Zvino tinotenda kwazvo, Haleluya!
Kuti nesu tichamuka, Haleluya!
Takasikwa kunga iye, Haleluya!
Tinomutswa zvakadaro, Haleluya!

Kristu Tenzi wakamuka, Haleluya!
Wakakunda kufa kwake, Haleluya!
Wakakwira kune denga, Haleluya!
Anogara kunaBaba, Haleluya!

Vanhu vese ngavaimbe, Haleluya!
Ngavapururudze Mambo, Haleluya!
Ndiye wakatiunzira, Haleluya!
Ruponeso rwakakomba, Haleluya!

# Uyai imi vatendi ndine rufaro rwese

Nerufaro rwesewo Mwari opa vose
Rufaro netsitsi anorerutsa zvose
Vose vanomuda vachafadzwa naye

Ndinoshumira Jesu, She mupenyu nhasi
Ndinoziva mupenyu, wandinatsa ini
Ndinomuona Kristu, ndino munzwa iye
Ndinowana simba, sezvo ari pano

Farai farai vaKristu, mutsai izwi renyu
Imbai - i Haleluya, kuna Jesu - Kristu
Rubatsiro rwevose, vanomutevera
Hakuna munhu saShe, wakanaka saShe

# Haleluya, wakamuka ngaaridzwe mabhero

Haleluya, wakamuka Muponesi wevanhu

CHORUS:
Imbayi vanhu mese muchiti nemasimba,
Wakamuka wakamuka kugara narini

Haleluya, wakamuka, 'po dombo rakabva,
Haleluya, wakmuka, rukundo rukuru.

Haleluya, wakamuka, wabuda muguva,
Haleluya, wakamuka, nesimba raMwari.

Haleluya, wakamuka, tofara zvikuru,
Haleluya, wakamuka, M'ponesi mupenyu.

Haleluya, wakamuka kutipa masimba,
Haleluya, wakamuka, kutipa hupenyu.

Haleluya, wakamuka, kutonga naBaba,
Haleluya, wakamuka, kutikumbirira

# Jesu M'ponesi wangu wainga muguva

Kuumirira musi werumuko rwake

CHORUS:
Wakazomuka mukufa
Wakakunda mhandu dzake dzese
Wakamuka achibuda muguva
Akakwira denga achigarayo
Wamuka wamuka aleluya wamuka

Wakarinama guva nekuririnda
Kuti asambobuda mune guva rake.

Rufo rwashaya simba kukunda Mambo,
Nembiri yake, Mwari, guva ratsemurwa.

# MaKristu ngatipururudze!

Azokunda rufo nhasi
Isoko rinotifadza
Haleluya Haleluya Haleluya

Muchinda M'tsvene amuka
Ngatirongeyi zvipo zvake
Ngatiimbirei pamwe chete
Haleluya! Haleluya! Haleluya!

Tinomukudza nenziyo
Nemwoyo ine rufaro,
Anerudo rusingaperi
Haleluya! Haleluya! Haleluya!

Tinomukudza M'ponesi,
Azokunda rufu nhasi
MaKristu ngatiimbeiwo,
Haleluya! Haleluya! Haleluya!

# Nekumuka Kwake

Kristu wakurira
Pasi raponiswa
Ndiye Mambo wedu
Hondo dzengirozi
Dzirikufarira
Dzamuwirikidza
Dzayimba Haleluya

Uyo wakazvipa
Kare pam'chinjiko,
Ndiye Paska yedu
Nyenye yakachena
Wakafira isu,
Zvino ane mbiri
Tese tinofara,
Tiimbe Haleluya.

Uyo wakafira
Isu vanhu wake,
Zvino Muponesi
Ane simba rese;
Mambo wevamambo,
Anotonga vese
Ngatimukudze
Tiimbe Haleluya.

Ndiye wadzorera
Varasiki vese,
Vanyangadzi ndiye
Vangasunungurwe;
Paska yedu iwe
Tichenure tese,
Tikukudze Kristu
Tiimbe Haleluya.

# Kudzayi M'ponesi mufudzi wevanhu

Imbayi nesimba runako rwake Jesu
M'chengeti Mukotsi musiki wevese
Mukuru naBaba kudenga kumusoro

Tendayi, kudzayi, masimba aJesu,
Disayi runako, nerudo rwake Jesu;
Tondera nhasi ` zvo wakamboita,
Muteerereyi, Murwiri wenyu Jesu.

Kumuda, kutenda, kumuteera,
Zvinopa rufaro panzira dzedu dzese;
Ndizvozvo tauya kuzomupa rukudzo,
Nekuti tamuda nemwoyo yedu yese.

# NdiJesu mambo wevambo

NdiMambo wekudenga
NdiMambo wekudenga
Uyai muwombere mese

CHORUS:
Uyai....
Vamwe vanhu...
Uyai uyai uyai uyai uyai uyai
Uyai muwombere Mambo Jesu

Tarirai Mambo wedu Jesu
Wauya nemashoko
Wauya nemashoko
Uyai muhwarare mose

Watadzi vose huyai pano
Mupfugamire Mambo
Mupfugamire Mambo
Uyai muwombere mose

Marudzi ese mukudzei
Panyika pano pose
Panyika pano pose
Muwomberei imi mose

Kudenga tichaimba naye
Timunamate Tenzi
Timunamate Tenzi
Tichimuimbira nziyo

# Jesu Mwana waMwari

Wakasvika kwatiri
Kuti abvise zvivi
Haleluya! Muponesi

Wakatukwa nesu wo
Nekuda kwezvitadzo,
Tipihwe kanganwiro;
Haleluya! Muponesi!

Wakafira vatadzi,
Andichenese ini,
Zvino ari naMwari
Haleluya! Muponesi!

Achadzoka panyika,
Achamutsa vakafa;
Tichaimba kudenga;
Haleluya! Muponesi!

# Imbayi vanhu imi rukudzo kuna Jesu

Dakara vanhu vese vazive Muponesi
Imbayi vanhu nhasi neropa rinofara
Nekuti tina Tenzi mukuru

Imbayi, hama dzedu, nekuti Tenzi wedu,
Mupenyu zvino pano, kutipa ndaramiso;
Imbayi misi yese nekuti wakamuka
Kugara nekugara kutipa ruponeso.

# Huyayi muri pasi pano

Navo vekudenga
Uyayi nechiremba icho
Timugadze Mambo
Mambo wemumoyo

Hakuna umwe kunga Jesu,
Ari pasi pano,
Huyayi nechiremba icho,
Timugadze Mambo
Mambo wemumwoyo.

Hakuna mumwe kunga Jesu,
Kana nekudenga,
Huyayi nechiremba icho,
Timugadze Mambo,
Mambo wemumwoyo.

Varume vese huyai pano,
Mumuhwararire,
Huyayi nechiremba icho,
Timukudze Mambo,
Mambo wemumwoyo.

Vakadzi vese, huyai pano,
Mumuite wenyu,
Huyayi nechiremba icho,
Timugadze Mambo,
Mambo wemumwoyo.

# Jesu Mambo wekusingaperi

Tambirayi rudo rwedu nhasi
Tinomupa rukudziso rwedu
Ruiteyi sechiremba chenyu

Nguva dzese tinomurangarira,
Misi yese tinomushandira,
Simba redu rese nderenyu,
Nhumbi dzedu dzese ndedzenyu.

Zvino tinoziva tiri mweya,
Tinogara mumuviri yedu,
Mweya yedu haichafa idi
Asi imba dzedu dzemiviri.

Baba wedu, tinoda kunamata,
Mweya yedu inomukudza,
Tinofarirana nemi nhasi,
Kumuziva kunotifarisa.

# O Jesu Muponesi

Ngandichimuimbira
Nenyasha dzenyu kuzvipira
Nekundinunura

Ndibatsireyi, Mwari,
Kurifanzisa shoko
Rembiri yaro, zita renyu,
Kune nzvimbo dzese.

Nesimba renyu, Tenzi,
Sunungurayi hwese
Hubatwa hwezvitema zvese
Nero ropa renyu.

Izita renyu, Jesu,
Rinondishingisa,
Rondipa runyararozve,
Rondipa rufariso.

Imbayi rukudziso
KwaMununuri wedu,
Mapofu nezvirema zvese
Nazvo zvimumumu!

Neizwi renyu, vafi,
Vopiwavo hupenyu
Nerudaviro nerufaro,
Vazarura mwoyo.

# Kudzai Kudzai Jesu Muponesi mukuru

Imbai rudo runoshamisa rwake
Muwomberei mambo mukuru wedenga
Taurai zita rake nekuremedza
Semufudzi Jesu mutungamiri
Masikati nepausiku hwese
Mukudzeyi Mambo naTenzi mukuru
Imbai nekukudza ukuru hwake

Kudzai! Kudzai! Jesu M'ponesi mukuru!
Wakamununura upenyu hwenyu,
Wona ari pamuchunjiko nerudo
Kuti sunungura muzvinyangadzo;
Wonai! Wonai! Kristu naMuponesi,
Wakatambudzika, Mufiri wedu,
Mukudzeyi Mambo naTenzi mukuru,
Imbai nekukudza ukuru hwake!

Kudzai! Kudzai! Jesu M'ponesi mukuru!
Ruponeso rwake rukuru kwazvo,
Mwoyo yenyu ngaizarurwe nyamusi,
Mupei nzvimbo kuti agare umo;
Mugadzeyi Mambo mumwoyo yenyu,
Munokunda pasi nekururama,
Mukudzeyi Mambo naTenzi mukuru,
Imbai nekukudza ukuru hwake!

Kudzai! Kudzai! Jesu M'ponesi mukuru!
Denga rese rinomuvirikidza,
Jesu Tenzi ari mutongi narini,
Mbiri nemasimba ndezvake zvese;
Mese imi, ndudzi dzepasi pese,
Mukudzeyi Mambo wevanhu vese,
Mukudzeyi Mambo naTenzi mukuru.
Imbayi nekukudza ukuru hwake!

# Jesu muri nzira yedu

Tenzi Mambo Mwari wedu
Toponeswa nemi mega
Kubva muzvitema zvedu

CHORUS:
Ndoponeswa nezwi renyu
Rakatumwa pasi kare
Ndoponeswa nerutendo
Kuna Jesu Muponesi

Mazwi enyu ndeeidi,
Ngaadzike, Tenzi wedu,
Achenese mwoyo yedu,
Ive mwoyo yakachena.

Imi, rwizi rwekupona,
Jesu, Mambo, Mwari wedu,
Tinopiwa mvura yedi,
Tiponeswe tese nemi.

Ndizvo ngatikudze Jesu,
Tenzi wedu, Mwari wedu,
Timutende, tinamate,
Mumazuva edu ese.

# Mweya wangu nangisisa

Zvinhu zvekum'soro
Zvinhu zvese zviri pasi
Zvichatsakatika
Zuva mwedzi zvichapera
Pasi pese pachapiswa
Zvinogadzirira kuenda
Kune musha wangu

Nzizi dzinotsvaka nyanza,
Hadzichazomiri,
Moto unokwira denga
Kune zuva iyo;
Ndizvo mwoyo yakanaka
Inodisa Baba wayo,
Inodisa kumuwona
Nekugara naye.

Ndizvo chinyarara zvako,
Usatambudzike,
Chisimuka, famba zvako;
Pane rwendo rwako;
Uchawona Mambo Jesu,
Achiuya mumakore
Kuzotora vese avo
Vaimuda pano.

Rasa zvese zvinhu zvako
Zvinokunyengedza,
Zvinokupfuwira pasi,
Zvinokushatisa;
Ida zvinhu zvekudenga,
Izvo zviri zvakanaka,
Gadzirira kuenda iko
Kune denga dzene.

# Jesu wakakwira denga

Achauya pasi zve
Jesu ndiye Mambo wedu
Achauya nemakore zve

CHORUS:
Haleluya Haleluya
Jesu Mambo wedu
Jesu Mambo wedu
Jesu ndiye Mambo
(Jesu ndiye Mambo, Mambo wedu)
Jesu ndiye mambo wedu

Jesu achadzika pasi,
Ane hondo huruvo,
Yekuperekedza iye,
Nengirozi dzichiimbazve.

Jesu achagara nesu,
Tive neupenyu zve,
Tichagara nekufara
Nekusingazoperizve.

Asi hatizivi musi
Wekuuya kwakezve,
Ngatibate basa rake,
Tinamate nekuimbazve.

# Ingirozi dzinoimba

Dzinokuwa nekufara
Denga rese rinofadzwa
Mazambara azarurwa
Jesu Mambo wakauya
Tenzi wevatenzi vese
Haleluya kuna Jesu
Haleluya kuna Mambo

Jesu watokwidzwa denga,
Ane mbiri yakakomba,
Zvino Baba wake, Mwari,
Matomupa simba rese;
Wonai ari pachigaro,
Jesu anotonga ega;
Haleluya, kuna Jesu!
Haleluya, kuna Mambo!

Jesu watokwidzwa denga,
Kuna Baba wake iyo,
Basa rake pasi pano
Rakapera zvakanaka;
Zvino ari kutunhidzwa
Nevatsvene vekudenga;
Haleluya, kuna Jesu!
Haleluya, kuna Mambo!

Jesu watokwidzwa denga
Zvino watogadzwa Mambo,
Anotonga nechisepe,
Mambo wedu wakanaka;
Ngatimuimbire ndwiyo,
Ngatikudze zita rake;
Haleluya, kuna Jesu!
Haleluya, kuna Mambo!

# Mweya Mutsvene tinzwei apo tinoimba

Ivai muzviimbo kuti zvimukudze

Mweya Mutsvene, inzwai miteuro yedu,
Uyai, tidzidzisei kuda kwenyu zvino.

Mweya Mutsvene, wonai iri Bhuku dzvene,
Bhuku reupenyu, venekerai mazwi.

Mweya M`tsvene torai zvipo zvedu nhasi,
Ngazvisevenzeswe basa renyu chete.

Mweya M`tsvene, zvino apo tinotenda,
Kunemisha yedu, mutitungamire. Ameni.

# Mweya mutsvene muri Mwari

Ndinotambudzika
Mwoyo wangu unochema
Ndinomuda zvino

CHORUS:
Ndizadzeyi ndizadzeyi
Uyai Mweya zvino
Pindai mwoyo mangu
Mweya kuti ndisimbiswe

Ndine nungo zvirokwazvo
Ndinoshaya simba,
Asi mukandisimbisa,
Ndinokunda zvese.

Ndinoziva basa renyu
Kuti rakanaka,
Munotungamira vese
Vanomutevera.

Kuti ndichitungamirwa
Handichawi pasi,
Handichamusiyi, Baba,
Kana nzira dzenyu.

Nzira dzenyu dzakanaka,
Dzine ruveneko,
Dzine zano rekufamba,
Zvakanaka kwazvo.

Muri mubatsiri wangu,
Mutendeki kwaye,
Avo vanomutevera
Vanokomborerwa.

# Upenyu hwangu hunofara

Ndine mweya M'tsvene
Madambudziko azopera
Ndine mweya M'tsvene

CHORUS:
Mweya ndiye ruvheneko
Dima rangu rapindurwa
Zvino ndinowona nzira
Kuenda kune denga

Kuchema kwangu kwazopera,
Ndine Mweya M'tsvene;
Hurombo hwangu hwapfuura,
Ndine Mweya M'tsvene.

Ruwoko rwake rune simba,
Runondichengeta;
Ndinonzwa simba risi rangu,
Rinondisimbisa

# Mweya wakachena

Chenesayi mwoyo wangu
Dzingai zvitondero zvese
Zvinondishatisa

Mweya Wakachena,
Farisayi mwoyo wangu,
Nguva ndefu ndakatadza,
Handisakamuda.

Mweya weKupenya,
Vhenekerayi mwoyo wangu;
Dzingai dima rangu rese
Kuti ndimuzive.

Mweya M'tsvene wedi,
Ndiiteyi munhu wenyu,
Nditongeyi zvakanaka,
Muve Mambo wangu.

# Uyai mweya wakachena

Uyai kwangu nhasi imi
Mune tsitsi dzakawanda
Ndipei mweya wenyu imi
Ndidzidzisei rwiyo rwumwe
Rwiyo rwengirozi dzenyu
Ndinofara ndaponeswa
Ndizvo ndinomuimbira

Nerubatsiro rwaMwari
Ndaapano zvino nhasi,
Kuti ndichifadza imi,
Ndingasvika iro denga;
Jesu wakanditsvakisa
Handisakambomuziva
Akapira ropa rake
Kuti ndive nehupenyu.

Nyasha dzenyu ndogashira
Misi yese yehupenyu,
Mwoyo wangu wakaneta,
Unodisa kuponeswa;
Unonyanya kutizira
Kune uyo ane nyatwa;
Torai mwoyo wangu, Baba,
Muuite wakanaka

# Apo Jesu akakwira

Kune denga rake iyo
Wakatitsidzira kuti
Ndinotuma Mweya M'tsvene

CHORUS:
Mweya M'tsvene uyai zvino
Pindai mwoyo yedu yese
Budisai zvakaipa
Torai nzvimbo yenyu umo

Mwari wakati, "Mweya M'tsvene
Ane simba rakakwana
Kusimbisa wese avo
Vanotenda kuna Jesu."

Mweya ndimutungamiri
Paupenyu hwedu hwese,
Anotipa zano rake,
Anogara nesu kwese.

Kuti tichikudza Mweya
Haazotisiyi isu,
Kuti ari padyo Mweya
Anotinyevera pfumvu.

# Uyai mweya mutsvene

Nesimba renyu guru
Musununguri wezvitema
Kutya neurombo
Uyai muzvipise
Zvinokuvadza mweya
Mudyare mbeu dzenyu,
Mweya dzinondishingisa

Ngandive ndinofamba
Munzira yenyu kwayo,
Mundiratidze kuda kwenyu
Kuti ndikuite;
O nditungamirireyi
Miswere yese yese,
Hupenyu hwangu kune vamwe
Huve chiratidzo.

Ivayi mbowo, Baba,
Mundionese kuti
Muzvinhu izvo ndinoita
Ndichimufadzisa;
Mundipe izvi zvinhu
Ndamukumbira, Baba.
Kudzamara ndiuyevo
Kune musha wenyu.

# Mweya mutsvene idi

Uya penya mandiri
Kupenya kwemukati
Kundionesa ini

Mweya Mutsvene, Rudo
Dziisai mwoyo wangu,
Muzadzwe pfungwa tsvene,
Kuzvida kwangu kufe.

Mweya M'tsvene, Mutongi,
Tonga hana muneni,
Kana mave She wangu,
Ndosununguka zvangu

Mweya M'tsvene, Rugare
Mwoyo wangu ngaunyaradzwe;
Ngaugarike kwazvo;
Murudzikamo rwako.

Mweya M'tsvene, Rufaro,
Fadzisa wangu moyo
Mugwenga ngandiimbe,
Rufaro ruve tsime

# Kudzai Jehova nechisepe chake

Anochengeta vanhu vake vese
Mukudzei imi ingirozi dzake
Kudzai Jehova

Kudzai M'ponesi, ane tsitsi huru,
Anosimbisa vese vanomuda;
Ndudzi dzepasi dzakasikwa naye,
Kudzai Jehova.

Kudzaiwo Mweya Wakachena wedi,
Wakatumirwa kutitungamira;
Vese vepasi navo vekum'soro,
Kudzai Jehova.

# Nhasi ngatimutondere

Uyo wakafira vese
Arikudaidza vese
Anovada zvirokwazvo

CHORUS:
Uyai uyai zvino uyai zvino
Uyai zvino kuna Jesu
Musamire uyai zvino
Nguva yakanaka zvino

Zvimwe makafamba kure
Kubva nzira yakanaka,
Jesu anosunungura
Kuti muchitendeuka.

Jesu anodisa avo
Vanochema nezvitadzo,
Anovapa mwoyo mitsva,
Anoita vana vake.

Tambirayi chipo chake,
Munopiwa ruponeso,
Tambirayi runyararo
Nerufaro rwakanaka.

# Murapi ari pano chiremba wekudenga

Wauya pasi pano korapa mwoyo yese

CHORUS:
Zita rakanaka ngatimuimbire
Nziyo dzeupenyu Jesu Tenzi wangu

Zvitadzo anobvisa, inzwayi izwi rake,
Fambayi zvakanaka, muite kuda kwake.

Hapana rimwe zita kunaka kunga Jesu,
Radzinga kutya kwangu, ndokudza zita rake.

Vacheche nevapwere vanoda zita rake,
Vanonzwa izwi rake, vanoda basa rake.

Huyayi vashamwari, kudzayi zita rake,
Taurayi nerurimi zvikomborerero zvake.

Kudenga tikasvika, tichazoona Jesu,
Nekuimbira Jesu, nevanhu vekudenga.

# Uri kutambudzikireyiko

Zviudze Jesu zviudze Jesu
Muponesi anokuponesa
Zviudze Jesu nyamusi

CHORUS:
Zviudze Jesu zviudze Jesu
Ndiye shamwari nehama
Hakuchina umwe wakadaro
Zviudze Jesu nyamusi

Misorodzi ndeyeyiko, hama?
Zviudze Jesu, zviudze Jesu,
Munyaradzi anokunyaradza,
Zviudze Jesu, pachako

Uri kutya dambudziko here?
Zviudze Jesu, zviudze Jesu,
Uri kutya ramangwana here?
Zviudze Jesu nyamusi.

Uri kutya rufo here, iwe?
Zviudze Jesu, zviudze Jesu,
Uyo wakakunda rufo rwake,
Anozokupa rukundo.

Unoshaya anotungamira,
Zviudze Jesu, zviudze Jesu,
Mweya M'tsvene ndiMutungamiri,
Zviudze Jesu nyamusi

# Inzwa mweya wangu Muponesi wako

Ari kuti zvino unondida here
Zvinhu zvese pasi zvinotsakatika
Asi rudo rwangu haruzopinduki

"Kuti ukarasa rudo rwakadaro
Unoraswa neni, unochema kwazvo;
Une nguva zvino, ita munhu kwaye,
Kuti uchiramba une pfumvu huru."

"Hauzivi here kuti zvakanyorwa,
Kuti vanotenda vachatonga pasi;
Kuti wazopedza basa rako pano,
Uchatonga neni pachigaro changu."

# Jesu ari kudaidza

Mwoyo yese inorwara
Misi yese tinomunzwa
Wati," Mwana nditevere."

Jesu ari kudaidza
Vakomana nemhandara,
Kuti vamudise Jesu,
Wati, "Hama nditevere."

Jesu ari kudaidza
Vadzimai nechembere,
Kuti vamutunhidzevo,
Wati, "Mai, nditeverei."

Jesu ari kudaidza
Vadzibaba neharahwa,
Kuti vave vakanaka,
Wati Baba, nditeverei."

Jesu ari kudaidza
Kuregera zvinyangadzo,
Izwi rake tinorinzwa,
Rati, "Mese, nditeverei."

# Wadaidzwa wadaidzwa wadaidzwa naJesu

NaJesu wadaidzwa wadaidzwa naJesu

Tenda Mwari, tenda Mwari
Tenda Mwari nesimba.

Mukumbire, mukumbire,
Mukumbire nemwoyo.

Anokunzwa, anokunzwa,
Anokunzwa nerudo.

Ari pano, ari pano,
Ari pano nhasi.

Anokuda, anokuda,
Anokuda zvikuru.

Ane simba, ane simba,
Ane simba revese.

Ane ngoni, ane ngoni,
Ane ngoni dzevese.

Usagare, usagare,
Usagare nekutya.

Uya nesu, uya nesu,
Uya nesu nhasi.

Uchakotswa, uchakotswa,
Uchakotswa naJesu.

# Uyai imi mune nyota kuna Muponesi

Uyo anomupa mweya weupenyu uhu

Huyayi, imi mese, zvino kune tsime rake,
Munwe mvura yeupenyu, hamuchafaba

Wonayi Muponesi wenyu, anomumirira,
Ane simba zvirokwazvo kuponesa mese.

Hakuna nemutengo, kwete, asi rudo rwenyu,
Siyai zvinhu zvenyu zvese, mutevere Jesu

## Uyai mese mune nyota

Mumoyo yenyu mururame
Mwari anopa zvinhu zvese
Torayi zvino ruponeso

Vatendi, muri kudaidzwa,
Huyayi kuna Baba wenyu,
Mupi wemvura inopona,
Murege kuzotadza zveba.

Huyayi makasununguka,
Mutore henyu hamutengi,
Torai nyamusi ruponeso,
Musatye, anomuda mese.

Huyayi tizogara nhaka
YaBaba wedu wekudenga,
Baba wevese ane zvese
Zve kukovera vanomuda,

Jehova wedu wakanaka,
Hakuna mumwe wakadaro;
Ngatimutende, timukudze,
Nekuti tinotongwa ndiye

# Uya kuneni mwana washaisha

Ndinokunyararidza nguva dzese
Watambudzika neurombo kwazvo
Uya kuneni ndinokufarisa

Imba izhinji kune denga iko.
Dzagadzirirwa vanhu vakanaka,
Wakafanira kugadzira kuenda,
Huya kuneni, ndinokubatsira.

Vanhu vazhinji variko kudenga,
Vakacheneswa, vakabarwa patsva,
Asi vatsvene vanopinda chete,
Huya kuneni, ndinokuchenesa.

Imba kumusoro dzakanaka kwazvo,
Hakuna rufo neurombo, kwete,
Huya kuneni, uchagara neni,
Uve naBaba nekusingaperi.

# Uyai hama vadikani

Pindukai kuna Jesu
Ndiye anomumirira
Ane tsitsi kune vese

CHORUS:
Ane simba ane simba
Kuponesa vanyangadzi
Ane simba ane simba
Kuponesa vanyangadzi

Huyai, imi munoshaya,
Jesu ane pfuma zhinji,
Anodisa kupfumisa
Vese avo vanoshaya.

Huyai, hama, torai zvino
Ruponeso rwakanaka,
Kuti muchigara nhasi,
Zvimwe hamuchazouyi.

Musafunge muri kwavo,
Huyai zvino makadaro,
Siyai zvinhu zvenyu zvese,
Jesu anomutambira.

Kuti muchiita izvi
Hamuzovi neurombo;
Denga rese rinorira
Nekufara kwevatsvene.

# Huya hako kuna Jesu

Uri kudaidzwa ndiye
Tenda Muponesi wako
Uitirwe nyasha ndiye

CHORUS:
Rasa hasha dzako dzese
Nekuti dzinotungamidza pasi
Uya kwaM'ponesi wako zvino
Uitirwe nyasha ndiye

Huya zvako kuna Jesu,
Rega kundogara basi,
Muka, huya kuna iye,
Huya zvino pano kwa'ri.

Kumbirisa, unopiwa,
Tsvakisisa, unowana,
Kuti uchigugudzira
Unozarurirwa ndiye.

# Unoneta here hama unotambudzika

Jesu wati ndinokupa ruzororo

Anoramba kutambira vanouya here?
Kwete, Jesu anodisa vanhu vese.

Ane chiwoneso here kuti ndimuziwe?
Hunde, pamavoko ake nemakumbo.

Anozonditungamira kune denga here?
Hunde, anondichengeta nzira dzese.

Kuti ndichimutevera ndinopihweyiko?
Simba rekukunda Satani nguva dzese.

Kuti ndichimubatsira ndinowaneyiko?
Mwoyo wakakomborerwa neupenyu.

Pakuguma kweupenyu ndinowaneyiko?
Ndinogara nhaka naye kune denga.

# Ndiani uyu Mambo mutivi

Anogugudza kuti apinde
Chinotaureyi chiremba cheminzwa
Anotidaidzira

CHORUS:
Inzwayi izwi raJesu kunemi
Wakamutambudzikira zvizhinji
Chinotaureyi chiremba cheminzwa
Vana muzarirei

Munofireyi, muri mudima,
Neyi musikamuzarurire?
Jesu shamwari yevese vatadzi,
Muzarurirei zvino.

Neiko muchipfiga misuwo?
Muzarurirei nekukasika
Muzarurirei asati aenda,
Muti, Pindai Mambo.

M'ponesi, ndinonyara zvikuru,
Makamirira aya makore,
Ndazarurira musuwo kunemi,
Pindai mumwoyo wangu.

# Munoziva here hama kuti Jesu wakanaka

Wakasiya Baba wake kuponesa varasiki
Ane mwoyo wakatiwa ane nyasha kune vese
Anotsvaka vese avo vanoneta nezvitema

CHORUS:
Anomuda imi mese
Arikudaidza imi
Ari kumirira zvino
Uyai mupei mwoyo yenyu

Munoziva here kuti Jesu ndiye Mwari diko?
Wakapiwa simba rese, Baba wake wakamupa;
Ndizvo anotonga vese pakuguma kwe'ri pasi;
Musarege kumuziva, pindukayi zvinopano.

Hamuzivi here, hama, kuti Mwari anotida?
Anoziva zviro zvese izvo zvinotinakira;
Ngatirege zvakaipa, tibatise zvakanaka,
Ngatigare kuna Kristu, tinofadzwa zvirokwazvo.

Zvakanaka zvinogara, zvakaipa zvinozofa,
Vakanaka vanofara, vakaipa vanochema;
Huyai, kudzai Jesu Kristu, munokomborerwa ndiye.
Ngatiende isu tese, tindogara naye pamwe

# 'Mi vaguri vemitemo muri kuendepiko

Iyo nzira ine rufo, nzira yakashata
Iyo nzira ichaguma, muchazorasika
Itsaukireyi mese ichazomurasa

Huyai mese kuna Jesu nzira yehupenyu,
Haizoperi pano, hakuchina kufa;
Jesu ndiye nzira yedi munoenda naye,
Huyai kwaari, mese mese, anomuponesa.

# Jesu Kristu ndiM'ponesi

Wakatida isu tese
Wakaunza ruponeso
Kuti tese tiponeswe

CHORUS:
Ndiri pano ndiponesei
Handichadi zvakaipa
Ndoda kuva mwana wenyu
Misi yese yeupenyu

Jesu Kristu ndiMuponesi,
Ane rudo kuvatadzi,
Wonai, ari pam'chinjiko
Kutifira vanyangadzi.

Jesu Kristu ndiMuponesi,
Usagare neurombo,
Uya zvino, uponeswe
Kuti uve nerufaro.

Jesu Kristu ndiM'ponesi,
Usazotya, uya hako,
Kana wakatadza seyi
Uya zvako uponeswe.

Jesu Kristu ndiM;ponesi,
Kuti uchirasa zvese
Zvakaipa zvako nhasi
Unogara naye Jesu.

# Dombo remakore ngandiwigwe kunemi

Kana mvura neropa zvakabva parutivi
Ndibatsireiwo mundibvise zvitema

Harisi basa rangu, ringamufadza imi
Kusi ku-disa kwangu, kana ku-chema kwangu
Zvese hazvindishambi, ndimi mu-noponesa.

Handina che-kumupa, ndouya kum'chinjiko
Ndinoda kupfekedzwa, ndino kumbira tsitsi,
Ndotizira kutsime, ndishambe-yi M'ponesi

Kuti ndava murufu, maziso'ngu apfigwa,
Ndosvika nyika itsva, ndoona muchitonga,
Muri dombo rekare, ndiwigeyi kunemi

# Jesu muri Tenzi Mwana wemusiki

Muponesi wedu tinomukumbira

Tipfuweyi, Tenzi, kune mwoyo wenyu,
Tipeiwo, Tenzi, Mwoyo yakanaka.

Titungamireyi, mune rwendo rwedu,
Tiri pasi pano, kune denga renyu

## Uya mweya wangu

Kuna Jesu Mambo
Ukumbire izvo zviro
Zvinokunakira kwazvo
Anodisa kupa

Tenzi, ndinouya
Kukumbira nyasha,
Handiiti zvakanaka,
Ndinobvuma zvinyangadzo,
Tenzi, ndipei nyasha.

Tenzi, ndinouya
Kutaura nemi,
Ndisunungureyi, Baba,
Ndipeiwo mwoyo m'chena,
Kuti ndimukudze.

Tenzi, ndinouya,
Muri ruzororo,
Mwoyo wangu chengetayi,
Itai dendamaro renyu,
Ivai mambo wangu.

Tenzi, Jesu Mambo,
Ndakabatwa nemi,
Ndinofara zvirokwazvo,
Nditungamireyi, Tenzi,
Muupenyu hwangu.

Ndiudzeyi, Tenzi,
Basa rangu nhasi,
Ndisimbiswe nguva dzese,
Ndichigara zvakanaka
Nekumushandira

# Wagadzira nhasi here

Nzvimbo yake M'ponesi
Yekugara mweya wake
Wakakumirira zvino

CHORUS:
Hunde ndine nzvimbo yake
Tenzi wevatenzi vese
Mwoyo wangu ndazarura
Kutambira Jesu Kristu

Mwari wakatisikira
Kuva imba yakugara,
Anotuma Mweya M'tsvene,
Kuti azogara nesu.

Une nzvimbo yake here,
Uyo wakakununura?
Apo wanga wakaraswa,
Wakauya kokutsvaka.

Haunacho chipo, kwete,
Kupa kuna Mambo wako?
Asi anofadzwa kwazvo
Kutambira mwoyo wako.

Kuti uchimukanganwa,
Ungazoponeswa sei,
Zvokusina rimwe zita
Reungaponeswa naro?

# Tafa isu vanhu Mwari taurawa tese

Nezvitadzo zvataita Mwari tiponesei

Tafa isu vanhu, Jesu Mununuri wedu,
Tiponesei pakaipa, Tenzi Mwari wedu.

Tumai demo reVangeri, tizviteme naro,
Zvitipurwe, zviurawe, tiponeswe isu.

Zvinorwadza zvotipedza, zvakaipa zvedu,
Zvine nzara, zvine kufa tibatsirei, Mwari.

Zvinorwadza zvotipedza, zvakaipa zvedu,
Zvine nzara, zvine kufa tibatsirei, Mwari.

# Wakanaka uyo musi

Wandakatenda kunaShe
Mwoyo wangu fara zvako
Ndinoudza vanhu vese

CHORUS:
Wanaka wanaka musi wandatenda Ishe
Jesu wakandidzidzisa
Kurinda nekunamata
Wanaka wanaka musi wandatenda Ishe

Chitenderano chitsvene
Chinondisunga kuna She
Ngaizadzwe imba yake
Nenziyo dzandinoimba

Basa guru rakapera
Ndiri wake ariwangu
Ndinofara kumubvuma
Ndikamutevera Jesu

Mwoyo wangu uzorore
Neichi chitenderano
Rega kubva kuna Ishe
Kwaari zvose zviriko

# Dziripo tsitsi here

Dzachengeterwa ini?
'She angaita here
Ndiregererwe ini

Ndaiwanzo muramba,
Ndaiwanzo museka
Ndairamba kumunzwa
Nokumutsamwisisa.

Urwu rudo runobvepi?
Rwobva kuMumiriri
Iye Murevereri
Pachigaro chengoni

Anondireverera
Achiratidza zvanza
Mwari rudo nomutsa
Anonyatsondidisa

# Kune nyasha dzangu here

Ndiri umwe ndakatadza
Ndakadaidzirwa kare
Asi handisakauya

CHORUS:
Ndazoziwa Mwari rudo
Jesu anondichemera
Jesu anochema achindida

Kune nyasha dzangu here?
Ndakashora izwi renyu,
Handisakamuremedza,
Ndakaramba kutevera.

Kune nyasha dzangu here?
Ndakafamba nzira dzangu.
Handisakamubatsira,
Ndakaita mukukutu.

Kune nyasha dzangu here?
Ndakasiya Baba wangu,
Handisakamubatsira,
Ndakanyadza hama dzangu.

# O Mwari ndiri pasi pano

Kutsvaka nyasha dzenyu

CHORUS:
Ndotenda kuna Jesu Kristu
Ndotenda kuna Jesu Kristu
Ndotenda kuna Jesu Kristu
Wondipa ruponeso

Ndisunungurei, Baba, zvino,
Pam'sana pake Jesu.

Hupenyu hwangu hwakashata,
Ndipeiwo mwoyo mutsva.

Ndinoda simba renyu, Baba,
Ndigare zvakanaka.

Huyai imi Mweya M'tsvene,
Mutungamiri wangu.

Rujeko rwangu gara neni,
Hupenyu hwangu hwese.

# Ndinochema Tenzi Mwari

Baba muri mutsvene ndinzwei
Handina rufaro Mambo
Ndiponesei Tenzi wangu

Ndiri hwai ndarasika,
Ndiri pasi pemapako,
Ndazonyura pakaipa,
Ndinyurureyi, Tenzi wangu.

Ndakarasa nzira yenyu,
Ndikarega tsitsi dzenyu,
Ndakasiya nzira yenyu,
Nganditsvake, Tenzi wangu.

Pane dima rakakomba.
Budai zuva rakanaka,
Nganditsvake nzira yenyu,
Ndiponesei, Tenzi wangu

# Mwari wedenga dzvene

Baba wevanhu vese
Tinangisei nhasi
Muve netsitsi kunesu

CHORUS
Baba wedu
Ivai netsitsi kunesu
Tiri mudima rekusaiziva
Ivai netsitsi kunesu

Takamusiya kare,
Takasarura kuipa,
Tinodzokera nhasi
Kuzodzitsvaka nyasha.

Tochiregera zvinhu
Zvinokuvadza vanhu,
Tiri kumukumbira
Kuti tisunungurwe.

Tiri kuwona imi,
Tiri kutenda imi,
Toda kugara nemi,
Toda kufamba nemi.

# Jesu Tenzi ndiri bofu

Mune mwoyo wangu
Ndinodisa nyasha dzenyu
Kuti ndimuwone

Mwoyo wangu mukukutu,
Upfavisei, Tenzi,
Mundipewo mwoyo mutsva,
Mwoyo wakanaka.

Ngandizive imi, chete,
Mune simba rese,
Rekundipa mwoyo kwawo,
Kufanana nemi

Ndakabarwa mune dima
Nemukusaiziva,
Asi zvino ndinowona
Imi ruveneko.

Ndochitenda kuti zvino
Ndinofara nemi,
Garai neni nguva dzese
Kuti ndisatadze

# Kwanhasi ndochitendeuka

Ndochisiya nzira dzangu
Ndochiteera nzira
DzaM'ponesi wangu

Handina chipo chakakwana,
Kuwonesa rudo rwake,
Ndinopira mwoyo wangu
Kune basa rake.

Kuziva rudo rwake Jesu
Kunofadza mwoyo wangu,
Ndinopira zviro zvese
Kune basa rake.

Ndotenda kuti Muponesi
Anondisimbisa zvino,
Kuti ndive mutendeki
Nekusingaperi.

# Neni handikurasi nekuti wapinduka

Kuipa kwasukiwa chienda nerufaro

CHORUS
Neni handikurasi chienda upembere
Imba ukudze enda usazotadzezveba

Neni handikurasi, nekuti wadaira,
Hakuna kuraswaba kweavo vanondida.

Neni handikurasi, ndakabva kuna Baba,
Nepamusana pako, nekuti anokuda.

Neni handikurasi, chikudza Baba wako
NeMurumbwana wake neMweya wakachena.

# Jesu maidisa mwoyo wangu kwazvo

Apo ndaisaiziva kuti ndakashata
Ndanga ndakaraswa apo ndaichema
Imi makandida makandiponesa

Zvino ndazoziva kuti mune zvese,
Munokomborerera vese vanomuda;
Imi muri tsime reupenyu hwangu,
Ngandiimwe, Tenzi, kuti ndisazofa

Ndinoona ndimi tsitsi dzakakwana
Kundisunungura zvinyangadzo zvangu;
Kutendeka kwangu kuri pane imi,
Ndichengetei, Tenzi nekusingaperi.

Ndimi mubatsiri, ndinomubatisa,
Ndimi muri M'tsvene, ndinomutevera;
Ndimi Muponesi, ndinomushandira,
Ndimi mune simba rakakwana rangu.

# Ndinoda zvikuru kupiwa ndaramo

Ndinoda kazhinji kugara nemimi
Ndizvozvo M'ponesi ndouya kunemi
Sukayi ndichene kudai semimi

CHORUS
Ndinofarira sukai ndichene
Ndichene ndichene kudai semimi

Nditorei, M'ponesi, kudenga kum'soro,
Ndinoda kugara ikoko nemimi;
Ndouya kunemi ndouya kunemi,
Sukayi, ndichene kudai semimi

Ndinomukumbira, M'ponesi wevanhu,
Ndinoda kuita mabasa aMwari;
Yo wakatumira rufaro panyika,
Sukayi, ndichene kudai semimi.

Ndiwonei ndagara nemwoyo unoda,
Uyayi, ndipeyi masimba nyamusi,
Uyayi, ndapota, ndamugaririra,
Sukayi ndichene kudai semimi.

# Papadyo kunemi Tenzi

Ndoda kuponeswa
Zvitema zvangu zvinorema
Kundindondomedza

CHORUS
Ndichengetei ndichengetei
Ndinomutenda imi
Ndifukidzei ndifukidzei
Nekururama kwenyu

Papadyo kunemi, Tenzi,
Ndinouya zvino,
Maropa enyu ane simba
Kundisunungura.

Papadyo kunemi, Tenzi,
Ndiri kupfugama,
Chisepe chenyu chine simba
Kundinyararidza.

Papadyo kunemi, Tenzi,
Ndinomugarira,
Kuipa hakuchina simba.
Ndiri padyo nemi

Papadyo kunemi, Tenzi,
Ndoda kuzorora,
Kugara nemi misi yese,
Kunonditsvenisa.

# Ndanzwa izwi renyu

Rinondidaidza
Kuzoshambidzwa muropa
Robva pam'chinjikwa

CHORUS
Ndouya Ishe
Kwamuri Ishe
Kushambidzwa muropa
Robva pam'chinjikwa

Ndashaya masimba,
Imi muchandipa;
Munondishambidza kwazvo
Mununditsvenisa

Jesu wandidana,
Ndiwane rutendo,
Nerudo nerunyararo
Pasi nekudenga

Jesu wosimbisa
Nduramo mukati;
Wapamhidza ngoni dzake
Panzvimbo pechivi.

Toombera ropa!
Toombera ngoni!
Chipo chabva kunaKristu
Iye Mwari wedu.

# Baba ndiri mwana wenyu

Nyangwe ndakatadza
Ndinochema mberi kwenyu
Mundiregerere

Zvitadzo zvangu zvizhinji
Hazvingaverengwe;
Ndinozviisa kwamuri
Mundiregerere.

Mirau yenyu ndakatyora,
Ndakakuzvidzai,
Mununuri ndamurasa
Mundiregerere.

Ndakatadza nokureva
Nokufunga kwangu,
Ndakatadza namabasa,
Mundiregerere.

Nyange ndanga ndafanira
Kukurumbidzayi;
Ndatadza nokukanganwa;
Mundiregerere.

# Sezvandiri ndinouya

Ndisina chandakanatsa
Asi ndimi mandidana
Ndinouya Ishe Ishe

Handinonoke kubviswa
Zvitadzo zvandakaita,
Kwamuri munochenesa
Ndinouya Ishe, Ishe.

Kunyange ndodzungaidzwa
Namadzudzo omumwoyo,
Ndichinzwa kurwa nokutya
Ndinouya Ishe, Ishe.

Murombo, bofu razvidzwa,
Ndichapona nemi chose,
Ndichapfumiswa kwamuri,
Ndinouya Ishe, Ishe.

Munozondiregerera
Ndigamuchirwe, ndicheniswe,
Nokuti ndokubvumai
Ndinouya Ishe, Ishe.

# Nzira dzenyu Baba dzakanaka kwazvo

Kana dzichinetsa ndinotenda imi
Nditungamireyi ndinomutevera
Handina ungwaru kuzvisarurira

Handimukumbire zvinhu zvakanaka,
Asi munondipa zvinondinakira;
Ndinodisa kwazvo kufanana nemi,
Uko kunopinda zvinhu zvese zvimwe.

Ndinotsvaka musha wevatsvene, wenyu
Ndinosiya zvese kuti ndikasvika;
Ndizvo ndidzidzisei izvo ndinoshaya
Kundigadzirira iyo nzvimbo tsvene.

Nzira dzenyu, Baba, dzakanaka kwazvo
Ndinofadzwa ndidzo, dzimwe handidiba;
Muri zvinhu zvese kune mwoyo wangu,
Nzira dzenyu dzese dzine ndaramiso.

# Uya mweya yatambudzwa

Tenzi ane tsitsi
Muchazopiwa zororo
Uchivimba neizwi

CHORUS:
Vimba naye M'ponesi
Koya iwe zvino
Ane rudo ane simba
Unozoponeswa

Jesu aparadza ropa,
Kutikomborerera
Uzvishambidze neropa
Zvino wocheneswa

Jesu nzira yechokwadi
Neyo kuzorora
Zvino wotenda kwaari
Uchakomborerwa

Sangana nesu vatsvene
Tiende kudenga
Tigare tese munyika
Izere rufaro

# Apo ndinowona Jesu Kristu

Ari pam'chinjiko
Ndinoona mhosva dzangu dzese Ngandisunungurwe

Ndinoripa neyi rudo rwenyu,
Urwo makandida?
Ndinounza mwoyo wangu chete,
Ndicho chipo changu.

Kunyange ndikamupa zvinhu zvese,
Hazvikwani, kwete,
Ndizvo ndinouya ini pachangu
Pamakumbo enyu.

O Jesu, ndinozviradzika
Pasi mberi kwenyu,
Kushandira imi nguva dzese
Dzeupenyu hwangu.

Zvino handichadi mumwe, Tenzi,
Ndinomuda Kristu,
Ndizvo ndinoedza misi yese
Kushandira imi.

Nhasi ndinotora chidyo chenyu,
Chitondedzo changu,
Kuti zvino ndiri munhu wenyu,
Kwese ndinoenda.

# M'ponesi wangu wakafira ini

Zvino ndaponeswa nero ropa renyu Jesu

Chinhu chakanaka chakandinakira
Chekutenda Jesu, uyu wakandiponesa.

Ndizvo, Tenzi wangu, torai rudo rwangu,
Ndinomupa imi, ndiiteyi mwana wenyu.

Torai mweya wangu, torai pfungwa dzangu,
Torai simba rangu, zvishandire imi, Tenzi.

# Ndomutevera Tenzi Jesu

Ndomutevera Tenzi Jesu
Makandifira pam'chinjiko
Imi muripo wezvitema

CHORUS:
Ndouya kunemi
Ndouya kunemi
Ndimi M'ponesi wangu Tenzi
Makandiwona ndakaraswa

Ndomutewera, Tenzi Jesu,
Ndomutewera, Tenzi Jesu,
Ndakasimbiswa ne'ro ropa,
Rakawerera pam'chinjiko.

Ndomutewera, Tenzi Jesu,
Ndomutewera, Tenzi Jesu,
Mvura neropa zvandisuka,
Zvese zvitadzo zvangu zvabva.

Ndomutewera, Tenzi Jesu
Ndomutewera, Tenzi Jesu
Makandibvisa mune pfukwa
Umo ndakange ndiri kufa.

Ndomutewera, Tenzi Jesu,
Ndomutewera, Tenzi Jesu,
Makatambudzikira ini,
Kuti ndizive nzira yedi.

# Ndanzwa Tenzi wandidana

Ndochimutevera misi yese

Ndinomupa mwoyo wangu,
Ndochimutevera misi yese.

Ndinoita kuda kwake,
Ndochimutevera misi yese.

Ndinodisa izwi rake,
Ndochimutevera misi yese.

Ndinokoya izwi rake,
Ndochimutevera misi yese.

Ndinomushandira hangu,
Ndochimutevera misi yese.

Ndinodisa chechi tsvene,
Ndochimutevera misi yese.

Ndinogara naM'ponesi,
Ndochimutevera misi yese.

Ndinokudza Jesu Kristu,
Ndochimutevera misi yese.

# Nekuti Tenzi wakandida

Handizomukanganwi
Nekuti wakandifira apo
Handizomukanganwi

CHORUS:
Handichazomusiyiba
M'ponesi M'ponesi
Handichazomusiyiba
Nekuti wakandida

Neruponeso rwakanaka
Handizomukanganwi,
Nekuti ndakapiwa nyasha
Handizomukanganwi.

Nekuti anondipa simba
Handizomukanganwi,
Nekuti anondingwarira
Handizomukanganwi.

Nekuti anondipa zano
Handizomukanganwi,
Nekuti ndinofara ndiye
Handizomukanganwi.

Parwendo rwangu pasi pano
Handizomukanganwi,
Kudenga nekusingaperi
Handizomukanganwi.

# O rudo harungandisiyi

Ndinoda runyararo rwenyu
Ndodzokesera mweya wangu
Kukura zvakanaka nemi
Nekusingaperi

O Jesu, mununditevera,
Ndomupa zviro zvangu zvese,
Handina chimwe chiro changu,
Ndatenda munondiitira
Izvo zvakanaka.

O Mwari makanditsvakisa
Ndakange ndine madambudzo,
Ndawona zvino nyasha dzenyu,
Ndawona kuti muri Baba
Wangu wakanaka.

O Mweya, munondisimudza
Kundipa simba rekukunda,
Uyayi, pindai mwoyo wangu,
Uitei zvakamunakira
Nekusingaperi

# Baba ndinoshama kwazvo

Kuti ndidaidzwe ndimi
Ndakagara muzvitadzo
Ndikapera kusvipiswa
Asi hamusakaramwa
Makandida henyu Baba

Baba, kunakayi kwenyu,
Nhamburiko dzakaitwa,
Kunditsvaka pasi pano,
Ndakawonwa ndiri kufa,
Ndikaitwa anopona,
Tenzi, ndinomutevera.

Kuti mune basa renyu
Iro ndingagona kuita,
Ndingafadzwa kuriita,
Handizodi mubayiro,
Ndinodisa kushandira
Imi chete Tenzi wangu.

Ndinotsidza nhasi uno
Kumutsvaka misi yese,
Nekuteerera zvese
Izvo munotaurazvo,
Nekutsvaka varasiki,
Tese tizogara nemi.

# Itai M'ponesi izvo munoda

Muri muumbi ndiri wedongo
Ndiumbei Tenzi sezvo munoda
Ndakamirira ndakatiwira

Itai, M'ponesi, izvo munoda,
Ndinangiseyi nekundiedza;
Sukai mumwoyo, kuti ndichene,
Ndizofanire denga kum'soro

Itai, M'ponesi, izvo munoda
Ndakakuvadzwa, ngandirapiwe;
Simba nderenyu, kuda ndekwenyu,
Ngandisimbiswe, Mwana waMwari.

Itai, M'ponesi, izvo munoda,
Pisai kuipa, kotsai kunaka;
Nditungamirei zvakarurama,
Nditambirei, Tenzi, ndapota.

Itai, M'ponesi, izvo munoda,
Ndidzidziseyi zvese zvaBaba;
Ndigadzirirei imba kum'soro,
Ndoda kugara nemi, M'ponesi.

# Upenyu hwangu nemasimba

Ndinozvipa kuna Jesu
Kuti ndiwe munhu wenyu
Nekusingaperi

CHORUS:
Ndomugarira Muponesi
Ndinofara misi yese
Ndinomusandira Tenzi
Nekusingaperi

Kunemi, Muponesi wangu
Ndinomupa rudo rwangu,
Kuva mutendeki wenyu,
Mutumiki wenyu.

Chitsidzo chenyu chakanaka,
Ndinotenda zvino pano,
Kuti munonditambira
Navo vanotenda.

M'ponesi, imi makafira
Kuponesa mweya wangu,
Ndakanatsa kuzivisa,
Muri Mwari wedi.

# Pasi pemakumbo Jesu

Pane mazwi akakomba
Nzvimbo yakanaka kwazvo
Apo ndakasunungurwa
Pasi pemakumbo Jesu
Ndinodzidza misi yese
Rudo rwakafira ini
Ndashamiswa zvakadai

Pasi pemakumbo Jesu
Ndakakomborerwa pano,
Pano ndakazvirereka,
Zvino ndine ruzororo;
Pasi pemakumbo Jesu,
Nzvimbo yekumukumbira.
Ndotambira simba pano
Rekuteerera Baba.

Pasi pemakumbo Jesu
Ndinogara nekugara,
Ndoda kudzidziswa nemi,
Ndoda mwoyo wakachena,
Ndicheneseseyi, Tenzi,
Mundiite mwana wenyu
Kuti ndijekese rudo
Muupenyu hwangu hwese.

# Zvangu zvese ndezvaJesu

Mweya nemuviri zvese
Zvitondero nezviito
Nguva nemazuva zvese
NdezvaJesu ndezvaJesu
Nguva nemazuva zvese

Nemavoko angu ese,
Ngaamushandire, Tenzi,
Nemakumbo angu aya,
Ngaamutizire Tenzi;
Ndezva Jesu, ndezvaJesu
Ngaamutizire iye.

Nemaziso angu ese,
Ngaawone Muponesi,
Nerurimi ngaruite
Rukudziso rwake Jesu;
Ndezva Jesu, ndezva Jesu
Ngazvikudze Muponesi.

Zvino ndinowona Jesu,
Handichadi chimwe chiro,
Ndiri kunangisa iye,
Uyo wakandifirapo;
Zvese zvangu ndezvaJesu,
Uyo wakandifirapo

# Baba wangu ndinodisa

Kuva wakadai ndimi
Ndinodisa Mweya wenyu
Kuti uchigara neni

CHORUS:
Munoziva nungo dzangu
Munoziva zvirokwazvo
Ndiri kukumbira zvino
Munandipindurawo

Baba, ndinodisa kwazvo
Rutendeso rwakanaka,
Kuti ndinotenda imi
Nguva dzangu dzese dzese.

Baba, ndinodisa kwazvo,
Kuva wakatiwa ini,
Kuwonesa kune vamwe,
Kuti tinodana seyi.

# Torai mwoyo wangu

Baba uitei wenyu chete
Mweya wenyu ngaupwanye
Mweya wangu unodada

Baba ndiiteyi kwaye
Nekudisa runyararo
Nekuvenga nzira dzavo
Vanofunga zvakaipa.

Nyasha dzenyu ngadziuye
Kundifuka misi yese,
Kuti ndive munyarari,
Ndizogara nemi, Baba.

Ropa rake, Jesu Kristu,
Ngariite ndirapiwe,
Mweya M'tsvene, ndipangidzei
Nzira yenyu yekudenga.

# Ndinomuda M'ponesi nemwoyo nemweya

Ndakasiya zvitadzo kumuteerera
Ndinomuda M'ponesi nekuti makandida
Ndinomuda zvikuru M'ponesi muri wangu

Ndinomuda, M'ponesi, nesimba repfungwa,
Ndinosuva zvizhinji kugara kumusoro,
Ndinofunga zvizhinji nekurowerwa kwenyu,
Ndinomuda zvikuru, M'ponesi, muri wangu.

Ndinomuda, M'ponesi, Mufiri wevanhu,
Ndinofunga zvizhinji chiremba cheminzwa,
Ndinoshama zvikuru nerudo rwakadaro,
Ndinomuda zvikuru, M'ponesi, muri wangu.

Ndinomuda, M'ponesi, kumusoro kudenga,
Ndichazogara nemi kusingazoperi,
Ndichaimba rukudzo kunemi, Mununuri,
Ndinomuda zvikuru, M'ponesi, muri wangu.

# Mweya wangu una M'ponesi

Wauri kupiwa
Ndafanera kusarudza zvino
Ndichagam'chirasu

CHORUS:
Ndoda ndoda ndoda Mwari muyamuri
Muri wangu
Ndakatengwa neropa raIshe
Ndava wake chose

Nengoni ndichagam'chira tsitsi;
Rudo rwenyu Kristu
Rwaukunda mwoyo wangu kwazvo
Ndichavimba nemi.

Munoziva kusasimba kwangu,
Ndotya kurasika;
Asi imi muri simba rangu,
Munondipa simba.

Hongu, Ishe, tipe isu tose
Ngoni dzenyu nhasi,
Nezvinobva mumwoyo tichiti:
Ndichava wakristu.

Vakauya vamwe vachibvunza:
Tingapone here?
Hongu, ndinoda muponeswewo,
Nesu tinodaro.

# Ndozvipira zvese zvangu

KwaM'ponesi wangu
Ndosimbira nekumuda
Ndinomugarira

CHORUS:
Ndozvipira zvese
Ndozvipira zvese
Zvese kwamuri M'ponesi
Ndozvipira zvese

Nhengo dzangu dzemuviri,
Zvese ndinomupa;
Mwoyo wangu nekufunga,
Ndinozvipira Jesu.

# Nounyoro Jesu anokudana

Kudana imi neni
Onai anokumirira iwe
Nekutarisira

CHORUS:
Uyai uyai imi
Makatambudzwa uyai zvino
Nesimba nerudo Jesu wodana
Kudana imi huyai

Tichamiririrei Ishe wodana?
Kudana imi huyai
Tichagarirei tisina nyasha?
Nyasha pamusoro pedu.

Nguva yotiza, musi wopfuura
Kubva kunemi neni
Mumvuri wouya nenhowo yorufu
Pamusoro pe'mi neni

Kugamuchira rudo rwakakomba
Takavimbiswa narwo
Kunyange takatadza, 'ne nyasha
Ruregerero rwedu.

# Tambirayi mweya wangu ndokupirai upenyu

Tambirai misi yese ngaikurumbidze 'She
Mutambire mawoko aite basa renyu
Tambirai tsoka Ishe kuti dzikumhanyirei

Tambirai izwi rangu, riimbire She wangu
Mutambire miromo, iparidzire Mambo
Mari yangu tambirai, pasina chandasiya
Tambirai ndangariro, chiitai basa nayo

Tambirai kuda kwangu, kuti kusave kwangu
Zvino tambirai mwoyo, chive chigaro chenyu
Tambirai rudo rwangu, ndokupai pfuma dzangu
Munditambire Ishe, nguva isingaperi

# Ndiri wenyu Tenzi

Ndanzwa izwi rataura nerudo
Ndinoda kusimba murudawiro
Ndiwe padyo nemi

CHORUS:
Ndipfuweyi padyo naTenzi
Padyo nemuchinjiko
Ndipfuweyi ndiwe padyo naTenzi
Padyo nedivi renyu

Ndipireyi kubasa renyu
Nesimba'ro netsitsi
Mweya wangu utarise imi
Nerudo ruwe rwenyu

Ndine rufaro Tenzi
Panguva ndiri pamberi penyu
Ndichipfugama nemizve
Mwari tichitaurirana

Kune rudo rwandisikaziwi
Kudakara ndisvikeko
Rufaro rwandisikasvikire
Kudakara ndiwe nemi.

# Tenzi ngandifambe nemi

Mubasa ndizvideredze
Simba renyu riyamure
Muzvinetswa ndisakundwe

Ngandisimbise vamwe
Nezwi nerudo rutsvene;
Ngandidzore varasika
Kunzirayo yekumusha.

Ndipei kushingira kwenyu
Ndigare murukwadzano;
Basa renyu rifanzise
Rutendo neruvimbozve

Rukariro ruvheneke
Nzira yeupenyu hwese
Rugare ngaruratidze
Upenyu hwangu munemi

# Rudo runopinda pfungwa

Ndorutaura seyi
Rudo Jesu akaunza
Ndorutaura seyi
Rudo runosunungura
Rudo rwepamuchinjiko
Rudo rwakandinunura
Ndorutaura seyi

Rudo runokoka vose
Ndorutaura sei!
Pfungwa hai rudidziri
Ndorutaura sei!
Ngatitaure kwose kwose
Kana kuti ndirindega
Kune vanoramba Mwari
Ndorutaura sei!

Rudo runofadza denga
Ndorutaura sei!
Runofadza muurombo
Ndorutaura sei!
Ngatitaure nekukasa
Kana kune pfumvu huru
Zvose ndinoziwa ndirwo
Ndorutaura sei!

# Ndinouya nemasoko erudo

Masoko akakomba edi
Kuti Baba wakatida zvikuru
Anofara kuponesa tese

CHORUS:
Munangisei hama dzangu
Muna Muponesi zvino
Uyo anotenda iye apone
Munangisei hama dzangu mese

Ndinouya nemashoko kunemi
Mashoko akanaka enyu,
Kuti Kristu, wakafira vatadzi,
Munangise anomuponesa.

Jesu Kristu wakandisunungura,
Upenyu hwake akandipa,
Ndakatenda izwi rake mumwoyo,
Mweya wangu wakapona ndiye.

Nhasi, kuti uchimunangisa
Mumwoyo nekufunga kwese,
Uchiuya kuna iye nerudo,
Jesu Kristu anokuponesa.

Kuti uchiramba Jesu M'ponesi
Nerudo rwake rwakadai,
Ungapone seyi musi mukuru,
Musi anotonga vanhu vese?

# Basa rangu rese nekuchema kwangu

Nekunaka kwangu
Izvi hazvigoni kuti ndiponeswe

CHORUS:
Asi Jesu chete ndiye anoita
Kuti ndichimupa mwoyo wangu wese

Zvipo zvangu zvese nekuziva kwangu
Neshamwari dzangu,
Izvi hazvigoni kuti ndiponeswe.

Rupinduko rwangu neungwaru hwangu
Nemasimba angu,
Izvi hazvigoni kuti ndiponeswe.

Asi nerutendo kuna Jesu Kristu
Nekumutevera,
Izvi ndizvo, chete, zvingandiponesa.

# Kune rwizi rwekushamba

Mwoyo yese inorwara
Ropa rake Jesu Kristu
Rine simba kuchenesa

Iyo mbava yakafara
Kuwona urwo rwizi,
Neni ndinofadzwa narwo
Kushamba mwoyo wangu.

Ropa renyu, Jesu Kristu,
Rine simba kundirapa
Nekurapa vese avo.
Vanotenda nekumuda

Apo ndichirara muvu,
Ndakakunda zvinyangadzo,
Pakudenga ndichaimba,
Ndakapona kubva pasi.

# Mwari wakadisa pasi

Wakaripa mwana wake
Kuti vese vanomuda
Vachazoponeswa naye

CHORUS:
Haleluya haleluya
Jesu ndiM'ponesi wedu
Anondiponesa diko
Ndinomugarira Jesu

Vanhu vese vari pasi,
Vatema nevachena,
Nemarudzi evachena,
Vane ropa rimwe chete

Jesu wakafira vese
Kuponesa ndudzi dzese,
Ndizvo tinofara zvino,
Mwari ndiye Baba wedu,

Ngatidane vanhu vese,
Ngatikudze Baba wedu,
Ngatiite vanhu kwavo,
Ndizvo tinokomborerwa.

# Ndinoshama misi yese

Ne'rwo rudo rwaJehova
Zvotanga tiri kunga hwai
Dzakarasa gwara

CHORUS
Wandida wandida wandida zvirokwazvo
Zvoakafira pam'chinjiko kuponesa ini

Ndinoshama nezvirwadzo zvake,
Kristu pam'chinjiko,
Nemazwi ake akanaka
Kune mhandu dzake.

Ndinoshamazve nekuti Kristu
Wakafira mhosva,
Dzainga dzisi mhosva dzake,
Asi dzedu vanhu.

Ndinoshamazve neruponeso
Rwakaitwa naye,
Zvitadzo zvangu ndakabvuma,
Ndikasunungurwa.

Ndinoshama kuti Muponesi
Wakafira ini,
Nekuti handifaniriba
Kuponeswa naye.

## Ndinoziva shamwari Jesu

Anopinda vashamwari vamwe
Ndiye anondibatsira
Ndiye anondichengeta
Jesu ndiye shamwari yangu

CHORUS
M'ponesi shamwari yangu
M'ponesi shamwari yangu
Ndiye anondibatsira
Ndiye anondichengeta Jesu
Ndiye shamwari yangu

Ndinoziva shamwari Jesu,
Anondipa runyararo rwake,
Wakatumwa pasi pano,
Wakakwira denga rake,
Jesu ndiye shamwari yangu.

Ndinoziva shamwari Jesu
Uyo anoziva zviro zvese,
Ndiye handishayi simba,
Asi ane rudo rwese,
Jesu ndiye shamwari yangu.

Ndinoziva shamwari Jesu,
Anogara neni nguva dzese,
Anonyararidza vake,
Ndiye anotifarisa,
Jesu ndiye shamwari yangu.

Ndinoziva shamwari Jesu,
Ndiye umwe anotendwa diko,
Ndiye anondisimbisa,
Ndiye anondiponesa,
Jesu ndiye shamwari yangu.

Ndinoziva shamwari Jesu,
Handichazomusiyiba, kwete,
Ndine rururamo naye
Nerufaro misi yese,
Jesu ndiye shamwari yangu.

# Ndinoda zita rake Jesu rakanaka kwazvo

Kudai nechitsidzo changu chinondifadzisa

CHORUS
Ndinodisa M'ponesi
Ndinodisa M'ponesi
Ndinodisa M'ponesi
Kutanga wakadisa

Rinoti, rudo rwake Baba kune vanhu vese,
Rinoti, ropa rine simba kuponesa vanhu.

Rinoti, Baba wakanaka anondida kwazvo,
Anoda kubatsira vese vanomuremedza.

Rinoti, tine basa redu tiri pasi pano,
Kuita kunga Jesu Kristu nekumutevera.

# Hakuna hama kupinda Jesu

Hakunaba hakuchina
Hakuna umwe kurapa vese
Hakunaba hakuchina

CHORUS
Jesu ndiye shamwari yedu
Anonatsa kutungamira
Hakuna umwe kupinda Jesu
Hakunaba hakuchina

Hakuna umwe mukuru zveba,
Hakunaba, hakuchina,
Hakuna umwe mununudziri,
Hakunaba, hakuchina.

Hakuna chipo chikuru zveba,
Hakunaba, hakuchina,
Hakuna umwe kurapa mwoyo,
Hakunaba, hakuchina.

Hakuna nguva tisikawonwi,
Hakunaba, hakuchina,
Hapana nzvimbo asikazivi,
Hakunaba, hakuchina.

# Hakuna zita kunga Jesu

Kana nekudenga
Hakuna rimwe rakadaro
Zita raM'ponesi

CHORUS
Tinoda kuimbira Jesu
Tichimupa mbiri
Nekuti hatizivi zita
Rinokunda iri

NdiJesu wakafira tese,
Wakatida kwazvo,
Zvotanga takaraswa tese
Nezvitadzo zvedu.

NdiJesu wakaita nyasha,
Takamukanganwa,
Wakati, "Enda hako mwana,
Usazotadzezve."

NdiJesu wakatiudzira
Kutunhidza Mwari,
Nekusarudza vashamwari
Vakanaka chete.

NdiJesu anorapa vanhu
Anovasimbisa,
NdiJesu anomutsa vafi
Kune hama dzavo.

NdiJesu anoenda nesu
Kwese tinoenda,
NdiJesu anotibatsira
Muupenyu hwedu.

## Ndinoda iyi nyaya

Yezvinhu zvekudenga
Zvembiri yake Jesu
Zverudo rwake iye
Ndinoda iyi nyaya
Nekuti iri idi
Kugutsa mwoyo wangu
Nepfungwa dzangu dzese

CHORUS
Ndinoda iyi nyaya yaJesu M'ponesi
Yekuti wakauya kofira vanhu vese

Ndinoda iyi nyaya
Nekuti yakanaka
Kupinda zvese pasi,
Kupinda pfuma dzedu;
Ndinoda iyi nyaya
Yekutondedzwa ndiyo,
Mupfuma dzemunyika
Ndakange ndakanyura.

Ndinoda iyi nyaya,
Yondipa rushingiso
Murwendo pasi pano,
Murwendo rwekudenga;
Ndinoda iyi nyaya
Kutaurira vamwe
Neshoko reupenyu
Kunyika dzese dzese.

Ndinoda iyi nyaya,
Kupinda dzimwe dzese.
Ndinonzwa ndine nzara
Yeiyi nyaya huru;
Yogutsa mwoyo wangu,
Ndinoda iyi nyaya,
YaJesu Mambo wangu,
Kufanza kune vamwe.

# Mazita ari pasi mazita anokosha

Pam'soro pawo ese kune rimwe zita

CHORUS
Jesu ndiro zita zita rakanaka
Rinopinda ese Jesu ndiro zita

Ndinoda iro zita reuyo anoziva
Madambudziko angu, anondichengeta.

Ndinoda kunzwa zita raMuponesi wangu,
Nekuti anobvisa zvinyangadzo zvangu.

Panguva dzese pano ndinoda kuimbira
M'ponesi wangu Jesu, ndwiyo dzekukudza.

# Runyararo rukuru ndakapiwa naMwari

ZvoJesu M'ponesi akadzika
Runopinda rufaro runopiwa nepasi
Runogara nekundinyaradza

CHORUS
Jesu anogara neni nguva dzese dzese
Jesu anogara neni ndinofara kwazvo
Jesu wakanditsidzira ndinogara newe
Kukutungamira muupenyu hwako

Runyararo rwaBaba harupiwi nenyika,
Kana zvekurubvisa haigoni,
Kuti nhamo dzepasi dzichinditenderedza
Runyararo runosara runeni.

Runyararo tinarwo nechitsidzo chaBaba,
Ichi chipo chikuru chaMwari,
Jesu Kristu M'ponesi wakadzika kutipa
Runyararo nekusingaperi.

# MuKristu ari mukomborerwi

Ane M'ponesi mukuru
Mumwoyo wake anonzwa simba
Ane M'ponesi mukuru

CHORUS
Jesu Jesu M'ponesi mukuru ndinaye
Jesu Jesu M'ponesi mukuru ndinaye

Parwendo rwake rwepasi pano
Ane M'ponesi mukuru;
Watumwa pasi ndiBaba wake,
Ane M'ponesi mukuru.

Wafadzwa kwazvo nezvinhu zvake
Ane M'ponesi mukuru;
Rufaro rwake haruzoperi,
Ane M'ponesi mukuru.

Panzira yake kudenga tsvene
Ane M'ponesi mukuru;
Haane chiroba chomutyisa,
Ane M'ponesi mukuru.

Mazuva ese panzvimbo dzese
Ane M'ponesi mukuru;
Anodeyiko kupinda iye,
Ane M'ponesi mukuru.

# Vanhu vese pasi pano

Vaigara mune dima
Havasaiziva mwenje
Havasaiziva Jesu

CHORUS
Asi Mwari wakatida
Nekutuma mwana wake
Koponesa vese avo
Vanodisa kuponeswa

Jesu Kristu mweya wedi
Wekuvenekera pasi,
Anokoka vanhu vese
Kutambira ruponeso.

Avo vakazvirereka,
Vakarasa izvo zviro
Zvaitungamidza pasi,
Vakabuda mune dima.

Zvino tinofara kwazvo
Nekuziva ruponeso,
Nekugara zvakanaka,
Nekuimba, Haleluya.

Korasi: (mumashure me vesi 4):
Haleluya! Haleluya!
Jesu wakauya pasi
Kuveneka nyika yedu,
Kuponesa vanhu vese.

# Ndoimbira munnunuri

Nerwo rudo rwakakomba
Wakarowerwa pamuti
Kuti vese vaponeswe

CHORUS
Ndinofara kumukudza
Uyo wakandinunura
Pam'chinjiko wakafira
Kuponesa vakasungwa

Ndoimbira Mununuri
Nedzo nyasha ndakawona
Zvino ndiri wake Jesu,
Uyo wakandinunudza.

Ndoimbira Mununuri
Nero simba rake guru,
Wakakunda kufa kwake,
Wakamutswa zvemukufa.

Ndoimbira Mununuri
Nerwo ruponeso rwake,
Ndakapiwa mwoyo mutsva,
Wekuita zvakanaka.

# Ndakabarwa mune dima

Rekusaiziva Mwari
Ndikaita miitiro
Yakashata zvirokwazvo
Asi kwakauya mumwe
Nemasoko akanaka
Kuti Jesu wakafira
Kuponesa vanyangadzi

CHORUS
Zvino mwoyo unofara
Ndaponeswa misi yese
Nzira dzangu dzendoita
Dzinofadza Tenzi wangu

Ndinochema kutondera
Miitiro ndakaita,
Kukuvadza muviri wangu
Mune mweya weupenyu;
Asi ndakatenderuka,
Ndikabvuma zvinyangadzo,
Ndikasiya zvakaipa,
Ndikateerera Jesu.

Zvino ndine tsime yangu,
Ine mvura yeupenyu,
Inogutsa mweya wangu,
Inondipa simba guru;
Zviro zvese zvepanyika
Hazvichandikundi kwete,
Ndozvitsvaka zviro zvese
Zviri pfuma dzekudenga.

# Ndinomupa zvose

Ndive wenyu chose
Nhambo dzangu ndomupai
Nadzo ndigomukudzai

'She, maoko angu
Ndinomupa hangu,
Tsoka dzangu naidzo
Dzigomufambirawo.

Neizwi ndinomupa,
Rigomuimbira;
Nomuromo wanguzve
Ngaureve zvenyu, 'She.

Pfuma yangu yose
Ndinomupa chose;
Nemifungo yanguwo,
Ndimukudze, 'She nayo!

Jesu, kuda kwangu
Kuve kuda kwenyu;
Mwoyo wangu naiwo
Ive imba yenyuwo.

# Tsitsi dzinondisahamisa

Dzakandiponesa
Ndakange ndisingawoni
Zvino ndawoneswa

Tsitsi dzinondishamisa,
Dzakandishingisa,
Netsitsi dzake ndasukwa
Zvino ndaponeswa.

Mudambudzo repanyika
Ndine Mugondeki.
Ndichazofamba kuenda
Kum'soro kudenga.

Ishe wakanditsidzira
Rufaro kudenga.
Jehova ndiye M'chengeti
Muupenyu hwepasi.

# Nyasha huru dzaJesuKristu

Nazvo zvivi zvinokundiwa
Pamchinjiko 'She wakandipa
Nyasha huru dzekundinatsa

CHORUS
Nyasha huru dzine simba rekundinatsa
Nyasha huru nadzo zvivi zvigokundiwa

Zvivi zvangu zvinondinetsa
Chiyiko chingazvichenese
Tarisa kuna Jesu Kristu
Nyasha dzake dzingakunatse

Nyasha huru dzakanakisa
Dzakapiwa kune vatendi
Imi munoda kuponeswa
Tendai kuna Jesu Ishe

# Rukuru ruponeso rwaTenzi wekudenga

Rwatengwa nezvikuru ruchibva pakudenga

Rukuru ruponeso, rweavo vakaipa,
Hakuna anorambwa aipa seyi iye.

Rukuru ruponeso, rwabvisa zvakaipa,
Nemhosva nekutadza, nekufa pane moto.

Rukuru ruponeso kusunungura avo
Vanoda kupinduka nekuda kuponeswa.

Rukuru ruponeso, rwatsvenesesa avo
Vanoda Mweya M'tsvene, vanoda rudo rwake

Rukuru ruponeso, ruripo pana Tenzi,
Topiwa ndiye, Tenzi, upenyu hwekudenga.

Todini isu vanhu tikange taruramba,
Topona nechiyiko, toenda denga yiko?

# Ndawona rwizi rwakanaka

Rwakanaka rwakanaka
Ndawona rwizi rwakanaka
Runoshambidza mwoyo

CHORUS
O rwizi rwaMwari
Ndogara pano
Ndoshamba zvese
Zvakaipa zvangu

Vatadzi vanoshamba umo,
Shamba umo, shamba umo,
Vatadzi vanoshamba umo
Vanozochema kwazvo.

`Yo mbava yakafara kwazvo,
Fara kwazvo, fara kwazvo,
`Yo mbava yakafara kwazvo,
Kuzoshambidzwa ndirwo.

Maropa enyu ane simba
Ane simba, ane simba,
Maropa enyu ane simba
Kundoponesa vese.

Ndawona zvino urwo rwizi,
Urwo rwizi, urwo rwizi,
Ndawona zvino urwo rwizi
Ndazocheneswa ndirwo.

Kudenga ndichaimba nemi,
Imba nemi, imba nemi,
Kudenga ndichaimba nemi,
Ndwiyo dzerudo rwenyu.

# Satan wakambondiedza

Akambonditora
Zvino handimushandiri
Asi Jesu Kristu
Zvino ndiye Tenzi wangu
Nekusingaperi
Ndanga ndiri kufa ini
Zvino ndamupenyu

Kare ndanga ndakasungwa,
Naye munyengedzi,
Ndikapunzikira pasi
Mumadhaka ake;
Haasakandibatsira,
Wakandifarira,
Ndanga ndiri kufa ini,
Zvino ndaamupenyu.

Ndakambonga ndakasungwa,
Nezvitadzo kare,
Ndakabatwa, asi zvino
Ndazosununguka;
Ndazowona ruponeso
Rwakanaka kwazvo,
Ndanga ndiri kufa, ini,
Zvino ndaamupenyu.

Zvino ndine munyaradzi
Kunditungamira,
Anondizivisa izvo,
Zvakandinakira;
Ndizvo ndinofara kwazvo,
Neupenyu hutsva,
Ndanga ndiri kufa, ini,
Zvino ndaamupenyu.

# Vatendi vanofara kwazvo vatendi vanofara kwazvo

Vatendi vese vanofara kwazvo vana Mwari wedi

CHORUS
Vanogara zvakanaka vane simba misi yese
Vanomira vakagwinya vanokunda zvakaipa

Vatendi vane mwoyo mitsva,
Vakabarwa patsva.

Vatendi vana Mambo umwe,
Uyo vanodisa.

Vatendi vanodisa Bible,
Vane Bible tsvene.

Vatendi vanodisa vamwe,
Havavengi vamwe.

Vatendi vanotaura idi,
Vanodisa idi.

Vatendi vanoramba fodya,
Inorwadza munhu.

Vatendi vanoramba doro,
Vanodisa mvura.

Vatendi vachagara nhaka
NaM'ponesi wavo.

# Rudo chinhu chakanaka

Runotenda zviro zvese
Runodisa vanhu vese
Runopinda zviro zvese

Rudo harutadzi irwo,
Haruchazoperi, kwete,
Rudo haruchazoneti,
Baba wedu ndiye Rudo.

Rudo runotungamira
Kune nzira yakanaka,
Runoita zviro zvese
Kuti zvive nyore izvo.

Rudo rune tsitsi huru
Kune vanorwara vese,
Runoita zvakanaka
Kune vakaipa vese.

Rudo rwakakomba kwazvo,
Rwakasvika pasi pano,
Rwakatipa ruponeso,
Runosvika nyika dzese.

Ngatiteerere Mwari,
Ndiye wakatida kwazvo,
Ngatimude zvirokwazvo,
Ndizvo tinogara naye.

# Jesu ndoda mwoyo mutsva

Inzwai kukumbira kwangu
Mwoyo wekuita zvese
Zvamunoda pasi pano

Jesu, ndoda mwoyo mutsva,
Wekucherechedza imi
Mwoyo wakachena kwazvo
Kutambira idi renyu.

Jesu, ndoda mwoyo mutsva,
Ndimudise Mwari wangu,
Mwoyo wekutenda zvese
Zvataurwa nezwi renyu.

Jesu, ndoda mwoyo mutsva
Bvisai kunyengadza kwese,
Ndoda mwoyo wakanaka,
Mwoyo wakadai newenyu.

# Zvingagova sei kuti

Ndisunungurwe naIshe
Ndiye wakafira ini
Ndakamukonzera kufa
Chishamiso chakadini
Mwari makafira ini

Mashura! Mwari kufa?
Mazano anoshamisa!
Ngirozi dzokundikana
Kunzwisisa rudo rwake.
Tsitsi dzake! Ngatikudze,
Ngirozi dzoshamisika

Wakasiya denga rake
Nenzira yengoni dzake,
Wakazvidurura chose,
Wakafira isu vanhu.
Tsitsi dzake dzakanyanya
Dzakasvikawo kwandiri.

Mweya wangu wakasungwa
Nemajoti ezvitadzo,
Ziso renyu randiona
Randipenyera zvikuru.
Ndakabiswawo majoti,
Ndabva ndatevera imi.

Handitye zvino kutongwa,
Jesu nezvake ndowangu,
Maari ndava mupenyu,
Ndaruramiswa naIshe,
Ndoswedera kuna Mwari,
Ndipihwe chiremba naShe.

# Ndoyerasei mwoyo maropa aJesu ega

Ndinochena neiwo maropa aJesu ega

CHORUS:
O akanakisa anondichenesa
Chete ndinoziva maropa aJesu ega

Ndinosunungurwa nemaropa aJesu ega.
Ndinoawona chete, maropa aJesu ega.

Hakuna chimwe chinhu, maropa aJesu ega.
Kuregera zvitadzo, maropa aJesu ega.

Nerusimbiro rwangu, maropa aJesu ega.
Nekururama kwangu, maropa aJesu ega.

Mbiri, Mbiri, ndoimba, maropa aJesu ega.
Rukudzo Ndinounza, maropa aJesu ega.

# Rukariro urwo rwangu

Rusimbire kuna Kristu
Handidawiri nemunhu
Asi muzita raJesu

CHORUS:
Ndinomira pana Jesu
Ndiye dombo
Nheyo yangu
Ndipo ndichamira zvangu

Kana usu hwapfidigwa
Panyasha ndinozorora
Mudutu guru resimba
Ruwoko rwake ndobata

Chirangano chake icho
Nechitsidzo che ropa'ro
Zvinondipa rusimbiro
Pakati pemadambudzo

Apo anenge ouya
Netsuri ichazoridzwa
Ndinoda kuti ndimire
MuUmambo hwake Jesu

# Apo Runyararo runondifadza

Kana urombo ndinahwo
Kana muzvose makandidzidzisa
Kunaka nemwoyo wanguwo

CHORUS:
Kunaka nemwoyo
Kunaka nemwoyo wangu'wo

Kunyange Satani, anonditambudza
Ndichasimbira kunemi
Jesu anoziwa kwangu kushaya
Wakandifirapo neropa.

Tenzi tinogarira kuuya kwenyu,
Tinozoenda kudenga
Tsuri inorira Tenzi adzike
Zvadaro nemwoyo wangu'wo

# Rudo kuna Kristu kuna Kristu

Munamato wangu ndopfugama
Mukumbiro wangu rudo kuna Kristu
Kuna Kristu kuna Kristu

Ndakava wepasi, kusaziva
Zvino ndinotsvaga, ndipei rudo
Munamato wangu, rudo kuna Kristu
Kuna Kristu, kuna Kristu

Kana matambudziko, achirwadza
Muneni munhambwe dzakadaro.
Ndichapona ini, apo ndichaimba
Kuna Kristu, kuna Kristu

# Jesu wangu mudiwa ndinouya kunemi

Mananda andibata chiripo chamupupuri
Ndiwige Muponesi dakara kwanyarara
Munonditungamira kumusha wekudenga

Ndimi chidziwiriro, hakuchinazve chimwe,
Musandisiya ndega, Tenzi mundibatsire
Ndosimbira kunemi, rubatsirozve rwangu
Mundifukidze ini, nemapapiro enyu.

Ndimi Kristu ndinoda, zvose zva munondipa,
Simudzai vaputsika, rapai vanorwara
Zita renyu royera, ini ndega ndakashata
Ndazara nezvitema, mazara`di nemutsa

Kune mutsa kunemi, wekuchenesa ini,
Rega uzondirapa, mwoyo wangu mukati.
Zvetsime reupenyu, pindai mumwoyo wangu,
Rirambe `chiwerera, kuzopinda upenyu

# Jesu Kristu Ishe anotida chose

Wakafira isu vatadzi
Tiponeswe naye ticheneswe chose
Tigare naye misi yese

CHORUS:
Ndotevera Jesu Kristu
'She kusvikira ndichabva pano
Ndichaenda kudenga naye
Kundogara misi yese uko

Jesu Kristu Ishe wakatukwa pano,
Wakanetswa nezvivi zvedu
Asi ndinomuda; ndichamutevera
Kusvikira ndisvike uko.

Mwana wekudenga wakasvika pano,
Atakure zvitadzo zvedu;
Worarama zvino, apinde mumwoyo
Abvise kudarika kwedu

Ndichamutevera misi yese pano,
Ndichazivisa vamwe zvino;
Sezvo Jesu Kristu achadzoka pano,
Ndichaenda kudenga uko.

# Padyo nemi Tenzi padyo nemi

Kana dambudziko rive neni
Ndichiri kuimba padyo nemi Mwari
Padyo nemi Tenzi padyo nemi

Ndofanana m'fambi wadokerwa
Rima randibata ndiri munzira
Mukurota ini, ndiri padyo nemi
Padyo nemi Mwari, padyo nemi

Nzira yaonekwa yekudenga
Munditungamire, kuchengeta
Dzajeka Ngirozi padyo nemi Mwari
Padyo nemi Mwari, padyo nemi.

Ndizvo pakumuka ndinotenda
Kubva mudambudzo ndakukudza
Muurombo imi ndiri padyo Mwari
Padyo nemi Mwari, padyo nemi.

Zvepamwe naJesu ndingakwira
Pamberi pezuva kune denga
Pakuimba ndiri padyo nemi Mwari
Padyo nemi Mwari, padyo nemi.

## Nerutendo rukuru

Vanhu vanopona ndirwo

Rwakanakira Daniel,
Saka rwakandinakira.

Rwakanakira Pauro.
Saka rwakandinakira

Rwakanakira Pita.
Saka rwakandinakira.

Rwakanakira Dorka.
Saka rwakandinakira.

Rwakanakira Ruthi
Saka rwakandinakira.

Rwakanditenderudza.
Saka rwakandinakira.

Rwakandipa chisepe.
Saka rwakandinakira.

Rwakandipa rukundo
Saka rwakandinakira

Rwakandipa kuziva.
Saka rwakandinakira.

Rwakandipa ungwaru.
Saka rwakandinakira.

Rwakandipa upenyu.
Saka rwakandinakira.

Rwakandipa rufaro.
Saka rwakandinakira

Runonditungamirira.
Saka rwakandinakira.

Runondipfawisisa.
Saka rwakandinakira.

Runokwidza denga.
Saka rwakandinakira.

# Tora zita rake Jesu

Neurombo hwako hwese
Rinokupa simba rake
Rekukunda zvirunziro

CHORUS:
Zita rake rakanaka
Mwenje wedu pasi pano
Zita rake rakanaka
Mwenje wedu pasi pano

Jesu ndimurwiri wedu,
Ndiye simba redu rese,
Tinokunda zvakaipa
Nero zita rake Jesu.

Kunzwa zita rake Jesu
Tinonyararidzwa kwazvo,
Tinopfugamira pasi,
Mwoyo inomuwombera.

Mwoyo yadziyirwa kwazvo
Kunzwa zita rake Jesu,
Uyo wakatitambira,
Wakatipa mwoyo mitsva.

Iro zita rake Jesu
Rinotipa runyararo
Ndizvo ngatiritondere
Nzvimbo dzese tinotenda.

# Semufudzi wakanaka

Jesu anotungamira
Kumafuro akanaka
Jesu anotungamira
Kuti tisaziva nzira
Jesu anotungamira
Kana pfumvu iri padyo
Jesu anotungamira

Mukunetswa kweupenyu.
Jesu anotungamira;
Kune nzvimbo yakanaka,
Jesu anotungamira;
Anoziva nzira dzese,
Jesu anotungamira;
Anoziva nungo dzedu,
Jesu anotungamira.

Parufaro rwedu rwese,
Jesu anotungamira;
Apo tinorwara kwazvo,
Jesu anotungamira;
Apo rufo runouya,
Jesu anotungamira;
Nekuenda kune denga,
Jesu anotungamira.

# Mwari wakati handikunganwi

Ndinokunangisa nguva dzese dzese
Ndinokuziva uri mwana wangu
Ndinokuchengeta nekutungamira

CHORUS:
Handikunganwi mwana wangu
Ndinokuchengeta ndinokunangisa
Handikunganwi kwete kwete
Ndiri Baba vako uri mwana wangu

Ndinoshamiswa chitsidzo chaMwari,
Asi ndinotenda mazwi ake ese,
Kuti ndavengwa pamsana paJesu,
Ndinocherechedzwa naM'ponesi wangu.

Kuti ndasvika denga dzvene iko
Dambudziko rangu rese razopera,
Ndinomukudza uyo wakandida,
Ndinomuimbira nekusingaperi.

# Jesu ndimutungamiri

Wevatendi pasi pano
Kana pfukwa nekutyisa
Kana pfumvu zvandisvika
Ndinotenda handizotyi
Jesu Tenzi ndichengetei

Jesu ndiMutungamiri
Paupenyu hwangu pasi,
Ndinotenda, ndinofara,
Ndine umwe wakadai,
Mushamisi kune vese;
Jesu Tenzi, ndichengetei.

Jesu ndiMutungamiri
Wekuenda kune denga,
Nzira dzake dzine mwenje.
Zano rake rinogara,
Asi zvangu handitendi;
Jesu Tenzi, ndichengetei.

# Nerutendo tinoziva

Mwari wakasika pasi
Zuva mwedzi nenyeredzi
Zvese zvinobatwa ndiye

Nerutendo Abrahamu
Wakateerera Mwari,
Akaenda nyika m'kanza.
Akakomborerwa ndiye.

Nowa wakatenda Mwari,
Akavakavo ngarava,
Wakateerera kwazvo,
Akazoponeswa ndiye.

Nerutendowo Enoki
Wakafadza Mwari wake.
Ndizvo haasakafaba,
Wakatorwa kune denga.

Tinoziva tinogara
Murutendo kuna Mwari,
Nekuita zvakanaka
Kuna Mwari Baba wedu.

Zvino, Baba tinodisa
Kuti tive nerutendo,
Rwekuita vanhu kwavo,
Ndirwo tingafadza imi.

# Tenzi mugari narini

Mutungamiri wedu
Tipeyi mwoyo yakashinga
Tivimbe nemi chete

Kwese kufunga kwedu,
Nezvese zvichemo zvedu,
Nezvakavandika kunesu,
Ndimi munozviziva.

Tenzi, tiregerereyi,
Tinotya simba redima,
Kukoya kwedu naJehova
Tarasa muchitema.

Ringave dambudziko,
Ringave simba renyika,
Roda kutibvisa munzira,
Tinoda kumira nemi.

# Jehova rusvingo rwedu

Mudziwiriri wediko
Ari mubatsiri wedu
Munhamo dzepasi pano
Kunyange chitema
Mhandu yemuKristu
Yakasimba kwazvo
Kana kuchenjera
Tinokunda naM'ponesi

Tinokoya naM'ponesi
Watakapiwa naMwari,
Tisinaye tinokundwa;
Hatina nesimba kwete.
Ngatikoye naye,
Tenzi Muponesi,
Mununuri wedu
Nekusingaperi;
Hatichazokundwa kwete.

Mitutu yechinyangadzo
Ingavuvuta nesimba
Kuda kuputsa vatendi,
Asi hatizotya isu.
Simba rechitema
Hatichazoritya,
Idi ra'She wedu
Tinomira naro,
Hatichazokundwa kwete.

# Kurunzirwa misi yese kwakatinderedza

Mangwanani masikati nepanguva dzeusiku
Nepabasa misi yese neapo tozorora
Tozonatsa kuzviziva garegare

CHORUS:
Gare gare kuti tazofa
Tichazosangana pamwepo
Tichitaura nyaya semakundiro
Ayo takakunda ndiwo zvirunziro

Tine zvinhu muupenyu izvo tinoshaiwa
Ndezve kudya nezvekunwa zvatinoda
Tinovimba naJehova zvose tichazviwana
Tozonatsa kuzviziwa gare gare

Hatinzwisi kurunzirwa kwakatitenderedza
Asi Mwari achatipa simba guru
Tichamutevera kwese dakara nepakufa
Tozonatsa kuzviziwa gare gare

Kurunzirwa kwatinako kunotitenderedza
Mwoyo yedu inoshuwa kuzvikunda
Tinogara tichiita zvose tinokwanisa
Tozonatsa kuzviziwa gare gare

# Ndinoda imi Tenzi mazuva ese

Muzere nechisepe nekundifira

CHORUS:
Ndinoda imi Tenzi
Nguva dzese dzese
Ndikwenzedzeyi padyo
M'ponesi wangu

Ndinoda imi, Tenzi, garayi padyo,
Ndizvozvo ndinokunda zviedzo zvese.

Ndinoda imi. Tenzi, murufariso,
Mukurwadziwa kwese mundigwinyise.

Ndinoda imi, Tenzi, mudambudziko,
Ndidzidziseyi nhasi munzira dzenyu.

Ndinoda imi, Tenzi, mukumhodyoka,
Ndiitei wenyu chose ndimushandire.

# Apo ndatambudzika

Nezvakaipa zvangu
Nezvirunziro zvangu
Ndinzwei Baba wangu

CHORUS:
Ndicheredze Baba we!
Ndicheredze Baba we!

O Baba Samasimba,
Ndipeyi simba renyu,
Nekuti ndinoshaya
Kugara zvakanaka.

Panguva yekuchema,
Nenguva yekutamba,
Nenguva dzeusiku,
Pabasa rangu rese.

Parwendo rweupenyu,
Nditongei nguva dzese.
Mudenda rakaipa,
Ndichengeteyi, Baba.

# Kare vanhu venyu Baba

Vanga vakagwinya
Vakatambudzika ivo
Vakamuda kwazvo

CHORUS:
Mwari wangu ngandipiwe
Simba kunga avo
Vakaita basa renyu
Vasingatyi mhandu

Ndoda mwoyo wakanaka,
Wakashingisiswa,
Unomutswa nguva dzese
Kundoshumaira.

Ndoda kumudisa kwazvo
Kunopinda zvese,
Ndoda kumukarakadza
Kuti ndiri ndega.

Ndoda kunzwa kuti ndiri
Munhu wenyu ini,
Ndoda kunzwa izwi renyu
Mune mwoyo wangu

# Musandipfuura Jesu ndinochema imi

Mukakomborera vamwe Musandipfuura

CHORUS:
Jesu Tenzi ndochemera imi
Mukakomborera vamwe, musandipfuura

Ndinotenda imi, Jesu, makandinunudza,
Ndanga ndiri kufa, ini, muzvitema zvangu.

Ngandipiwe mwoyo m'chena wekumufarisa,
Ndinomukumbira, Tenzi, ngandikomborerwe.

Nerunako rwenyu, Jesu, ndomutsvaka zvino,
Mwoyo wangu ngaurapwe, ndoda kuponeswa.

Ropa renyu ngarikudzwe, rindishambe nhasi,
Muri mununuri imi, makandinunura.

Muri tsime yeupenyu nerufaro rwese,
Ngandiinwe iyi tsime, ndine nyota huru.

Imi mononyararidza mwoyo wangu uyu,
Pasi pano nekudenga, muri Tenzi wangu.

# Musakurirwa nezvinhu zvepasi

Ngezvinopfuwira murufu rwemweya
Mirayi naBaba dzingai satani
Nangisai M'ponesi nesimba gurutu

CHORUS:
Kumbirayi M'ponesi
Kuti imi mugwinye
Kuzodzinga zvitema
Munokunda zvikuru

Vazhinji vevanhu vanoda zvitadzo,
Havadi kunaka nekuda Satani,
Pfidzayi kudaro, muuye kwaJesu,
Muitwe vakundi kuramba zvitema.

Siyayi vanoda kuipa,
Sarudzai shamwari dzinoda kunaka;
Regayi mashoko asakafanira,
Nangisayi M'ponesi nesimba gurutu.

Dzingayi zviedzo neizwi raMwari,
Satani anotya vatendi veBible;
Tonderai neMweya nezviro zveMweya,
Nangisai M'ponesi nesimba gurutu.

## Mununuri ndinomuda

Kuti anondiponesa
Ndinobviswa pane rufu
Ndinopinzwa paupenyu

Mununuri ndinomuda
Kuti wandiregerera;
Wandiparadzira ropa
Wakaripa mhosva yangu.

Mununuri ndinomuda
Kuti wakandishambidza;
Wandibisa zvakaipa,
Nezvitadzo zvangu zvose.

Mununuri ndinomuda
Kuti wandivenekera;
Wabisa upofu hwangu
Wandiburitsira mwenje.

Mununuri ndinomuda
Ndimuperekedzi wangu;
Shoko rake ndiwo mwenje
Wokuchenga tsoka dzangu.

Mununuri ndinomuda
Ndiye muyamuri wangu
Kana ndiri pakurwara,
Ndinosimbiswa naiye

Mununuri ndinomuda
Kuti ndiye simba rangu,
Anokunda dzose hondo,
Dzinonetsa mwoyo wangu.

Mununuri ndiye Jesu
Rakakomba zita rake;
Ngandikwanisisiswe ini
Pano rununuro rwake.

# Iwe isawore mwoyo

'She wokuchengeta
Gara mumapapiro zvino
'She wokuchengeta

CHORUS:
'She wokuchengeta
Misi yese okwanisa
Achakuchengeta
Uchachengetwa na'She

Mazuva okunetswa pano
'She wokuchengeta
Kana nhamo dzavapo
'She wokuchengeta.

Chese chaunoda anopa
She wokuchengeta
Kumbira uchapiwa (zvese)
She wokuchengeta

Igova miyedzo ipi
She wokuchengeta
Tarisa kuna Jesu zvino
She wokuchengeta.

## Tenzi munditungamire

Jekesai nzira yangu
Ndimiwo Tenzi
Muchengeti nemutungamiri wangu

# Namatayi vanamati

Musanete imi kwete
Kwanga kune shirikadzi
Haisakaneta iyo

Nguva zhinji yakauya
Kukumbira'yo mutongi,
"Nditongere mhosva yangu,"
Nguva ndefu wakaramba.

Gare gare wakazoti,
"Kana ini ndisikatyi
Mwari kana umwe munhu,
Yandinetsa shirikadzi."

"Ndoitonga mhosva yayo,
Pararayi mhandu dzake,
Regerayi kumunetsa;
Fara zvako shirikadzi."

Jesu wakataura kuti
Mwari achavapindura
Avo vanomudaidza
Masikati neusiku.

# Nguva'yo yekunamata naiyo takomborerwa

Inotipa kukumbira kuna Baba wekudenga
Munguva dzekutambudzwa mwoyo yedu yanyaradzwa
Yapukunyuka kubatwa ne'yo nguva yekutenda

Nguva'yo yekunamata, ndinodisa kunyaradzwa,
Sepa gomo'ro rePisgah, ndoona musha kudenga;
Murumuko rwekusafa, chipo changu ndichapiwa
Ndichati apo ndakwira, ndapinda nekunamata.

# Zvowamuka mangwanani

Wanamata here
Kuna Muponesi wako
Warewera Tenzi here
Semudziiriri

CHORUS:
Munamato une simba
Kurerutsa zvinorema
Kuti wambotsondoreswa
Enda konamata

Kuti uri kurunzirwa
Enda konamata,
Kukumbira Mweya M'tsvene
Semutungamiri wako,
Enda konamata.

Kuti ukamboshatirwa
Enda konamata,
Kuti uri muurombo
Mukumbire nyasha dzake,
Unosunungurwa.

Kuti wambotsondoreswa
Enda konamata,
Kuti basa rakukonja
Suma kuna Tenzi wako
Nekunamata.

# Nerudo rwake rwakanaka

Ndinodisa Jesu
Nenyasha dzake dzakawanda
Ndinomuda kwazvo

CHORUS:
Ndinodisa Jesu
Ndinokudza iye
Jesu anondida ini
Ndinomuda kwazvo

Nekuti ndinoziva iye
Ndinodisa Jesu,
Ondipa ruponeso rwake,
Zvino ndaponeswa.

Nekuti anondisimbisa
Ndinodisa Jesu
Mupfumvu dzangu pasi pano
Anondichengeta.

Nerudaviro kuna iye
Ndinodisa Jesu
Kumutewera misi yese
Yeupenyu hwangu.

# Kwese ndinoenda ndina Jesu Kristu

Ndinotungamirwa ndiye misi yese
Ndine runyararo kwese ndinoenda
Ndizvo ndinotenda iye nekumuda

CHORUS:
Nguva dzese kwese kwese
Ndinosimbiswa
Kwese ndina Jesu
Ndinofara'yo

Kwese ndinogara ndina Jesu Kristu
Ndinokomborerwa ndiye muupenyu,
Kana nepakufa ndichatorwa ndiye,
Jesu ndiye anogutsa mwoyo wangu

Kwese ndinofamba ndina Jesu Kristu,
Kana ndiri mweni ndine umwe neni,
Nemukati mwe'dzo hama ndinofara,
Kwese kwese mwoyo wangu unofadzwa

Kwese nepabasa ndina Jesu Kristu,
Ndiye anondibatsira nguva dzese,
Ndinokunda ndiye madambudzo ese,
Nguva dzese, kwese ndinonyinda ndiye.

Kuti ndichirwara ndina Jesu Kristu,
Anondiponesa, ndinorapwa ndiye,
Mweya nemuviri ndinozvipa iye,
Nhasi nemangwana nekusingaperi.

# Jesu mutitungamire

Mutifudze zvakanaka
Tipei kudya misi yese
Gadzirayi danga renyu
Jesu Tenzi Jesu Tenzi
Tiri venyu takatengwa

Tiri venyu, tibatsirei,
Muve Muchengeti wedu,
Chengetayi danga renyu,
Kuti tisazorasike;
Jesu Tenzi, Jesu Tenzi,
Muri Muchengti wedu.

Ngatitsvake tsitsi dzenyu,
Tichiita kuda kwenyu,
Ngatifambe misi yese,
Pane nzira yakanaka;
Jesu Tenzi, Jesu Tenzi,
Makatida, tinomuda.

Makatsidza kutambira
Wese wanokwenzerera;
Mune nyasha kuponesa.
Mune rudo kune vese;
Jesu Tenzi, Jesu Tenzi,
Tiwoneyi pasi pano.

Tinotsvaka zano renyu
Rekugara zvakanaka,
Tinodisa rudo rwenyu
Rwekuita vanhu kwavo;
Jesu Tenzi, Jesu Tenzi,
Muri wakanaka imi.

# Baba wedu wakatsidza

Ndinokutungamirira
Kuti usarasikeba
Pane rwendo kune denga

CHORUS:
Ndinokutungamirira
Ndinokutungamirira
Pakukwira kune denga
Ndinokutungamirira

Apo unotambudzika,
Nekushaya zano zviya,
Unofadzwa neaya mazwi,
"Ndinokutungamirira."

Kuti hama dzako dzafa,
Uchidzichemera kwazvo,
Unafunga aya mazwi,
"Ndinokutungamirira."

Apo unokomborerwa,
Mwoyo wako unofara,
Unodisa aya mazwi,
"Ndinokutungamirira."

Mangwanani ese ese,
Unorangarira iye,
Nechitsidzo chakanaka,
"Ndinokutungamirira."

Apo unobata basa,
Unafunga mazwi ake,
Uyo wakakutsidzira,
"Ndinokutungamirira."

Apo unorara pasi,
Pausiku uri wega,
Unatenda aya mazwi,
"Ndinokutungamirira."

## Jesu wanditungamira

Ndanga ndiri mune dima
Ndakaiswa mukupenya
Neshamwari dzakanaka
Ndikadzidza kuteura
Kuna Baba naM'ponesi
Akandipa mwoyo mutsva
Nendaramo yakanaka

Jesu wanditungamira
Nguva dzese dzeupenyu,
Ndazopiwa zano rake
Kusarura zvakanaka
Nekuita mwoyo chena
Kune vanotambudzika,
Zvino ndinotenda kuti
Jesu wanditungamira.

Jesu wanditungamira
Nekufadza mwoyo wangu,
Tsitsi dzake dzakakwana,
Zvipo zvake zvakawanda;
Ndikaneta nekufamba,
Kana mweya une nyota,
Inobuda pano nzira
Tsime yerufaro iyo.

Jesu wanditungamira,
Handichadi chimwe chinhu,
Ndinotenda ngoni dzake,
Uyo anondichengeta,
Ndine runyararo zvino
Nekutenda kuna iye,
Ndinoziva Tenzi wangu
Anoita zvakanaka.

Jesu wanditungamira,
Rudo rwake rwakakomba,
Ndatsidzirwa ruzororo
Kune imba yake, Baba;
Apo ndinobururuka
Kune musha wake, Mwari,
Ndichaimba nguva dzese.
Jesu wanditungamira.

# Nganditungamirwe Mwari

Mukufamba kwangu kwese
Ndine nungo mune simba
Ndibateyi neruwoko
Ndipfuweyi ndipfuweyi
Ndakuuya Tenzi wangu

Muri tsime yeupenyu,
Wererayi imi nhasi,
Ndine nyota yeupenyu,
Munogutsa nyota yangu.
Ndipfuweyi, ndipfuweyi,
Ndaakuuya, Tenzi wangu.

Dzingai kutya kwangu kwese,
Ndiyambutsei uru rwizi,
Mundisvitse padyo nemi,
Apo ndinokudza imi.
Ndipfuweyi, ndipfuweyi,
Ndaakuuya, Tenzi wangu.

# Nditungamireyi Baba

Nditungamireyi kwadi
Ndinofara ndiri wenyu
Ndinomuda nguva dzese

CHORUS:
Baba Baba
Nditungamireyi nhasi
Kuti ndisasiya nzira
Nditungamirei Baba

Muri bako rakanaka
Mumadambudziko ese,
Ndachengetwa ndiri wenyu,
Ndinokoya rudo rwenyu.

Tenzi, nditungamireyi
Misi yese yeupenyu,
Kune nyika yekudenga,
Kune musha wakanaka.

# Ndinomunangisa

Nyenye paKalvari
Ndokumbira
Bvisaivo usungwa
Hwezvitema zvangu
Ndive munhu wenyu
Nguva dzese

Nyasha dzinokwana
Kusimbisa mwoyo
Wakaneta;
Itai umudise
Imi makandida,
Ndisabve kwamuri
Tenzi wangu.

Pfumvu dzeupenyu
Dzoda kundibvisa,
Nditarirei;
Bvisai dima rese
Rusuvo kune'ni,
Fambayi neniwo
Nguva dzese.

Mununuri wangu,
Bvisai kutya kwangu,
Kusatenda;
Chindichengetai
Muupenyu hwangu
Ndizovevo mumwe
Mununurwi.

# Shamwari mugondeki ndiJesu wakanaka

Isingandiregeri ndichibva mune nzira
Kupukaira ndega ndichibva ndarasika kudai
Sekanyenye kari kega m'sango

NdiJesu anondida miswere yese yese,
Ndisawe mumurawu woiswa naSatani;
Usiku hwese iye andori kundirwira,
Nekundidisa kwake, anongondichengeta.

Nemweya wangu, kudza kutendwa kwake Ishe,
Uteketese mbiri yaJesu Muponesi;
Taura vanhu vese nerudo rwakanaka,
Nekuti anovada vese vanyangadzi.

Pachangu handinakwo kunakisisa kwake,
Ndinoda kucheneswa neropa rake chete;
Hakuna mumwe, kwete, obvisa zvinyangadzo,
Kutenda kwangu kwese kwasimbiswa naye.

# Jesu muri muponesi

Munopinda zviro zvese
Pakufamba kwangu kwese
Ngandifambe nemi Tenzi
Padyo nemi padyo nemi
Padyo nemi padyo nemi
Pakufamba kwangu kwese
Ngandifambe nemi Tenzi

Handichadi kuva nyope,
Handichadi mari chete,
Handichadi pfuma chete,
Ngandifambe nemi, Tenzi;
Padyo nemi, padyo nemi,
Padyo nemi, padyo nemi,
Handichadi pfuma chete,
Ngandifambe nemi, Tenzi.

Munditungamire, Tenzi,
Pane nzira dzangu dzese,
Munditore muupenyu,
Ngandifambe nemi Tenzi;
Padyo nemi, padyo nemi,
Padyo nemi, padyo nemi,
Munditore muupenyu,
Ngandifambe nemi, Tenzi.

# Ndipfuweyi Muponesi

Ndipfuweyi misi yese
Apo ndinotambudzika
Ndidaidze Tenzi wangu

CHORUS:
Ndipfuweyi misi yese
Ndipfuweyi misi yese
Ndibatsirwe kuti ndiuyevo
Padyo padyo misi yese

Padyo nemi, Muponesi,
Mwoyo wangu unofadzwa,
Tsitsi dzenyu dzinokwana
Kuponesa vanhu vese.

Ndipfuweyi, Muponesi,
Padyo nerutivi rwenyu,
Madambudzo enyu ese
Ngandianzwe nemi, Tenzi.

Ndichengetei, Muponesi,
Kuti ndisazomusiya,
Rudo rwenyu ngarupfuwe
Mwoyo wangu nguva dzese.

# Mwari Baba wangu ndinowona vanhu

Vakasiya nzira dzenyu vari varasiki
Garai neni garai neni nekusingaperi
Garai neni garai neni Nekusingaperi

Neupenyu hwangu hwakatsonga kwazvo,
Asi ndinotenda kuti munogara neni,
Garai neni, garai neni,
Nekusingaperi.

Pasi pano pese, ndinowona kuti
Zvinhu zvese zvichapera, imi munogara;
Garai neni, garai neni,
Nekusingaperi.

Vanhu vanobarwa, ivo vanokura,
Asi kufa kuchauya, Baba, garai neni;
Garai neni, garai neni,
Nekusingaperi.

Kuti ndichichema nematambudziko,
Achapera ndichafara, Baba, garai neni,
Garai neni, garai neni.
Nekusingaperi

# Ngandiudzirwe Baba

Mazwi emwoyo wenyu
Kuti ndakamufadza
Ngandiziviswe zvino
Baba ngandikumbire
Ngandisimbiswe nemi
Nhasi nemisi yese
Ndichimuteerera

Ngandiudzirwe, Baba,
Mazwi erudo rwenyu,
Ngandisimbiswe kwazvo,
Nekutambirwa nemi,
Ndakagarira pano,
Ndoda kumutevera,
Ndoda kumushandira,
Ndoda kumuwombera.

Ngandiudzirwe, Baba,
Mazwi emwoyo m'chena,
Ngandidzidziswe nemi,
Ngandimuzive nedi
Kuti ndikudze imi,
Nekubatsira vamwe,
Nekushandira nyika,
Nekufarira imi

# Mwari wangu ndipfuweyi

Kuti ndibve mukuipa
Ndipei zano rakanaka
Rekuita munhu kwaye

CHORUS:
Ndisimbisei zvirokwazvo
Ndichigere pasi pano
Ndipei mwoyo wakanaka
Ndizosvika kumusoro

Kuti ndoda kupumhuka
Kubva nzira yenyu, Baba,
Nyasha dzenyu ngadziuye,
Ndiswededzwe padyo nemi.

Apo ndine dambudziko,
Kana rufo ruchiuya,
Ndipeyiwo rudo rwenyu,
Runodzinga kutya kwese.

Pakuguma kweupenyu,
Baba, ndinomukumbira,
Nditambirei zvakanaka,
Kuti ndizogara nemi.

# Ndom'tevera, ndom'tevera, ndom'tevera, Jesu

Ndakasungwa, ndakasungwa, ndakasungwa, Jesu.

Sunungura, sunungura, sunungura, Jesu.

Vafundisi udzai vanhu kuti nyika ichapera.

Vana vedu, vana vedu, vana vedu, Jesu.

Chidanana chera mwena mvura zhinji ichanaya.

Vasimbise, vasimbise, vasimbise, Jesu.

Nyika yedu, nyika yedu, nyika yedu, Jesu.

# 'She unondifambisa

Ishoko rinofadza
Pandinoenda pose
Uneni misi yose.

CHORUS:
'She unondifambisa
Norudyi ndobatisa
Ndinoda kusesedzwa
Zvaanotungamira

Parima napanhamo,
Pach'edza nomufaro,
Parwendo rwangu rwose
Uneni misi yose.

Ndibate chanza chenyu
Ndiite kuda kwenyu,
Ndichingotenda zvose,
Muneni misi yose!

'Bva kana ndazopedza
Mubato wapanyika,
Handityi rufu chose,
Muneni misi yose.

# Radoka zuva garai neni Tenzi

Dima rasvika Tenzi garai neni
Panguva yekurara ino Baba
Ngandikotseke nekusingaperi

Ngandimutsvake nguva dzese, Tenzi,
Netsitsi dzenyu dzakazondipfuwa,
Netsitsi dzenyu ndakapiwa zvese,
Mudima guru, garai neni, Baba.

Handichakutyi kuipa, Baba wangu
Handina nhamo kana neurombo,
Nerufo harutyisi mweya wangu,
Mudima guru, garai neni, Baba.

Ngandipangidzwe nzira yakanaka,
Chenayi, Tenzi, mune mwoyo wangu,
Kuedza kwenyu ngakudzinge dima,
Mudima guru, garai neni, Baba.

Upenyu hwedu hunopfupisiswa,
Rufaro rwedu ruchapera pasi,
Zvese zvepasi zvichatsakatika,
Mudima guru, garai neni, Baba.

# Chinyarara mwoyo wangu Jesu ndiye Mwari

Zviro zvese zviri pasi zvakasikwa ndiye

CHORUS:
Kristu huyai
Kristu huyai
Hunde uyai Tenzi

Chinyarara, mwoyo wangu, una mambo kwaye,
Unotenda kuna Mwari, tenda kuna Jesu.

Chinyarara, mwoyo wangu, Jesu anowaka
Imba yako yakanaka kune denga rake.

Chinyarara, mwoyo wangu, unokomborerwa,
Haugari nguva ndefu, uchasvika denga.

Chinyarara, mwoyo wangu, Jesu ndiye Mwari
Kuda kwake kwakanaka, ngakuitwe naye.

# Jesu ndishamwari wedu

Mutakuri wakanaka
Tinokomborerwa kwazvo
Tine hama yakadai
Kuti tichimukumbira
Anofadzwa kupindura
Anotipa zvakanaka
Hatichazoshayi chiro

Kuti tine dambudziko
Kana tine rurunziro,
Hatizovi neurombo,
Tinotenda kuna Jesu;
Hatiwoni imwe hama
Yakanaka kunga iye,
Anoziva vanhu vese,
Mukumbire, anokunzwa

Kuti tisisine simba,
Rekuita basa redu,
Jesu anotibatsira,
Anotipa simba rake;
Kana kuti takatukwa,
Tinonyararidzwa ndiye,
Jesu ndishamwari yedu,
Rudo rwake rwakanaka

# Pane nzvimbo yakanaka

Padyo naBaba wedu
Mweya ine ruzororo
Padyo nababa wedu

CHORUS:
O Jesu mununuri
Makatumwa pasi pano
Mutikwenzedze isu
Tigare padyo naBaba wedu

Pane nzvimbo yerufaro
Padyo naBaba wedu,
Tina Jesu Kristu apo,
Padyo naBaba wedu

Zvinyangadzo hazvigari
Padyo naBaba wedu,
Asi zviro zvakanaka,
Padyo naBaba wedu.

Ngatigare nguva dzese
Padyo naBaba wedu,
Isu tinokokwa ndiye,
Padyo naBaba wedu.

# Tofara sei munyika yakadai

Iropa ra'She roti zororai

Tofara sei, tichingonetswazve?
Mufaro kwavo kushandira She?

Tofara sei munhamo dzakadai?
Izwi raShe roti: Nyararai!

Tofara sei nehama dzisipo?
She uri padyo navo nesuwo!

Tofara sei, tisingazivi'su?
Toziva Jesu, ndiye She wedu!

Tofara sei, norufo ruripo?
She Jesu wakakunda rufuwo!

Chimborega! tichindofarawo;
She Jesu wotidanira uko.

# Vatendi vanofara seyi

Vakasunungurwa
Vaziva Mwari Baba wavo
Nekumuda kwazvo

CHORUS:
Zvikomborerero zvinouya kune vese avo
Vanoda Mwari Baba wavo nekumuda kwazvo

Tsvakayi musha wakanaka
Uri kumusoro,
Panyika pano hamufadzwi,
Basi kune denga.

Vakomborerwa vese avo
Vane Mweya M'tsvene,
Votungamirwa zvakanaka
Paupenyu hwese.

Vakomborerwa vese avo
Vanoziva Jesu,
Nekumudisa misi yese,
Havashayi chinhu.

Upenyu hwedu pasi pano
Hwakatsonga kwazvo,
Ndaramo iri kumusoro
Kuna Baba wedu.

# Zvakanaka kuda Jesu muponesi wedi

Muchengeti neshamwari tinomuda kwazvo

CHORUS:
Jesu Jesu mudikani tinofadzwa ndiye Jesu
Jesu wakanaka tinomuimbira

Zvakanaka kuda Jesu nekukoya naye
Nekutenda izwi rake, rinotipfumisa.

Zvakanaka kuda Jesu, uyo anotida,
Nekukoya ropa rake, rinotichenesa.

Zvakanaka kuda Jesu, nekumuwombera,
Wakatipa mwoyo mitsva, rudo nerufaro.

Zvakanaka kuda Jesu, Tenzi wedu kwaye,
Zvino tine mubatsiri nekusingaperi.

# Ndinomuziva Jesu ngewangu

Ndiye Mesiya wakatsidzirwa
Ndakatambira rudo rukuru
Ndakasukiwa ndakatambirwa

CHORUS:
Ndinomuziva Jesu ndewangu
Ndiye masoko nhasi kunemi
Ndiye M'ponesi ndinomudisa
Ndinomutenda ndinomukudza

Ndinomuziva, Jesu ndewangu,
Ndiye anopa nyasha nerudo,
Ndiye anopa simba nezano,
Ndiye anopa zvese ndinazvo.

Ndinomuziva, Jesu ndewangu,
Ndiri kuedza kuteerera,
Ndiye wakati,"Uya kuneni,"
Anogashira kana ndiani.

Ndinomuziva, Jesu ndewangu,
Ndiri mupfumi, ndiri mufari,
Asi M'ponesi ndinomuziva,
Ndiye mukoma ane masimba.

# Ungatora hako pasi

Nerufaro rwapo rwese
Ndinotora hangu Jesu
Nerufaro rwake rwese

CHORUS:
Tsitsi dzake zhinji zhinji
Dzinokwana kune vese
Ruponeso rwakakomba
Runofadza iwe neni

Ungatora zvako pasi
Neupfumi hwapo hwese
Ndinofadzwa ndiye Jesu,
Haazondinyimi chiro.

Ungatora zvako pasi
Nemichero inorwadza,
Asi ini ndine nhaka
Yeupenyu hwake Mwari.

Ungatora zvako pasi
Asi unofamba wega,
Ini ndine Muponesi,
Ari Tenzi wakanaka

Ungatora zvako pasi
Asi harugutsi mweya,
Ndinotenda kuna Jesu
Uyo ane zano rese.

Ungatora zvako pasi,
Uchitadza, uchichema,
Asi ndinofara kwazvo,
Ndine Mubatsiri wangu.

# Varume simudzayi zviimbo zvakanaka

Dakara denga rese rizare nerufaro
Mumwoyo yakanaka inofarisa kwazvo
Mimhanzi inorira rukuwo rwekum'soro

Vatendi imi mese, tikudze muchinjiko,
Nechiwoneso chedu tinozokunda mhandu;
Rutendo rwedu rwese runobva kuna Mwari,
Tinonzwa munanzi'yo yeavo vekudenga.

Tifambe misi yese, titungamire vamwe,
Tigare zvakanaka, tirambe zvakaipa;
Mabasa edu ese tapiwa kuna Mwari,
Rufaro nerukundo zvinobva kuna Jesu.

Rukundo kuna iye nekuti wakapira
Upenyu hwake hwese kutipa ruponeso,
Ngirozi dzinoimba rukudzo kuna iye,
Rukudzo rwake chete, nekuti anotida.

# Baba wedu makazvita

Makatipa M'ponesi
Murumbwana wenyu umwe
Kuti atipangidzire
Nzira yekudenga renyu

Kuti tichikarakadza
Nevabari vedu kare,
Vaitambudzika kwazvo,
Nekushaya nguva kudya,
Pfumvu, nhamo, nzara hayo.

Havasaiziva Jesu
Murumbwana wenyu Mwari,
Havasakamuwombera,
Vakagara mune dima,
Havasakawona mwenje.

Zvino isu tinotenda,
Tiri vana venyu, Baba,
Vanomuwombera kwese,
Uko tinofamba isu,
Tine muchengeti Jesu.

# Baba wevese tinotenda

Nemangwanani neusiku
Neruzororo neruchengeto
Nezvinofadza upenyu hwedu

Tinomutenda nezvekudya
Nezvinhu zvese zvatinazvo,
Ndizvo nemwoyo inotendeka
Tinomudisa mazuva ese.

Asi zvikuru tinotenda
NeMurumbwana wenyu, Jesu,
Wakatifira kutiponesa
Nekutitora kudenga rake.

Tibatsireyi misi yese
Kugara zvakanakisisa,
Tinoda mwoyo yakarurama,
Inorasira nerudo rwenyu.

# Tendayi Baba wekudenga

Mukovi wazvo zviro zvese
Tendayi imi makasikwa
Mugere pane iri pasi

Tendayi imi ingirozi
Dzigere kuna Baba wedu
Tendayi Baba murumbwana
Nekune Mweya weutsvene

# Zvikomborero kunemi

Ichi chitsidzo chaMwari
Tichazopiwa masimba
Tichazokura mumweya

CHORUS:
Zvikomborero
Zvikomborero zvizhinji
Zvikomborero tinazvo
Zvikomborero zvaMwari

Zvikomborero zvitsvene,
Zvinotsvenesa mumwoyo,
Zvinopfumisa varombo,
Zvinosimbisa varwere.

Zvikomborero zvaMwari,
Zvinozivisa mapenzi,
Zvinotiwisa vazivi,
Zvinonakidza zvikuru.

Zvikomborero zvedenga,
Hazvitutsiri urombo,
Hazvitiiti vadadi,
Zvinobatsira vatendi.

Zvikomborero zvizhinji,
Ngazvigashirwe nyamusi,
Ngatikumbire Jehova,
Mupi wezvipo tinazvo

# Tenzi neminda nemisha

Zvinofadza upenyu
Tenzi nembeu nepfuma
Izvo munokovera
Tinomuimbira
Ndwiyo dzekutenda

Tenzi, nerudo munopa
Zuva, mvura nekudya,
Kana nesuwo vatadzi
Tinopiwa ndaramo.
Tinomuimbira
Ndwiyo dzekutenda.

Neruveneko nezano
Zvinouya munyatwa,
Neruchengeto rwaTenzi
Pane hosha nemhandu,
Tinomuimbira
Ndwiyo dzekutenda.

Tenzi, nenyasha nerudo,
Makadzika panyika
Kuzopangidza vatadzi
Nzira yeruponeso.
Tinomuimbira
Ndwiyo dzekutenda.

# Mwari baba mune nyasha huru

Touya kobatsirwa
Munondodurura simba guru
Pane chechi yenyu
Tipei ungwaru nerushingo
Isu wemuchechi nhasi
Kushandira imi

Hondo zhinji pano dzekuipa
Dzinoshora imi,
Asi isu vanhu tiri kutya
Kurwa nadzo mhandu.
Tipei ungwaru nerushingo
Kuti tizokana nadzo
Mhandu dzeumambo.

Vanhu vamwe vanotsvaka chete
Zviro zvemunyika,
Havatsvaki zviro zvemumweya,
Izvo zvinokosha.
Tipei ungwaru nerushingo
Kusarurazve umambo,
Izvo zvakanaka.

Toda kushandira imi, Baba,
Nekuudza vamwe
Kuti vazoziva Jesu Kristu
Nekumutevera.
Tipei ungwaru nerushingo
Kuti tizomushandira
Navo vanomuda.

Tizoramba tichitsvaka, Baba,
Ruponeso rwenyu,
Tisazopfuvirwe mumashure,
Mutibatsireyi.
Tipei ungwaru nerushingo
Kushandira imi, Baba,
Nekusingaperi.

## Hama dzangu dzevatendi, tisaneta isu

Ngatishinge zvirokwazvo, tisakundwe kwete

CHORUS:
Tiri vanhu vake diko tisanete isu
Tinomira tisimbiswe tisanete kwete

Hama dzangu dzinoedzwa, musatende shai,
Baba anomupa simba rekukunda shai.

Hama dzangu, ngatirinde, tichengete, isu,
Titeure kuna Baba, ndiye Mwari kwaye.

Hama dzangu dzakanaka, dzemunyika idzi,
Ngatitende kuna Kristu, tisatadze, kwete.

Hama dzangu, tine nzira, tisashore kwete,
Ngatifambe zvakanaka, kune denga tsvene

# Fambayiwo majoni

Amwari wedu imi
Musatye mhandu dzenyu
Hadzina simba kwete
Tinozokunda kwazvo
Panyika kwese kwese
Masimba ake Jesu
Haachazokundwiba

Fambayiwo vatendi,
VaMwari wedu imi,
Hamuna simba mega,
Musazvikudze zvenyu;
Mupfeke nhumbi dzese
DzaMwari wakanaka,
Muende kune basa,
Muite vanhu imi.

Fambayiwo vatsvene,
Munyika dzese dzese,
Mushumaire izwi
RaJesu Tenzi wedu;
Mukundi uchapiwa
Chiremba cheupenyu,
Anozowona Jesu
Atonge naye iyo.

## Mirayi vanhu vedu

Simudzayi muchinjiko
Kudzai Jesu Kristu
M'ponesi wakanaka
Mutungamiri wedu
Mukuru kune vese
Anokurira mhandu
Nezvese zvakaipa

Mirayi, vanhu vedu,
Inzwayi minanziyo,
Fambayi kune kurwa,
Nesimba rotapiwa;
Rukundo runouya
Kunesu zvirokwazvo,
Nekuti tina Mwari,
Mukuru Samasimba.

Mirayi, vanhu vedu,
Musimba rake basi,
Munyama munotadza,
Hamuna simba imi;
Pfekayi nhumbi dzake,
Tendayi kune Mweya,
Endayi kune pfumvu,
Musatye, imi vanhu.

Mirayi, vanhu vedu,
Mukane, nguva ipfupi;
Nyamusi kupopota,
Mangwana tinokuwa;
Mukundi achapiwa
Chiremba cheupenyu,
Anova semutongi,
Kusingachazoperi.

# Jesu shamwari yavose

Makadzika panyika
Kuzoshanda pamwe nesu
Basa remisi yose
Nekushanda nevarombo
Makapangidza vose
Chiremera chikuru
Chiri mubasa rese

Mukati mebasa redu
Tinosangana nemi,
Zvatinorara usiku
Tinemi, Muchengeti.
Pakurwawo kwemarudzi
Mununuri, muripo,
Anoziva nzara yedu
Anogutsa mumweya.

Uyo ashandira rudo,
Chipo chake chikuru.
Basa rashandwa murudo
Rashandirwa M'ponesi.
Jesu, shamwari yavose,
Tibatsireyi tose
Tishandirewo murudo
Tichiri pasi pano.

# Imi vana vashe

Mirai makashinga
Shandirayi Mambo wenyu
Ngepfungwa nesimba

Imi vana va'She,
Machinda amambo,
Mapiwa mabasa gurutu
Tongai nechisepe.

Imi vanakomana,
Mirai semagamba,
Munguva dzemadambudziko
Tinovimba nemi.

Muchinjiko wa'She
Ngatiusimudze.
Makristu, tiri vakundi
Tikamira na'She

# Vanokomborerwa avo

Vane mweya weurombo
Zviro zvese zviri zvavo
Neumambo hwekudenga

Vanokomborerwa avo
Vanochema nezvitadzo,
Vachazonyaradzwa kwazvo
Nekuchizogara neni.

Vanokomborerwa avo
Vane mwoyo yakapfava,
Vachagara nhaka huru,
Vachaimba vakudenga.

Vanokomborerwa avo
Vane nzara yekunaka,
Mwari wati vachagutswa,
Vachafadzwa zvirokwazvo.

Vanokomborerwa avo
Vanoita nyasha huru,
Vachapiwa nyasha ivo,
Dzobva kuna Muponesi.

Vanokomborerwa avo
Vane mwoyo yakachena,
Vachawona Mwari wedu,
Vachapona vakudenga

Vanokomborerwa avo
Vanunuri, vanyaradzi,
Mwari wati, vari wangu,
Vachazonzi vana vangu.

Vanokomborerwa avo
Vanotambudzika kwazvo,
Pamusana pake Jesu,
Vane chipo vakudenga

## Ivai nenguva, yekuponeswa

Taurai naTenzi, munozogutswa
Neizwi'ro rake, uzadze moyo
Tsvaga kuna iye, chikomborero

Ivai nenguva, yekuponeswa;
Ivai nenguva, naJesu ega;
Nekumunangisa, mufanana'ye
Vese vachaona, Jesu kunewe

Ivai nenguva, yekuponeswa
Musaenda mberi, asi teverai
Jesu Muponesi, atungamira
Ndizvo muBhaibheri, munosimbira

Ivayi, nenguva, yekuponeswa;
Zvese zvo zvifungo, zvamunoita
Zvino tungamirwa, naJesu Kristu,
Tinozogadzirirwa, humambo kwaho.

# Femerai mandiri

Mweya weutsvene
Kuti ndide zvamunoda
Nekuita semi

Femerai mandiri
Ndichenesei mwoyo;
Ndide chinhu pamwe nemi
Chete kuda kwe-nyu

Femerai mandiri,
Ndiwe wenyu chese;
Kuti zveupenyu hwangu
Zvipenyeswe ne-mi

Femerai mandiri
Kuti ndisazofe
Asi ndizogara nemi
Nekusingaperi

# Kufamba murujeko rwake Jesu Tenzi wedu

Tinozoziva rudo rwake kuti ndirwo hai

Kufamba murujeko rwaJesu Tenzi wedu,
Tinozoziva nzira yedi kune musha wake.

Kufamba murujeko rwaJesu Tenzi wedu,
Tinozoziva rucheneso, tichagara naye.

Kufamba murujeko rwaJesu Tenzi wedu,
Tinozosvika musha wake, tichagara naye.

Kufamba murujeko rwaJesu Tenzi wedu,
Tinozoruramiswa naye, tive vararami.

# Zvakanaka kuva pano

Murujeko rwake Jesu
Nekuziva nzira yedi
Nzira yekudenga

CHORUS:
Ngatifambe murujeko
Murujeko rwake Jesu
Ngatifambe zvakanaka
Murujeko rwake

Zvakanaka kuva pano
Kudzidziswa nekudzidza,
Nekukura misi yese
Murujeko rwake.

Zvakanaka kuva pano,
Tichiimba nziyo dzake,
Kuti atikomborere,
Muupenyu hwese.

Mumashure meupenyu,
Tichaenda kuna Baba,
Tichigara naye iyo,
Nekusingaperi.

# Ngatiite zvakanaka

Kune avo vanochema
Ngatiite zvakanaka
Kune vanotambudzika
Kuti tizokomborerwa
Parwendo rwedu pano
Ngaticherechedze avo
Vane mwoyo yeurombo

CHORUS:
Nguva yedu ipfupi kwazvo
Nguva yedu ipfupi kwazvo
Hatizivi musi uyo
Mwari anotidaidza

Ngatitaurire avo
Vanoshaya Muponesi,
Vakarasa nzira dzavo,
Vaakufamba kune rufo,
Kuti tizofara kwazvo
Neupenyu hwerutendo,
Ngatishinge kutaura
Kuti tinopona seyi.

Vese avo vari shure
Vanowona nzira dzedu,
Vadikanwi vari shure
Vanofunga nzira dzedu;
Ngatifambe zvakanaka
Pane nzira muupenyu,
Mwoyo izokura kwazvo
Nerutendo kuna Jesu.

# Mwari wakaudza izvo unokusa

Ngezveunocheka ngezveunopiwa
Ndizvo tisaite zviro tisafunga
Zvotichazvicheka izvo tinoita

CHORUS:
Izvo unokusa ndizvo unocheka
Izvo unokusa ndizvo unocheka
Ndizvo ngatikuse mbeu dzakanaka
Kuti tizogara mumba dzekudenga

Izvo unowona, unokusa mbeu,
Kuti zvakanaka, ndizvo unocheka,
Izvo zveunonzwa, unokusa mbeu,
Kuti zvakashata, ndizvo unocheka.

Izvo unorewa, unokusa mbeu,
Kuti zvakanaka, ndizvo unocheka,
Izvo unoita, unokusa mbeu,
Kuti zvakashata, ndizvo unocheka.

Izvo unoshanda, unokusa mbeu,
Kuti zvakanaka, ndizvo unocheka,
Izvo unoshanda, unokusa mbeu,
Kuti zvakashata, ndizvo unocheka.

# Vanhu vese vakanaka vanotaura idi

Usanyepa kwete, kwete taura zvirokwazvo

CHORUS:
Taurai zveidi taurai zveidi
Idi rakanaka

Mwari anodisa kwazvo vanotaura idi,
Anoziva vana vake vanodisa idi.

Anania naSafira vakanyepa kare,
Vakazofa pekarepo nekunyepa kwavo.

Ngatitaure zvirokwazvo, tisanyepe, kwete,
Ngatiite vanhu kwavo kutaura idi.

# Jesu 'She wakandifira

Abvise zvitadzo
Zvino ndichamutevera
Ndomutenda kwazvo

Vanhu vasati vatenda
Vakanetswa chose,
Asi zvino vabatsirwa
NaJesu Kristu 'She

Jesu 'She, ndinozvipira
Kwamuri mis'yose;
Kudenga ndichakotama
Pamberi penyu 'She

# Jesu M'ponesi muri Mwari wedi

Zvese ndezvenyu pasi nekudenga
Handina chinhuba zvese ndezvenyu
Ndiri kufara kuva muchengeti

Ndine urombo kune vamwe vanhu,
Vari mudima, havazivi Kristu,
Ndizvo ndinoda kuvabatsira,
Kuti vazive mwenje weupenyu.

Tenzi, ndinoda kupa chipo nhasi,
Chipo chekuenda kune nyika dzimwe,
Chipo cherudo, kovenekera
Vari kusungwa nezvitema zvavo.

Chipo ndinacho, chipo chakanaka,
Chipo cherudo ndinounza nhasi,
Ndoisa pasi pemuchinjiko,
Tenzi, ndapota tambirai changu.

# Mwari muri Samasimba

Makasika vanhu vese
Munoziva zviro zvese
Munowona nzvimbo dzese
Munotonga pasi pese
Munogadza vadzimambo
Ndizvo ndinomuwombera
Ndinomutya nguva dzese

Mune dendemaro renyu,
Rinogara nekugara,
Vanhu vanopera kufa
Asi imi hamuzofi;
Munogara nguva dzese,
Hamusakasikwa imi,
Hamuchazoperi imi,
Ndizvo ndinomuremedza.

Baba, tinoziva kuti
Zvinhu zvese ndezvenyu,
Tiri vachengeti vazvo,
Zvinhu zvese zvatinazvo;
Munotipa nekukohwa,
Tinopiwa zvipfumbamwe,
Basa renyu zhinji pano
Rinoitwa nechegumi.

Tisanyime zviro zvake,
Tinokomborerwa ndiye,
Hakuchina Tenzi pasi
Wakanaka kunga iye;
Ndizvo ngatimuremedze,
Ngatiunze zviro zvake,
Tidzokese zviro zvake
Kufanzisa basa rake.

# Baba tinounza zvipo

Kufambisa basa renyu
Tinounza nekufara
Takakomborerwa nemi
Tipei mwoyo yechisepe
Kune vese varasiki
Kuti mune vane nzara
Munavapa zvipo zvedu

Asi tinotenda imi,
Tinomuimbira nhasi,
Hatimbokanganwi vamwe
Vanogara mune dima;
Torai zvipo zvedu, Baba,
Tinomupa nekufara,
Tumai vafundisi nazvo,
Ngavadzidze nzira dzenyu

Zvipo zvedu zvenyamusi,
Ngazviende kuvarombo,
Ngazvitore rudo rwenyu
Kune avo vari kure;
Havazivi Jesu Kristu.
Havazivi ruponeso,
Baba, tumai izvi zvipo
Kune avo vanoshaya.

# M'ponesi wakaita mabasa misi yese

Neniwo ndinodisa kubata basa rangu
Rufaro runouya nebasa rinonetsa
Nekuti tinokudza M'ponesi wedu ndiro.

M'ponesi wakaita shamwari kune vese,
Nenivo ndinoedza kuita zvakadaro.
Kufara kubatsira varombo nevarwere
ZvoJesu akaita kuvanhu ari pasi.

M'ponesi wakaita seMubatsiri iye,
Neniwo ndinodisa kuita kunga iye.
Kuita mubatsiri weavo vanonetswa,
ZvoJesu akaita achiri pasi pano.

Jehova wakasika neropa rimwe chete,
Marudzi ese ese azere pasi pese.
Ndizvozvo ngatigare sehama zvakanaka,
Kubatsirana tese, zvoJesu akaita.

Ndizvozvo, hama dzangu, ngative vanhu kwavo,
Nekuti Tenzi wedu wakange ari kwaye.
Nepasi rinodisa vazhinji vakadaro,
Kuita basa ravo kukomborera vanhu.

# Kuita basa rake pano kusi kuda kwedu

Kumufunga misi yese kunotibatsira

Kufamba naM'ponesi wedu, kushandira vamwe,
Kuremedza zita rake, kunotibatsira.

Kufamba mune nzira iyo Jesu akafamba,
Kuda zviro zvese zvake, kunotibatsira.

Kuita rudo kune vese, kunga iye, Jesu,
Kunzwa izwi rake tsvene, kunotibatsira.

Kuziva dambudziko rake, iro risi rake,
Kutya Mwari zvirokwazvo, kunotibatsira.

Kudenga tinokuwa kwazvo, taponeswa isu,
Kune denga tinofara, nekusingaperi.

Kuita izvi zvese zvinhu, tiri pasi pano,
Tichasvika denga tsvene, iro taitirwa.

# M'ponesi ndakatsidza

Kumushandira basa
Ivai neni padyo
Mukuru ndimi Tenzi
Handityi basa renyu
Nekuti ndakotseka
O Tenzi wevaTenzi
Nditungamirireyi

Ivayi padyo neni,
Zvitadzo zvava padyo,
Ndatanderedzwa ndizvo
Munzvimbo dzese dzese;
Zviedzo zvinouya
Mashure nepamberi.
O Jesu, ndipfuweyi,
Ndivevo padyo nemi.

Ndimunzwe muri padyo
Mupfumvu dzeupenyu,
Muvevo padyo neni,
Mundibatsire Tenzi;
Neizwi renyu chete,
Taurayi ndisimbiswe,
Itayi kuda kwenyu,
Chengetayi mwoyo wangu.

M'ponesi, makatsidza
Kuvatambira vese
Vanoda Mwari Baba,
Nekumuteerera;
M'ponesi, ndakatsidza
Kumushandira chese,
O Tenzi ndibatsirei,
Kusimbiswa nemi.

# Batai mabasa aTenzi

Batai mumunda wake
Batai pamangwanani
Pane ruvheneko
Batai zvemasikati
Dima zvoraakusvika
Batai mabasa ake
Batai zvino

Batai mabasa aTenzi.
Batai nerufariso.
Batai nekukasika,
Musazononoka;
Munozofadzwa, imi
Mopihwa mubayiro,
Batai mabasa ake,
Batai zvino.

Batai mabasa aTenzi,
Sezvo mapiwa nguva,
Batai nesimba rese,
Nguva yaakupfuura;
Muchanzwa izwi rake
Rinoti, "Mazokunda."
Batai mabasa ake,
Batai zvino.

# Ngatiende vadikani

Kune munda wake Tenzi
Unodiwa wekurima
Ndisamunda wadaidza

CHORUS
Kasikai kuendayo
Kune zunde rake mambo
Enda iyo enda iyo
Kune zunde rake mambo

Jesu wati kuna Pita
"Chitevera shure kwangu,
Unozovabvuwa vanhu,"
Kubva mune dima guru.

Jesu Tenzi watiudza,
"Endai kune pasi pese,
Muchiparidzira Izwi
Kune ndudzi dzese dzese."

Zvino rava jana redu
Rekutora iri shoko
Kuna ivo vari kure,
Vasikamuzivi Tenzi.

Jesu wati, "Kumbirayi
Vapupuri kuna Ishe,
Zvokwasvika kupupura
Vashomana vapupuri."

# Baba wedu Samasimba

Taungana pano nhasi
Tiri kuda kupangana
Nemabasa enyu nhasi
Isu vachengeti vawo

Tinomukumbira zano
Rekutitungamirira,
Komborerai basa renyu
Nekurisimbisa kwazvo,
Tiritore kune vanhu.

Mwoyo yedu tazarura
Kudzidziswa nemi, Baba,
Kuti basa redu rese
Rive rakanaka kwazvo,
Nekufadza imi, Baba.

Hatina zano, Baba,
Rekuzvinakisa tega,
Tinomukumbira, Baba,
Tipeiwo nzero dzenyu
Dzekuita basa renyu

Tisakanganweba nhasi
Kutondera nguva dzese,
Kuti tiri hama dzimwe chete
Tina Baba mumwe chete
NaM'ponesi umwe chete.

# Tinotenda imi Baba

Neukama hwedu nemi
Tinomupawo zvitendo
Nero basa makatipa

CHORUS
Asi isu Baba wedu
Ngatikomborerwe nemi
Tinomupawo zvitendo
Nero basa makatipa

Tinomukumbira kuti
Tive vabatsiri venyu,
Kusimudza vanhu vedu
Nekunyararidza vese.

Kuti tine mweya wenyu
Tingaita basa renyu,
Ndizvo tinomukumbira,
Chitishandisayi, Baba.

Zvino takagadzirirwa
Kutsvakisa varasiki,
Tine nyasha nevatadzi,
Tinodisa kubatsira.

# Mwari arikudana vanhu vepasi pose

Anoti uyai mose musazononokaba
Mwari arikutsvaga mufudzi wakanaka
Anozotungamira nyenye kubva munyatwa

Mukati memaguta muzere zvinyangadzo,
Muzere nekuchema kutsvaka Muponesi.
Jehova anotsvaka vasandiri vediko,
Anobvisira vanhu majoti echitema.

Tazvinzwa Muponesi zvamuri kutaura,
Titumeyiwo tose, kubasa renyu nhasi.
Hatinaba masimba, taneta mumiviri,
Asi nesimba renyu, tinozomushandira.

# Uyai nyamusi vanhu vepasi

Madanwa zvino naTenzi M'ponesi
Ari pakati pedu nesimba
Wati uyai mese

CHORUS
Zvakanaka kuenda kumusoro
Kusongana navo vekudenga
Pamwe naJesu Kristu M'ponesi
Kogara navo iyo

Regai vacheche kuti vauye,
Ngavafarise nyamusi mumwoyo,
Ngavasarudze Mwana waMwari
SaMuponesi wavo.

Uyai, vabari, musazogare,
Songanayi nesu, tifare pamwepo,
Ngatimukudze, Mwana waMwari;
Uyayi zvino pano.

# Ndiri kufamba ndiri parwendo

Ndiri kutsvaka musha waMwari
Jesu wakati handikusiyi
Izwi raKristu harizotadzi

CHORUS
Ndiri kukwira ndiri kukwira
Kuenda kudenga kuenda kudenga
Halleluya ndiri kuimba
Ndiri kukwira kuenda kum'soro

Ndabva mudima rekusaiziva,
Zvino ndawona, Jesu ndewangu,
Ndiye rujeko, ari zvenzira,
Ndiri kukwira, kuenda kumsoro.

Asi rurimi harukwanisi
Kushumaira zviro zvemwoyo,
Ndiri kuimba pamangwanani,
Nepausiku, nemasikati.

# Ndofamba kune umwe musha

Kudenga uko
Kumusha waM'ponesi wedu
Kum'soro kuna Baba

CHORUS
Ngatiende hama dzangu
Kune denga iyo
Tofara naM'ponesi wedu
Tive vatsvene tese

Ndaneta nekutadza, hama
Ndinoda Mwari,
Nemwoyo wangu unosuva,
Nenzvimbo yangu iyo.

Ndiperekedzei pane nzira
Kudenga uko
Ndichazogara'yo narini,
Hama, uyayi mese.

NdiJesu wakaenda kare
KwaBaba wake,
Kondiwakira imba yangu,
Yakanakisa kwazvo

Handitye rufo rwangu, hama,
Ndinozomuka,
Ndinozowona mambo wangu,
Ndiye mukuru uko.

# Apo toropito yake Mwari inorira kwazvo

Inotaura kune vese kuti uyai
Tese tinobvira kuenda iyo hakusari munhu
Nemazita edu achazodaidzwa

CHORUS
Kuti ndodaidzwa ndiye
Kuti ndodaidzwa ndiye
Kuti ndodaidzwa ndiye
Kuti ndodaidzwa ndiye ndovayo

Asi hatizivi musi uyo tichadanwa naiye,
Ndizvo ngatigadzirire zvino pano
Tirindire uyo musi, tizonatsa kuenda iko,
Nemazita edu achazodaidzwa.

Ngatibate basa redu nemasimba misi yese,
Ngatitaure zvishamiso zvake zvese,
Tichiita zvakanaka kune vanhu wese wese,
Nemazita edu achazodaidwza.

Asi isu veMakristu hatizotyi kuenda iko,
Mwari ndiye Baba wedu wakanaka,
Jesu Kristu ndishamwari ndiye anotonga wese,
Nemazita edu achazodaidzwa.

# Kune rwizi rwakanaka

Rune mvura yakachena
Tichasvika iyo tese
Pamakumbo ake Kristu

CHORUS
Tichazosangana naye
Pamberi pe'rwo rwizi rwakachena
Nengirozi dzeutsvene dzake
Kukomborerwa nadzo

Pano tinogadzirira
Nzvimbo iyo yakanaka,
Tinorasa zvakaipa,
Tichitora zvakanaka.

Tiri kundoswederera
Misi yese yeupenyu,
Tichasvika gare gare
Kuti tichiedza kwazvo.

Padyo pe'rwo rwizi urwo,
Tinofamba nekufamba,
Tichifara naM'ponesi,
Uyo wakafira vese.

Ngatiende kuna Jesu,
Tinopiwa runyararo,
Tichafara nekuimba
Ndwiyo dzedu dzeupenyu.

# Pasi pano tinochema

Tinorwadzwa ndisatani
Tinoedzwa zvirokwazvo
Tichitambudzika kwazvo
Asi tinoziva kuti
Pano handi musha wedu
Tichaenda kune nyika
Kuna Baba wakanaka

CHORUS
Pano handi musha wedu
Tinoziva imwe nyika
Tinoenda nekufara
Iyo tirikudaidzwa

Takaiswa pasi pano
NdiMusiki wedu Mwari
Kuti tizogadzirira
Ne'yo nzvimbo yakanaka,
Iyo Jesu akaenda
Kofanira kugadzira,
Akatisiyira izwi,
"Ndichadzoka komutora."

Kuti tichishaya kudya
Nezvipfeko zvakanaka,
Kuti hama dzativenga,
Dzatituka zvirokwazvo,
Tine hama yakanaka,
Inopinda hama dzese,
Inogara pakudenga
Kugadzira nzvimbo yedu.

# Toenda kune musha wedu

Hatichazotadzi
Kuchema kwedu kuchapera
Tozosvika kudenga

CHORUS
Toenda'yo toenda kune denga
Toenda'yo toenda kuna Baba

Ngirozi dzinomira iko,
Dzinowona vese.
Nemwoyo yedu inodisa
Nzvimbo iyo tsvene.

Mashai takasiya ese
Na'dzo nzira dzawo.
Kutevera Muponesi
Kune musha wake.

Uyayi, vashamwari imi,
Kune musha wedu,
Tosvika zvirokwazvo iko,
Nyika yekudenga.

# Ndofamba ndofamba ndosuva kudenga

Kunyika yaTenzi isina nenhamo

Fambayi vatendi, kunyika kureyo,
Inoda vasimbi kusvika'yo nyika.

Upfumi huriyo, hakuna murombo,
Hakuna neumwe, neumwe hakuna.

Madzinza ariyo, kunyika yaTenzi,
Havachazochemi, havana rusuvo.

Vatsvene variyo, vafara zvikuru,
Vawona'yo Nyenye, Mufiri wevese

# Kune nzvimbo yakanaka

Kuchaenda vanotenda
Havachazoparadzani kuti vaayo
Tinogadzirira zvino
Kuenda iyo kwakanaka
Tinogara nekugara tisongane

CHORUS
Tisongane tisongane
Kune muti weupenyu tisongane
Apo tinotama pasi diko tinoenda iyo
Hatichapetuki hama tisongane

Pasi pano handi pedu,
Handi musha wedu kwete,
Kune musha wedu uri kumusoro;
Kwekufara nekufara,
Hakuchina dima iko,
Ngativambe kuenda iko, tisongane

Uko tinoziva zvinhu
Zvatisingazivi pano,
Tinokura mukuziva neungwaru,
Tinofambirana iko,
Tinofarirana iko,
Ngatiende iko, hama, tisongane

# Ndinowona Jesu Kristu

Pakuguma kweupenyu
Ndinowona nerufaro
Muponesi wangu

CHORUS
Ndinowona usu hwake
Hune tsitsi nechisepe
Ndinowona mbiri yake
Ndinogara naye

Zvino handingamuwoni,
Asi ndinomuda kwazvo,
Ndinoenda koomuona
Kune denga rake.

Ndinoimba nekufara
Apo ndinosvika denga;
Zvinyangadzo zvapfuura,
Kune mbiri chete.

Ndinowona usu hwake,
Ndinomutya iye chete,
Ndinomunangisa kwazvo
Ndinomunamata

# Kudenga kwakanaka kupinda pasi pano

M'ponesi wedu anogara iyo
Ari kutidaidzira kuti tizogadzirira
Nge'yo nzvimbo yedu yakanaka kwazvo

CHORUS
Tizowona M'ponesi tizomuchingamidza
Tizogara naye nekusingaperi
Tizowona M'ponesi tizomuchingamidza
Tizotonga naye nekusingaperi

Kum'soro kwakanaka, hakuna chakaipa,
Ruriyo rwizi rweupenyu iyo,
Jesu Kristu, Mambo weyo, ane dendemaro rake
Asi vanhu vese vanomuwombera.

Rugaro rwake Mwari, runotitaurira,
Runakiso rweyo rwakakomba,
Runopinda zviro zvese, runopinda kutondera,
Rwakagadzirirwa vanhu vakanaka.

Makwanza ayo ese aitwa nendarama,
Misivo yese yakanakisisa,
Ukuri ndehwemahwe, akanaka, anokosha,
Zviro zvese zvinopenya nekubaka.

Zvizhinji zvakanaka zvagadzirirwa avo
Vagara zvakanaka pasi pano,
Mwari anotida kwazvo, tinokomborerwa naye,
Ndizvo ngatigadzirire kuenda iyo

# Tondera kumusha ikoko

Kwakanaka kudenga zvikuru
Kwakazara vatsvene ikoko
Tondera kumusha ikoko

CHORUS
Ikoko ikoko
Tondera kumusha ikoko
Ikoko ikoko
Tondera kumusha ikoko

Tondera shamwari ikoko;
Dzakaenda kudenga kogara,
Dzinoimba rukudzo rwaBaba
Tondera kumusha ikoko.

Tondera ndiJesu ikoko,
Nevekwedu vagere ikoko,
Ndinoita chisuwo neiko,
Kumusha mutsvene ikoko.

Tondera vakuru ikoko,
Vakarira kuwona ndosvika,
Vanogara naJesu M'ponesi,
Tondera kumusha ikoko.

Tondera vacheche ikoko,
Vakaenda kogara naBaba,
Vanogara kugara'yo zvino,
Kupfuwa vabari vepasi.

Ndinoda kuenda ikoko
Handichadi kugara panyika,
Ndinodisa kugara naJesu.
Kumusha waBaba wevese.

# Mwoyo yenyu ngairege kuchemera vana

Mwari anodisa vana nekuvachengeta

Mwoyo yenyu ngairege kungochema chema,
Vana vese ndevaMwari, vese vanomuda.

Mwoyo yenyu ngairege kungochema chema,
Mwari anomupa vana, ndiye anotora.

Zvino munacherechedza uyu mwana wafa,
Iye watotungamira kuna Baba wedu.

Mwoyo yenyu ngairege kuchemera mwana;
Muchaenda kuna iye, kuti muchitenda.

# Kune nyika kudenga raTenzi

Nerutendo tichazoiwona
Kune musha kudenga raMwari
Nerutendo tichandokugara

CHORUS
Kwakanaka ikoko, kune musha waBaba kum'soro
Kwakanaka ikoko, kune musha waBaba kum'soro

Apo tinozofara neve'yo
Tichaimba zviimbo naivo,
Hatichazochemeri vanofa,
Asi tinofarisa zvikuru.

Tichazvipa zvitendo nembiri,
Kuna Baba naJesu kudenga,
Towonana nehama dziri'ko,
Uko kune upenyu narini.

Baba, tine urombo nyamusi
Neumweni wabviswa kunesu,
Nesu toda kuuya kunemi,
Kwakanaka kudenga kunemi

# Rudo rweavo vakatenda

Rwakanakisa zvirokwazvo
Vanozomutswa nerufaro
Vachazogara naM'ponesi

Rufo rweavo vakatenda
Ruri zambara rekudenga,
Upenyu hwavo pasi pano
Hwakatutsirwavo naMwari.

Rufo rweavo vakatenda
Runosimbisa isu tese,
Tinozogara nerufaro,
Tinozotenda Mwari wedu.

Rufo rweavo vakatenda
Runopangidza kune vese
Kuti rutendo kuna Jesu
Runoponesa kana vafa.

Rufo rweavo vakatenda
Haruna simba kuvatyisa,
Kuziva Mwari kwakanaka
Kupinda kundogara chete.

Rufo rweavo vakatenda
Rwakanyarara rwakanaka,
Vanomirira uyo musi
Tichakura nerufaro.

# Jerusarema itsva dzimbahwe rake Mwari

Tasuwa kuriwona musha weutsvene
Kugere Baba neMurumbwana
Vese navo Mweya Mtsvene

Umambo hwake Baba, mumwoyo yavatendi,
Hutonge nemasimba, hufanziswe kwese
Kunyika dzese, huvenekere
Vanhu vese pasi pano.

Tofara kuva pano kuita basa rake
Nekunzwa mazwi ake akanakisisa,
Anoti, "Uyai, garayi nhaka
Neni, munokomborerwa."

Werera mvura yedi, inwiswe mweya yedu,
Ikure zvakanaka kushandira Mwari,
Dzikayi zvino, umambo hwedi,
Mvura inopona, Kristu.

# Ndinobva kwamuri ndoenda kudenga

Ndoenda kuimba yaBaba
Mumba yavo tsvene imba yorufaro
Ndinokugadzirirai nzvimbo

Kana ndichienda, ndinozouyazve,
Handikusiyeyi muri moga;
Asi ndinozokugamuchirai ini,
Kuti mugovapowo pandiri.

Ipapo tinozogara pautsvene,
Navazhinjizhinji chokwadi;
Tinozoimbawo, tiri pamwe chete,
Tichikudza Ishe wokudenga.

Iri'zwi raMambo,riri izwi rorufaro,
Farai, vaKristu, farai!
Ishe wakaenda, asi achadzoka,
Apinze kudenga imi mose.

## Jerusarema musha wangu

Musha wakanaka
Kana ndapedza mabasa
Ndinoenda kwauri

Ndichauona, rinhiko,
Uyo musha wangu?
Une dzimba dzakanaka,
Nokudya kutsvene

Hapasisina kuipa,
Hapana nenhamu
Ndinoramba ndichienda
Kumusha mutsvene.

Ngingatye here kurwadza?
Ngingatize kufa?
Kwete, ndinenda Kenani,
Nyika yandinoda.

Vaprofita, vapostori,
Vakafira Jesu,
Varipo pamwe naKristu,
Neni ndichaenda.

Jerusarema musha wangu,
Wandinotsvakisa!
Kana ndasvika kwauri,
Ndichafara kwazvo.

# Pam'soro pakudenga

Ndavakanaka vega
Pam'soro pakudenga
Kuna vatsvene vega

Anoda kuendako,
Ngaazviteurire
Kuti agadzirirwe
Naiye Mweya Mutsvene

Jesu wakatifira
Kupedza mhosva yedu;
Dakara itsveniswe
Naiyo mweya yedu.

Kuti kana tavingwa
Norufu pano pasi,
Tirege kuzorambwa
Kuenda pakudenga.

# Imbai rudo rwaJesu

Tsitsi nengoni dzake
Mudzimba dzinopenya
Wotigadzirira nzvimbo

CHORUS
Tozosvika kudenga
Tichafara zvikurusei
Tomuona Jesu Tenzi
Tichaimba takunda

Panyika tiri vafambi
Makore okwidiba
Kana misi yazopera
Noupenyu hwapera

Ngative vanotendeka
Kuvimba misi yose
Patichazondomuona
Wotipa mubairo

Togam'chira mubayiro
Norunako rwaIshe
Masuwo achazarurwa
Tofamba pandarama

# Ndinomira paJordani

Nekunangisisa
Kunyika'yo yeKenani
Uko kune musha

CHORUS
Tichazorora kunyika iyo
Nguva shoma tichazorora
Toimba rwiyo rwaMozisi naJesu
NaJesu tichazogara

Kumapomo akanaka,
Kuriko kupenya
Uko Kristu anotonga,
Hakuchina dima

Ndichasvikako riniko
Nekukomborerwa
Nekuwona Baba wangu
Naiye kugara

Mwoyo wangu wafarira
Unoda kuenda
Handityi chinhu chouya
Ndashinga kufara.

# Uyai imi mese munodisa Tenzi

Tinoimba rwiyo rwake
Nekumira padyo
Pechigaro chake

CHORUS
Toenda kumusha
Musha waMwari kudenga
Tinoenda kuZioni
Kwakanakisa kwaMwari

Tese tinoimba tinoziva Mwari
Tiri vana vekudenga,
Tiri vana vekudenga,
Totaura idi, totaura idi

Tinofara pano nezvake zvaMwari
Tisati tasvika pano,
Tisati tasvika pano,
Musha weZion, musha weZion

Ngatiimbe kwazvo, tinorega kutya,
Totevera Immanuel,
Totevera Immanuel,
Kunyika kudenga, kunyika kudenga

# Bible dzvene ndera Mwari bhuku reupenyu

Rakanyorwa kuva rangu ndinorida kwazvo

Rangu kundikomborera ndikariverenga,
Rangu kundivenekera paupenyu hutsva.

Rangu kundinyararidza kuti ndichichema,
Rangu kundishingisa pakutambudzika.

Rangu kunditaurira nzira yekudenga,
Rangu kunditungamira kune denga dzvene.

Bible dzvene, tsamba yangu, yakapiwa ini,
Ndinoriverenga nhasi nemazuva ese.

# Mazwi akanakisa imbayi zvekuneni

Ngandione kunaka mazwi eruponeso
Mazwi akanaka anotipa zano
Akanakisa anoshamisa mazwi eruponeso

Anopiwa ndiKristu, mazwi eruponeso,
Inzwai, mese vatadzi, mazwi eruponeso,
Mazwi eupenyu, anopiwa imi,
Akanakisa, anoshamisa, mazwi eruponeso!

Inzwai, imi, mashoko, mazwi eruponeso,
Anomupa rufaro, mazwi eruponeso,
Munosunungurwa kuti muchitenda,
Akanakisa, anoshamisa, mazwi eruponeso!

# Kwese kunaka kwedenga

Kunopa mbiri kuna'She
Asi runako rwenyasha
Runopangidzwa muBible

Zuva, nyeredzi nemwedzi
Zvinopa Mwari rukudzo,
Asi chinyorwa chaTenzi
Chizere nerudo rwake.

Ngariparidzwe vangeri
Munyika dzose dzepasi,
Dakara ose marudzi
Apiwe soko raTenzi.

# Ngatifambe tese paupenyu hwedu

Tinotungamirwa nem'chinjiko wake
Kristu Tenzi wedu anoenda nesu
Fambai kune hondo fambai imi mose

CHORUS
Fambai mese fambai, ngatifambe pamwe
Tinotungamirwa nem'chinjiko wake

Toenda sehondo, Chechi tsvene yedu,
Inofamba shure kwevatsvene iyo;
Hatipandaniswi, tiri pamwe tese,
Tine rudo rumwe nerutendo rumwe.

Vanhu vachazofa nevamambo vese,
Asi Chechi yedu inokura kwazvo;
Inofanza kure kune nyika dzese,
Tinevo chitsidzo, hachitadzi kwete.

Ndizvozvo fambayi, vanhu kwavo vese,
Ngatiimbe rwiyo rwerukundo rwedu,
Mbiri nerukundo kuna Jesu Kristu,
Ndiye Mambo wedu, ndiye Mwari wedi.

# Upenyu hwenyu Tenzi

Ndinohuda zvirokwazvo
Nezvinhu zvese zvemumwoyo
Zvinohuremedza

Nechechi yenyu, Baba,
Inokosha, yakanaka,
Yamira zvino mberi kwenyu,
Chechi yenyu tsvene.

'Zvo ndakapinda umo,
Ndakawona mbiri yenyu,
Zvitadzo zvangu ndakabvuma,
Ndakasunungurwa

Ndinoda simba rangu
Kufanza basa rayo,
Ndinopa nguva yangu,
Baba, kuinamatira.

# O Jesu muri nheyo yechechi yenyu kwese

Chisikwa chenyu chitsva cheizwi renyu imi
'Zvo imi makadzika kofira chechi yenyu
Muchibva maitenga neropa rinokosha

Marudzi ese ese anoda chechi imwe
YaTenzi umwe chete nerudaviro rumwe
Muzita rinoyera obarwa patsva ese
Nekudya chidyo chimwe semhuri yenyu imwe.

Yomira zvino chechi kuwona runyararo
Mushure mebopoto rekurwa nezvitadzo,
`Po runyararo rwega rwotonga chechi yenyu,
Yakunda nhamo dzese nembiri yenyu huru.

NdiMwari muri Umwe Vatatu pamwe chete,
Munochengeta vese vatendi kuti vafa,
Dai isu tazoita sevamwe vakakunda
Tichazogara nemi seavo vanotenda.

# Mwari Baba tinotenda

Neshamwari dzinotida
Neukama hwevatendi
Vanomunamata pamwe
Isu vesangano renyu
Totakura muchinjiko
Zvipo zvedu kuna Tenzi
Nziyo dzekukudza Mwari

Hondo zhinji dzeMakristu
Dzirikusangana pamwechete
Ndudzi zhinji dzevatendi
Dzinokudza Muponesi.
Vose vanomuimbira
Dzimbo dzinofadza kwazvo,
Vose vamuwirikidza
Murumbwana anopona.

Erai nekusingaperi,
Mukotsveri weMakristu,
Tifemerei mweya wenyu
Unotipasimba idzva.
Tina Muponesi umwe;
Munatikotsvera pamwe,
Imi mune mbiri huru,
Erai nekusingaperi.

# Uyai tiimbe nyamusi

Nerudo rukuru rwaMwari
Tifare zvikurukuru
Nekuti wazotiponesa

CHORUS
Vatendi vaMwari
Vagoni vogara zvakanaka
Nekuti M'ponesi anavo
NeM'tsvene waMwari

Takabva mudaka rekare,
Togara nyamusi padombo,
Torega ubenzi hwezuro,
Todzidza ungwaru hwenhasi

Ndizvozvo hatina urombo
Seavo vasina M'ponesi,
Nekuti havana masimba,
Togona kukunda Satani

Vatendi, tinoda runako,
Hatidi kuzoparadzana,
Hatidi kugara pachedu,
Tisina rudo nevamwe.

Tinoda marudzi epasi
Kudanana nekuwadzana,
Kurega kuzorwa narini,
Kuita sevana vaMwari.

## Ukama hweuKristu

Chisungo chakanaka
Nekuti tinodana kwazvo
Takasungwa pamwe

Pamwepo toteura,
Pamwepo tinochema,
Pamwepo tinobatsirana,
Tichifarisana.

Tosuva zvikurutu
Nekupandana kwedu,
Nenyasha tichazowonana
Neumweni musi.

# Mwari anopa runyararo

Pindai mukati medu nhasi
Bvisai ushungu nekukana
Ishe unzayi runyararo

Mwari anoshamisa vose,
Shandai mabasa enyu, Baba,
Isu vatadzi tamuteterera,
Ishe, unzayi runyararo.

Mwari, Jehova, Mugondeki,
Isu tovimba nezwi renyu,
Tamukumbira nekutiwa,
Ishe, unzayi runyararo.

Vose vatsvene vekudenga
Vanokwadzana muukama,
Ishe tipeyi mweya wavo
Kuti tidise runyararo.

# Tiri vawadzani, tiri vawadzani

Mhuri yaJesu Mambo wedu
Dai tichidana dai tichidana
Hakuna usvinu kudenga

Tinoyamurana, tinoyamurana,
Vatendi vaIshe mukuru;
Tisatsaukane, tisatsaukane,
Hakuna kudaro kudenga.

Tiri hondo imwe, tiri hondo imwe,
Mbirimi dzaMambo mukuru;
Ngatimurwirei nomwoyo mumweyo,
Panzira inenda kudenga.

Ikoko kudenga pakufara kwedu
Tozotenda Mambo mukuru;
Naiwo masimba anobva kuna She,
Tinosvika nawo kwaari.

# MaKristu tiri sangano raTenzi M'ponesi

Mukati medu vatendi musava neupandu.

M'ponesi ndiye shamwari yevanomuda chose,
Kumushandira murudo kunotisunga pamwechete.

Ngatikwadzane naKristu, marudzi echitendi,
Nekushanda pamwechete tinova hama dzake.

Sanganayi naye M'ponesi, vatendi mese mese,
Nekuti munosimbiswa nekuwa padyo naye.

# Jesu wakaita tsitsi nekufira tese

Wakamuka zvemukufa kuti tiponeswe

Navo vanhu vake vese vakafira isu,
Mutirongo nekurohwa, isi mhosva yavo.

Zvino ngatigadzirire kufirawo hama
Sezvo ivo vakaita, ngatiedze tese.

Kuti tichidaro nhasi, tichifira hama;
Sezvo ivo vakatanga, tichafadza Mwari.

Zvino ivo vari pamwe naye Jesu Kristu
Vakapedza basa ravo, paupenyu pasi.

# Nerudawiro rwakasimba

Vakuru vakakunda pfumvu
Tinotendesa nero basa
Rekuchengeta izwi raShe
Nerudawiro nekushinga
Tichafirawo ruponeso

Vekare vakapinda jeri
Vakasimbira nechokwadi.
Dai vana vavo vakadisa
Kufira rudawiro rwavo.
Nerudawiro nekushinga
Tichafirawo ruponeso

Tichaparidza izwi raShe
Kundudzi dzese panyika
Dakara vasunungurwewo
Vese vabatwa nechitema.
Nerudawiro nekushinga
Tichafirawo ruponeso.

Tichapangidza rudo rwaShe
Kune shamwari nemuvengi
Tichitakura nechisepe
Shoko rerudo rwaM'ponesi.
Nerudawiro nekushinga
Tichafirawo ruponeso.

## Endai imi vanhu

Tinonzwa 'zwi raShe
Rinobva kuna Baba
Rinesu nguva dzese
Timutsiridzei isu
Neminamato yedu
Tigare munyasha
Munguva dzese

Endai imi vanhu
Bhabhatidzai vose
Muzita rake Tenzi
Nero Mwanakomana
Nero Mweya Mutsvene
Tinoda kutevera
Panzvimbo dzese pano
Mumweya nemuidi

Endai imi vanhu
Tinozogara naye
Kusvikira upenyu
Husvike kumagumo
Tinozofara kwazvo
Mumwoyo yedu yese
Tiratidzwe chisepe
Murudaviro rwedu

Endai imi vanhu
Togashira kutumwa
Tiende kune pasi
Tinemi nguva dzese
Tinozoshinga kwazvo
Mumawoko a Tenzi
Tisingazotyi mhandu
Muumambo hwedenga

# Kristu anodisa vanhu

Anodaidzira vese
Vakaipa ngavauye
Navo vasisina simba

CHORUS
Taurai vese taurai vese
Kristu anodisa vese
Taurai vese kuti vanzwe
Kristu anodisa vese

Izwi rake riri idi,
Rinogara nekugara,
Ndinonatsa kuchengeta
Mazwi ake eupenyu.

Kana uyo aine shai,
Ngaauye kuna Jesu,
Ndiye basi ane simba
Rekubvisa nemashai.

# Vabari vedu kare vakange vane nhamo

Rugaro rwatiinarwo vakanga vasinarwo

Mashoko akanaka aJesu Tenzi wedu,
Havana kunzwavoba vakafa mune dima.

Mukai vanhukadzi, Uyayi, muhwarare!
Munyasi make Mambo, mupiwe'zvo munoda.

Uyayi, vanhurume, womberai Mambo mutsva!
Anoda kumupanga mashoko ekudenga.

Mukayi, vanhu mese, rovayi matundundu!
Taribva dima guru, tawona ruponeso.

Mukayi, vana vedu, muimbe, Mambo anzwe!
Zviimbo zvekupona, nendwiyo dzekukudza.

# Inzwai mufudzi izwi rake

Arikudana vari musango
Hwai dzapera kupumhuka
Dzabva mudanga remufudzi

CHORUS
Pinzai muno pinzai muno
Vese vari mudima guru
Unzai vese unzai vese
Jesu anovada vese

Vari kuchema vari mudima,
Vari mugomo nemutsoka;
Inzwai, vatambudzika wese,
"Endai mounza vanhu vangu."

Inzwai, anondovadaidza,
"Endai motsvaka vanhu vangu,
Vakapumhuka kwese kwese,
Mondirambira here, endai."

# Dzidzisayi vadzidzisi

Imi vanhu vake
Mudzidzise izwi rake
Kune nyika dzese

Izwi rake, Tenzi, Jesu
Ngarisvike muno,
Ngarikwane nyika dzedu
Kune nzvimbo dzese.

Vadzidzisi, dzidzisayi
Vanhu vake, izwi
Ngarinzwiwe dama rake
Navo vanhu vese.

Idi rezwi rake, Jesu
Ngarisvike kure
Kune nyika dzese dzese,
Ngarifanze iyo.

Hunde, nyika dziri kure
Ngadzizive iro,
Dzitarire kunaJesu
Dzichitenda iye.

# O Mwari wemasimba naBaba wakanaka

Tumayi izwi renyu kukunda nyika dzese
Vhangeri ngarifanze kutenderedza pasi
Kunzvimbo dzese dzese kundudzi dzese dzese

Fambayi, imi mese, mubate basa guru
RaMwari, Baba wedu, mutungamiri wedu;
Fambayi muparidze mashoko aM'ponesi,
Hamuzotyiswi, kwete, `zvo Mwari ainemi.

# Panyika dziri kure

Kuchando zvirokwazvo
Nenyika dziri padyo
Kupisa basi basi
Panyika dzemakomo
Nedzimwe dzemikana
Vanoti "Uyai hama
Tinoda Mwari wenyu."

Jehova wakanaka
Kudisa vanhu vese,
Anopa mvura yavo
Nezuva nezvekudya,
Nezvisimiro zvavo
Nenyama pamakomo
Vapiwa izvi zvese;
Havamutendi, Mwari.

Makristu, tiri pano,
Taziva ruponeso,
Tonyima ivo here,
Upenyu hwedu hutsva?
Mashoko akanaka,
Ngaatumwe kune vese
Dakara vanhu vese
Vazive Mwari wedi.

Mabasa edu tese
Kugara zvakanaka
Nekubatsira avo
Vasikazivi Mwari,
Dakara Jesu Kristu
Adzikezve panyika,
Kutonga vanhu vese,
Kuita Mambo wedu.

# Kwese kwese tinowona

Vanhu havazivi Kristu
Vakarasikirwa diko
Vanotadza Muponesi

CHORUS
Mwari wedu wemasimba
Tinzwei tinomukumbira
Tumai vafundisi kwese
Kune nyika ine dima

Vatumeyi mangwanani,
Vatumeyi masikati,
Vatumeyi pamauro,
Kune misha yese yaro.

Asi isu, Baba wedu,
Tine basa rekuita,
Tine hama neshamwari,
Titumeyi kuna ivo.

# Muzunde renyu Baba

Mune basa rekuita
Vanhu havazivi imi
Vanogara mune dima
Havazivi nzira tsvene
Havazivi Jesu Kristu
Murumbwana wenyu chete
Havazivi rudo rwenyu.

CHORUS
Ndiri pano Tenzi nditumeyi
Kune avo vanoshaya
Ndiri pano nditumeyi
Kune avo vanoshaya

Ndiri pano, nditumeyi
Kune avo vanoshaya,
Mudikani, Tenzi wangu,
Shoko renyu ndingatora;
Kana vanhu vandivenga
Sezvo imi makavengwa,
Kuti muchindituma'yo
Ndingafara kushandira.

Taurai, Tenzi, shoko renyu,
Taurai, Tenzi, ndiri kunzwa,
Kuda kwenyu ngakuitwe
Sezvo munondiudzira,
Ndiudzirei mazwi enyu
Kuti ndipe kune vanhu,
Ndiudzirei mazwi enyu,
Enyu chete, Tenzi wangu.

Kuti muchienda neni,
Kuti muchindisimbisa,
Handizotyi madambudzo
Kana basa richikonja;
Makatsidza kuva neni
Kuti ndichigara nemi;
Munamato wangu ndiwo,
"Ndiri pano, nditumeyi."

# Kuedza kwazosvika

Kwadzinga dima rese
Vamuka vanhu vese
Kudzidza Jesu Kristu
Masoko akanaka
Ouya misi yese
Ekuti vanhu vese
Vanoda vafundisi

Wonayi vanhu vedu
Vakuteura zvino,
Nevamwe vari kure
Vakuwombera Jesu;
Vapwere vakuimba
Zviimbo zvakanaka,
Vavakuita basa
RaMwari, Baba wedu.

Wonayi vavazhinji
Vanoda kudzidziswa,
Kufamba mune nzira
Yevanhu vakanaka;
Majaha nemandara
Vanoda ruponeso,
Vababa nevamai
Vanoda nzira itsva

Rwasvika ruponeso
RwaMwari nyika dzese,
Rwofanza kure-kure
Kundudzi dzese dzese,
Tapota imi, Baba,
Pamsana pake Jesu,
Kuvaponesa avo
Vagere mune dima.

# Zadzisa chirevo chenyu

Mwari Ishe wechokwadi
Ose marudzi enyika
Ngaawone ruponeso

Namabvi kuneyi nyika
Ngaapfugame panemi
Dzidzamare dzose ndimi
Dzireve ukuru hwenyu.

Tongai, Jesu tongai!
Rwouya nemi rufaro;
Nezvikanganiso zvedu
Yatadzika yose nyika.

Tarirai nyika yedu,
Regarerai zvitadzo;
Ishe musatitsamwire
Isingafe mhuri yayo.

Rambai She, tisazvidze
Zvidzidzo zvezwi renyu;
Mutimutsirire Baba,
Tigonzwa chokwadi chenyu.

## NdiJesu achazova 'She

Achazokudzwa posezve
Zuva parinopota'po
Navanhu vose vosewo

Anosipirwa iye She;
Anosikudzwa pose'ye;
Rumbidza inokwirawo
Soutsi paArtari'po

Vendudzi dzose, chimukai,
Kuna She wenyu chigarai!
Vedenga, nemi chiimbai!
Venyikawo, chibvumirai!

# Baba makatipa uyu mwana

Tinotenda tinofara kwazvo
Tinomuremedza imi chete
Tiomupa kuva mwana wenyu

Tinomuda kuti amukudze,
Amuteerere nguva dzese,
Abatsire avo vanoshaya,
Ave munhu wakanaka kwazvo.

Baba wedu, tinomukumbira
Kuti mweya wake uchiramba
Uchikura kufanana nemi,
Achizobatsira vanhu vedu.

Baba, mumupewo zano guru,
Kuti ashandire chechi yenyu,
Chechi izokura zvakanaka,
Vanhu venyu vachizoponeswa.

# Nemwana uyo tapiwa

Tinopa Mwari kutenda
Sangano redu nyamusi
Rinomukudza Jehovha

Tounza zvino kwamuri
Kamwana kedu kacheche,
Kapeyi runako rwenyu,
Takukumbirai Jehova.

Tinodawo kunyorowa
Kwemwana wese mucheche,
`Zvo imi muchikosherwa
Nekunyorowa kwakadai.

# Izvo ndinouya pano

Kune chidyo chaM'ponesi
Mwoyo wangu unotenda
Kuti Jesu ndiye Mwari

Rudo rwake rwakakomba,
Wakasiya Baba wake,
Akauya pasi pano,
Kunditora kune denga.

Jesu wakawona nyika,
Saka azondiponesa,
Jesu wakandidireyi?
Handinakunaka ini

Dai ndiine zviro zvese,
Izvi zvipo hazvikwani,
Ndinomupa mwoyo wangu
Nemuviri neupenyu.

# Nhasi tinofara kwazvo kutambira vamwe

Vanoenda nesu tese kune denga dzvene

Tisakundwa naSatani, tina Mwari wedi
Anotifemera simba rekukunda ndiro.

Ngirozi dzinofara kumukudza Jesu,
Nesu apo tichasvika tichazomukudza.

Tisaneta kukumbira Baba wekudenga,
Muchengeti wedu tese, Mupi wemasimba.

Vangeri ngarifanze, tinomukumbira,
Risvikire vanhu vese vari pasi pese.

# Tenzi takavaka imba yenyu

Nzvimbo umo tinomuwombera
Takafara kuvakira imi
Komborerai Tenzi basa redu

Isu tese takabatsirana
Kuivaka, vamwe nemakavi
Mari, uswa, mvura, mabwe;
Komborerai, Tenzi, basa redu.

Ngarikudzwe zita renyu muno,
Ngatidzidze nzira dzenyu, Baba,
Kuti tichiite kuda kwenyu;
Komborerai, Tenzi, basa redu.

Tamuteta, Mwari wekudenga,
Vana vedu ngavadzidze muno,
Rudo, nduramisa, runyararo;
Komborerai, Tenzi, basa redu

Nhasi tinopira iyi imba
Kushandira basa renyu pano,
Namakore achauya, Baba;
Komborerai, Tenzi, basa redu.

# Kare Mwari wakasika

Murume nemukadzi wake
Vese vanga vakanaka
Apo vakasikwa ndiye
Mwari anokohomedza
Kuti vanhu vatinhidzwe
Ngavasiye baba, mai
Vatorane nekudana

Iri jaha nemhandara
Vanouya kutinhidzwa,
Kuva murume nemukadzi,
Semutemo wenyu, Baba,
Ndizvo tinomukumbira,
Vaiteyi nyama imwe,
Ngavapiwe mwoyo umwe
Kuti vazobatsirana.

Vabatsirei mumba mavo
Muupenyu hwavo hutsva,
Venekerai mwoyo yavo
Nekuvatungamirira;
Ngavapiwe simba zvino
Vaifambe nzira yenyu,
Misi yese yeupenyu,
Mwari, Baba, Mubatsiri.

# Tenzi werudo wakaruramisa

Tomukumbira nekuzvirereka
Sungai nerudo ava vashamwari
Vadane muupenyu hwavo hwese

Vadzidzisei kukoya nemi chete,
Imi manyuko eupenyu hwavo,
Muvape rudo nerushingo zvese,
Vazotiwira mumatambudziko.

Vapei rufaro mukusuwa kwavo,
Munhamo vapei kushinga kwemwoyo,
Vachengetei semhuri yechiKristu
Dakara vasvike denga dzvene.

# Ngatikudze Mwari Baba tichitenda tese

Wakatipa gore idzva, wakatichengeta

Wakatichengeta, iye, gore rakapfuura,
Tese tiri mberi kwake nezvipiko zvedu.

Tinomutunhidza zvino nemabasa edu,
Zvakaipa tiregere, izvo takaita.

Ngatirinde, tinamate, gore rinouya,
Kuti tese tisatadze kuna Mwari wedu.

Tondera Mwari Baba nguva dzese dzese
Mutipewo gore kwaro, rakanakisisa.

# Tiri pano pamwe tese

Tachengetwa gore rino
Ngatikudze Mwari wedu
NaM'ponesi wedu'zve

Gore rakatipfuura,
Takawona madambudzo,
Asi takapihwa simba,
Hatisakakundwaba.

Ndiye Mwari wakanaka
Wakatiponesa tese,
Tinondongwarirwa naye,
Takasviswa naye'She.

Ndizvo ngatitaurirane,
Nyasha dzake dzinokwana,
Idzo dzinotiponesa
Kuti tisatadze zve.

Basa rake ngatibate,
Tisaneta kuribata,
Ngatitsidzirane nhasi,
Tisasiya Mwari ba.

Tese tinofarisana
Kuwonana usu hwedu,
Tiri pamwe tese zvino,
Nevakuru veduzve.

Vamwe vedu vakatorwa,
Basa ravo rakapera,
Zvino vanowona Mwari,
Vanowona Jesu zve.

# Mwari makatipa pasi

Kuti timbogara pano
Makatipazve nemombe
Dzekurima minda yedu

CHORUS
Ndinotenda kuna Baba
Ndinotenda kuna Baba
Ndinotenda kuna Baba
Ndinotenda nemasimba

Tinoda kumufadza nhasi
Nekuita nzira dzenyu,
Semupiro waEberi,
Wakamufadzisa mwoyo.

Takabata mumavoko
Zvipo zvedu zvekumupa,
Tozvidzora kwamuri,
Izvo makasombotipa.

Tinoenda kumba dzedu,
Ngatikomborerwe nemi,
Mwoyo yedu ngaizadzwe
Nekusimbiswa nemi.

# Imbai nziyo mukudzei

Mambo wedu M'tsvene
Ane ngoni Ishe
Mugondeki narini

Munaisi wemvura
Anokudza mbeu,
Ane ngoni, Ishe,
Mugondeki narini.

Anozadza matura
Pakukohwa kwedu,
Ane ngoni, Ishe,
Mugondeki narini.

Pasi pose mukudzei;
Anotipa pfuma.
Wirikidzai Ishe,
Umwe ari vatatu

# Tinochengeta minda O tichifunga Jesu

Runako, donzo zvake O zvinotifemera
Munopira'yi minda seakafamba Tenzi
Nekushandira pamwe kuita basa rake

Upenyu hwevatendi hunounza rufaro
Tokura sevabanzi vanoshandira pamwe.
Mazuva ese Mwari mabasa anotipa,
Nekwese kwatinako tinofanzisa izwi.

Mumweya tinokura sembesa dzemuminda,
Kuwanda kwemichero umambo hwake, Tenzi,
Makore nemakore manyuko haaperi
Ezvipo zvake Baba rufaro zvinotipa.

Ndizvozvo basa redu remisi yese, Mwari,
Rinotsveneswa kwazvo, naMwari Samasimba,
Muminda yake Tenzi ivayi nevarimi,
Munyika muno chechi inosimba nekusimba.

# Vamai vakauya nevana kunaJesu

Vachida kuti vana vavo vazokomborerwe
Vadzidzi vakavarambidza
Vakarambidza kuti
"Musauya pano nevana kwaTenzi."

M'ponesi wevese haasakafadzwa ndizvo,
Wakati kune vataveri nechisepe chake,
"Musazodzivisa vadzimai,
Ndinodisa vana vese,
Ngavauye pano vapwere kuneni."

M'ponesi wakati, "Ndinoda vana vese,
Nekuti vakawanda iyo kune denga rangu;
Umambo hwangu hwekudenga
Nehwevakadaro vese,
Ngavauye pano vapwere kuneni."

Vapwere vazhinji vagere mune dima,
Vasikazivi Mwari wedi naM'ponesi wavo,
Tofara kutumira ivo
Shoko raM'ponesi wedu,
"Ngavauye pano vapwere kuneni."

Tofara zvikuru kuwona vana vese,
Vapiwa kuna Baba wedu naM'ponesi wavo,
Ndizvozvo ngativawombeke,
Nekuvapavo mazita,
"Ngavauye pano vapwere kuneni."

# Taurirayi vana vose

Nebasa raJehovha
Nezvishamisso zvake zvose
Panyika nekudenga

Taurirayi vana vose
Neuchenjeri hwake,
Nerudo rwake rwakakomba
Kunesu vanhu vake.

Ngavadzidziswe kumukudza
Musiki, Samasimba,
Vamutondere nguva dzose,
Mukuru kune vose.

Ngaritakurwe iri shoko
Rifanze pasi pose,
Vazogashire iyi nyaya
Vapwere vamangwana.

# Tiri pano Baba kuimbira imi

Nekumukumbira hushamwari hwenyu
Hatigoni Baba kumuteerera
Ndizvo tinodisa mwoyo mitsva Baba

Kuti kune pfumvu, tinomukumbira,
Baba, tipfuweyi, tisatorwe, kwete;
Dzidzisayi isu nzira dzakanaka,
Nekutsawukira nzira dzakashata.

Ngatikure, Baba, sezvo munodisa,
Ndizvo tinozova vanhu vakanaka;
Tichengetei, Baba, ese'ya makore,
Tizosvika unhu, tichimushandira.

## Zano chiro chakanaka

Tese tinorida kwazvo
Zano haritengwi kwete
Riri chipo chaJehovha

CHORUS
Zano ndega zano ndega
Zano ndega wemwanawe
Zano ndega wakatadza
Zano pangwa naJehovha

Izwi rake rine zano
Kusimudza vanhu vese,
Riri simba remarudzi,
Riri idi remakore.

Ne'ro zano tine simba
Rekuita zvakanaka,
Asi rinouya basi
Kune avo vanomuda.

Soromoni wakarida,
Akarikumbira Mwari,
Ndizvo Mwari wakamupa
Zano, pfuma, nerukudzo.

Apo tinoshaya zano
Ngatiuye kuna iye,
Uyo ane rakakwana
Kupa, kune vanhu vese.

# Mwari komborera Africa

Ngarisimudzirwe zita rayo
Inzwai miteuro yedu
Mwari komborerai
Isu mhuri yayo

CHORUS
Uyai Mweya,
uyai uyai uyai
Uyai Mweya,
uyai mweya komborerai
Uyai Mweya, Mweya weutsvene
Mwari komborerai
Isu mhuri yayo

# Mwari tumayi vashandi

Vanonzwa mwoyo kupisa
Nekuda kushandira Tenzi
Nekusimudzira nyika

Mwari tumayi vatongi
Munguva dzese dzebopoto
Vanosimbira kushandisa
Mitemo yaMuponesi.

Mwari tumai vatongi
Vane rushingo rukuru,
Vakatiwira vakamira
Paidi 'rovanoziva.

Mwari tumayi vatongi,
Vatungamiri vevanhu
Vanoshandira nyika yavo
Nenzira yakarurama.

# Apo tinofamba muizwi raBaba

Imbirai toona munzira
Kuti tinomuda nesu anogara
Vese vanomuteerera

CHORUS
Kuteerera
Ndiyo chete nzira
Kufara kuna Jesu
Asi kuteerera

Hakuna urombo, hunotitambudza,
Asi Jesu anohudzinga
Kana kupokana, misodzi nekutya,
Hazvigari nekusimbira

Hakuna mutoro, hakuna urombo,
Asi anotidzokesera
Hakuna kushaya, kana kutambudzwa,
Tinowana nekusimbira

Asi hatiwone, kufara kwerudo,
Dakara zvese tinomupa;
Nekuti anopa, kufara nerudo,
Kuna ivo vanosimbira.

Ndizvo pamwe tese, tinogara naye,
Kana kufamba naye m'nzira;
Isu tichaita, mazwi ake ese,
Kuterera nekusimbira.

# Jesu anondida Bible rinodaro

Vana vanomuda Jesu anovada

CHORUS
Jesu anoda, Jesu anoda
Jesu anoda, anoda tese

Jesu anondida, wakasiya denga,
Akadzika pasi, kuponesa ini.

Jesu anondida, akazarurira
Nzira yekudenga, kuti ndizopinde

Jesu anondida, anofamba neni,
Kuti ndikamuda, anozonditora.

# Vapwere vakanaka vapiwa basa ravo

Vapiwa naM'ponesi, shamwari yavo kwayo
Anoda kuti vana vanojekesa pasi
Kuvenekera misha, kufadza vanhu vese

CHORUS
Toimba nziyo dzedu
Togara zvakanaka
Kufadza madzibaba
Nekuda vadzimai

Rujeko rwevabereki rwatuma pasi pano
Kudzinga dima rese, nekusainzwanazve;
Kutungamira vese murudo nerufaro,
Nekuwonesa nzira kumusoro kune denga.

Jehova wakadisa vakuru pasi pano,
Watuma isu vana kufadza mwoyo yavo;
Takabva kune denga, panzvimbo yakanaka,
Tinova nemashoko, nebasa rakanaka.

## Tenzi nhasi uno tiri pano isu

Vana venyu, Baba, nayo mwoyo yedu.

Nhasi izororo, hatibati basa,
Tinomucherechedza, tichimuremedza.

Nhasi musi wenyu wakanaka kwazvo,
Musi wekuita basa rechisepe.

Tinomuimbira nziyo dzekukudza
Imi Baba wedu, ndizvo tiri pano.

# Apo Jesu anouya kotora varume

Anotora vakanaka, avo vanomuda.

Chorus
Vanhu vake vatsvene
Vasina zvitema,
Vanoenda kudenga
Kogara naJesu.

Apo Jesu anouya kutora vakadzi,
Anotora vakanaka, avo vanomuda.

Apo Jesu anouya kutora vacheche,
Anotora vakanaka, avo vanomuda.

Vana vake pasi pano, huyayi kwaari,
Anomuda zvinopano nerudo rukuru.

Ngatiedze misi yese kufadza M'ponesi,
Tizotorwa ndiye Jesu kudenga kutsvene.

## Apo ndonzwa nenyaya yakanakisa

Izvo Jesu akange ari pasi
Wakadaidza vana vese sehwai dziri dzake
Ndinodisa kuvapo navo vese

Dai mawoko aJesu akandibata,
Dai Jesu akandigumbatira,
Nekuwona usu hwake, achiti kune vese,
Regai vana vauyewo kuneni.

Asi nhasi ndoenda kundonamata naye,
Kukumbirawo rudo nechisepe,
Kuti ndichimutsvakisa ndiri pasi pano zvino,
Ndinoziva'zvo ndichazomuwona.

# Tine chipo chakakomba

Chatakapiwa iyesu
Takapiwa naJehovha
Icho chipo chatiinacho

Chakakomba icho chipo,
Kwavari vakachiwana;
Vanochida kwazvo icho,
Pam'soro pezvinhu zvose.

Chine simba icho chipo
Kwavari vakachiwana;
Choupenyu icho chipo,
Kwavari vakagam'chira.

Icho chipo ndiye Jesu
Chatakapiwa iyesu;
Ndiye chipo chakakomba
Kwavari vanomutenda

Tinomutenda Jehova,
Naicho chipo chikuru;
Tomutenda Mwari oga,
Nokutipa Mwana wake.

# Jesu Tenzi abarwa, abarwa

Akarara mudanga
Tinoda kumuimbira
Tinoda kumuremedza
Mambo wedu abarwa
Ngatiridze mhururu

Mai wake Maria, Maria,
Anofara nemwana.
Zvino toridza mhururu
Kutambira mwana mutsva.
Vana vese farayi,
Yazobarwa shamwari.

# M'ponesi Adzika Pasi

Akavawo munhu seni,
Akaona dambudziko
Riri panyika pano

Achirerwa naMai wake
Semwana wezera diki,
Akadzidza muitiro
Unofadza Jehova.

Muponesi akadzidza
Kunamata Baba wake,
Akaverenga chinyorwa,
Chido chaBaba wake.

M'ponesi agere nesu
Akaita zvishamiso,
Akafambidzana nesu
Sevashamwari vake.

Takadzidziswa naTenzi
Kushanda basa pamwechete,
Kuda vabanzi sehama,
Nekufadza Jehova.

# Amen, Amen.

Amen, Amen.
Amen, Amen.
Amen, Amen.
Amen, Amen
Amen.